R. M. Darmasto anggènipun asring ningali punika punapa saking pantji kagungan dhasar kasenian¹⁴⁸? O, boten! Boten! Nanging tudjuwanipun¹⁴⁹ sanès. Inggang baku¹⁵⁰, namung remen dhateng wawangipun Mardi-Budaja, kasengseming¹⁵¹ dhateng sripanggungipun ingkang pantjèn sulistya rupinipun¹⁵², tur¹⁵³ dhasar taksih prawan¹⁵⁴ pisan, nedheng-nedhengipun¹⁵⁵ diwasa¹⁵⁶, ingkang saben-saben main wonten ngriku, dados rolipun¹⁵⁷.

Menggah sripanggung wau, namnipun Sumirah, ingkang dipun gelar¹⁵⁸ nami: Mas¹⁵⁹ Adjeng¹⁶⁰ Kupu.¹⁶¹ Awit manawi pinudju mbeksa, saged kekiter¹⁶² kados kupu sajektos, damel tjingakipun¹⁶³ ingkang sami ningali. Djogèdipun¹⁶⁴, saé, lemes¹⁶⁵, luwes¹⁶⁶, prigel¹⁶⁷. Manawi sampun kekiter, kathah tijang ingkang gawok¹⁶⁸ awit kados-kados¹⁶⁹ anggènipun ndjogèd wau, kados boten ngambah¹⁷⁰ siti¹⁷¹, nanging kados kupu saèstu.

Sumirah laré saking Bekonang, laré dusun¹⁷² kémawon, tijang sepuhipun¹⁷² sedaja sampun pedjah¹⁷³. Sarat-sarat¹⁷⁴ dados wajang ringgit tijang inggih gadhah sedaja, inggih punika: 1. Djogèdipun saé, 2. Swantenipun angsal¹⁷⁵. Rupinipun pantji saé, aju, dedegipun¹⁷⁶ lentjir¹⁷⁷, pakulitan¹⁷⁸ kuning nemu giring¹⁷⁹, mripat blalak-blalak¹⁸⁰,

¹⁴⁸ Wörtl. Übersetzung: hatte es wirklich einen künstlerischen Grund, daß R. M. Darmasto so oft zuschaute?; kagungan K. I. = duwé / gadhah — ¹⁴⁹ tudjuwan (malaiisch) Ziel — ¹⁵⁰ baku Hauptsache, Grundlage, Fundament — ¹⁵¹ sengsem betört, bezaubert — ¹⁵² rupa / rupi Aussehen — ¹⁵³ tur aber, außerdem — ¹⁵⁴ prawan Jungfrau, Mädchen — ¹⁵⁵ nedheng-nedheng (sedheng) gerade, eben erst — ¹⁵⁶ diwasa erwachsen — ¹⁵⁷ rol (niederl.) Rolle — ¹⁵⁸ gelar Titel, Zuname; nggelari jmd. einen Titel geben — ¹⁵⁹ Mas djawanischer Adelstitel, etwa Baron, Baronin — ¹⁶⁰ aju / adjeng schön (Frau); Mas Adjeng Anrede für eine djawanische Adlige — ¹⁶¹ kupu Schmetterling — ¹⁶² kiter sich bewegen; kekiter sich hin- und herbewegen — ¹⁶³ tjingak verblüfft — ¹⁶⁴ ndjogèd (djogèd) tanzen — ¹⁶⁵ lemes geschmeidig — ¹⁶⁶ luwes ungezwungen, frei — ¹⁶⁷ prigel behend — ¹⁶⁸ gawok erstaunt — ¹⁶⁹ kaja-kaja / kados-kados als ob, wie wenn — ¹⁷⁰ ngambah (ambah) betreten, treten auf — ¹⁷¹ lemah / siti Erde — ¹⁷² wong twa / tijang sepuh Eltern — ¹⁷³ mati / pedjah tot — ¹⁷⁴ sarat Bedingung, Voraussetzung — ¹⁷⁵ olèh / angsal hier: annehmbar — ¹⁷⁶ dedeg Statur, Figur, vgl. adeg stehen — ¹⁷⁷ lentjir schlank — ¹⁷⁸ kulit Haut — ¹⁷⁹ temu giring Gelbwurz (Kurkuma); nemu giring kurkumagelb sein — ¹⁸⁰ blalak-blalak groß und klar (Auge)

irung mbangir¹⁸¹, lambé¹⁸² alit tur manis¹⁸³, ketingal¹⁸⁴ abrit manda-manda¹⁸⁵.

Sanès abriting lippenstip¹⁸⁶, nanging pantjèn abrit saking kodrat¹⁸⁷ alam. Pipi¹⁸⁸ ramping¹⁸⁹, rambut¹⁹⁰ pandjang menges-menges¹⁹¹. Ajunipun ngantos ngawonaken¹⁹² sedaja wajang¹⁹³ ringgit tijang Mardi Budaja. Manawi tijang boten mangertos¹⁹⁴, dipun kinten¹⁹⁵ jèn Mas Adjeng Kupu wau taksih turuning¹⁹⁶ prijantun, awit rupinipun pantji boten mantra-mantra¹⁹⁷ kados rupinipun tijang dusun. Saja manawi pinudju saweg mbeksa, djogèd Srimpi¹⁹⁸, sedaja tijang sami tjingak, sumerep¹⁹⁹ dhateng badanipun²⁰⁰ ingkang alus²⁰¹, lumer²⁰², kèwes²⁰³, luwes, gandes²⁰⁴, wonten manah²⁰⁵ damel nggrantes.²⁰⁶

Potonganing²⁰⁷ badanipun saé, alit, weweg²⁰⁸. Kathah sanget para tamu-tamu ingkang sami nandhang kasmaran²⁰⁹, gandrung-gandrung kaping²¹⁰ kalijan Wara²¹¹ Sumirah, utawi Mas Adjeng Kupu, ingkang manawi tjinandra²¹² wonten ing pawajanganipun²¹³, kados Dèwi²¹⁴ Tjitrawati, garwanipun²¹⁵ Prabu²¹⁶ Ardjunasasrabau ing Maèspati.

Ing antawisipun²¹⁷ para tamu-tamu ingkang sami nandhang kasmaran wau, inggih klebet²¹⁸ R. M. Darmasto pijambak, ingkang

¹⁸¹ *mbangir* schlank (Nase) — ¹⁸² *lambé* Lippe — ¹⁸³ *manis* süß, hübsch — ¹⁸⁴ *katon / ketingal* aussehen — ¹⁸⁵ *manda-manda* sanft, hell (Farbe) — ¹⁸⁶ *lippenstip* (niederl.) Lippenstift — ¹⁸⁷ *kodrat* Wille, Macht — ¹⁸⁸ *pipi* Wangen — ¹⁸⁹ *ramping* fein, zart — ¹⁹⁰ *rambut* Haar — ¹⁹¹ *menges-menges* rabenschwarz — ¹⁹² *ngalahaké / ngawonaken* besiegen, übertreffen — ¹⁹³ *wajang* hier: Wajang-Schauspieler — ¹⁹⁴ *mangerti / mangertos* wissen — ¹⁹⁵ *kira / kinten* vermuten — ¹⁹⁶ *turun* (malaiisch) Abstammung — ¹⁹⁷ *ora / boten mantra-mantra* nicht so wie — ¹⁹⁸ *srimpi* djawanischer Tanz für 4 oder 5 Frauen — ¹⁹⁹ *weruh / sumerep* sehen — ²⁰⁰ *awak / badan* Körper — ²⁰¹ *alus* fein, zart — ²⁰² *lumer* glatt — ²⁰³ *kèwes* graziös — ²⁰⁴ *gandes* reizend, graziös — ²⁰⁵ *ati / manah* Herz — ²⁰⁶ *nggrantes* wehklagen, bekümmert sein — ²⁰⁷ *motong* (potong) schneiden; *potongan* Schnitt, Form — ²⁰⁸ *weweg* gerundet (Körperform einer Frau) — ²⁰⁹ *asmara* Liebe; *kasmaran* verliebt, liebestoll — ²¹⁰ *kaping* verlangen nach — ²¹¹ *wara* Adlige, Prinzessin — ²¹² *tjandra* Gleichnis; *tjinandra* (Passivfix -in-) in Gleichnissen sprechen — ²¹³ *pawajangan* Wajang-Theater — ²¹⁴ *dèwi* Göttin — ²¹⁵ *garwa* K. I. Gattin — ²¹⁶ *prabu* König — ²¹⁷ *ing antarané / ing antawisipun* unter, zwischen — ²¹⁸ *klebu / klebet* gehören zu

saben dalu mesthi²¹⁹ merlokaken²²⁰ ningali. R. M. Darmasto punika putranipun²²¹ R. M.²²² Ngabèi Darsohandojo, satunggiling prijantun luhur, taksih darahing kusuma²²³, rembesing madu²²⁴, trahing andana warih²²⁵. Satunggiling prijantun luhur ingkang sampun kaloka²²⁶ ahli²²⁷ kasusastran²²⁸ ananging taksih kukuh²²⁹ sanget njepengi²³⁰ adat²³¹ tata²³² tjara²³³ djaman kina²³⁴, sarta taksih ngukuhi²³⁵ sanget kaningratanipun²³⁶. Dados gèsèh²³⁷ sanget kalijan putranipun ingkang namung satunggal punika. R. M. Darmasto, ingkang sampun klebet laré modèren²³⁸, manut²³⁹ dhateng éwah-éwahaning²⁴⁰ djaman, mila antawising rama²⁴¹ kalijan putra sok²⁴² sami gèsèh pamanggih²⁴³.

R. M. Ngabèi Darsohandojo inggih sampun priksa²⁴⁴, manawi²⁴⁵ putranipun punika remen sanget ningali dhateng ringgit tijang Mardi Budaja, lan mangertos manawi putranipun wau saweg anggadhahi²⁴⁶ sir-siran²⁴⁷ kalijan sripanggungipun Mardi Budaja, ingkang kabari-ipun²⁴⁸ saé tur aju. R. M. Darmasto sering²⁴⁹ dipun ngendikani²⁵⁰ kathah-kathah, ingkang wosipun²⁵¹ boten marengaken²⁵² ningali, awit R. M. Darmasto badhé dipun pikramèkaken²⁵³ kalijan R. Adjeng Hardijah, putranipun. R. T. Tjiptokusumo, ingkang taksih kapernah²⁵⁴

²¹⁹ *mesthi* unbedingt — ²²⁰ *merlokaké / merlokaken* (perlu) benötigen, müssen — ²²¹ *putra* K. I. = *anak* — ²²² *R. M.* = *Raden Mas* djawanischer Adelstitel — ²²³ *kusuma* (altdjaw.) *adlig* — ²²⁴ *rembesing madu* (altdjaw.) von adliger Abkunft — ²²⁵ *andana warih* (altdjaw.) von ritterlicher Abkunft — ²²⁶ *kaloka* (altdjaw.) berühmt — ²²⁷ *ahli* Sachverständiger, Fachmann, Spezialist — ²²⁸ *susastra* Literatur — ²²⁹ *kukuh* fest — ²³⁰ *njekeli / njepengi* (*tjekel / tjepeng*) festhalten an — ²³¹ *adat* Sitten und Bräuche — ²³² *tata* Ordnung — ²³³ *tjara* Art und Weise; *tata tjara* Lebensweise — ²³⁴ *kuna / kina* alt, antik, konservativ — ²³⁵ *ngukuhi* (*kukuh*) sich klammern an — ²³⁶ *ningrat* Adelswürde — ²³⁷ *gèsèh* uneinig — ²³⁸ *modèren* (niederl.) modern — ²³⁹ *manut* entsprechend, gemäß — ²⁴⁰ *owahan / éwahan* Veränderung — ²⁴¹ *rama* K. I. = *bapak* — ²⁴² *sok* einmal, *gelegentlich — ²⁴³ *panemu / pamanggih* (*temu / panggih*) Meinung, Auffassung — ²⁴⁴ *priksa* K. I. = *weruh / sumerep* — ²⁴⁵ *manawa / manawi* hier: daß — ²⁴⁶ *anggadhahi* = *nggadhahi* — ²⁴⁷ *sir* Absicht — ²⁴⁸ *kabar* Nachricht, Gerücht; *kabaré / kabari-ipun* man sagt — ²⁴⁹ *sering* oft — ²⁵⁰ *ngendikani* (*andika*) K. I. erzählen, mitteilen — ²⁵¹ *wos* Kern; *wosé / wosipun* im wesentlichen — ²⁵² *marengaken* (*pareng*) K. I. gestatten — ²⁵³ *mikramèkaken* K. I. = *ngomah-omahaké* verheiraten — ²⁵⁴ *kapernah* in verwandtschaftlichen Beziehungen stehen

nak-dhèrèkipun²⁵⁵ pijambak, tunggil darahipun. Nanging R. M. Darmasto tansah mopo²⁵⁶ kémawon dhateng kersanipun²⁵⁷ keng²⁵⁸ rama wau, sengadi²⁵⁹ jèn dèrèng remen émah-émah. R. M. Darmasto pijambak sedjatosipun boten remen dhateng pilihanipun²⁶⁰ keng ramani-pun, djer²⁶¹ émah-émah mekaten miturut²⁶² saking pamanggihipun, kedah ingkang sami tjondongipun²⁶³, sami remenipun. Inggih saking bab²⁶⁴ punika andjalari²⁶⁵ R. M. Darmasto ladjeng boten mituhu²⁶⁶ dhateng dawuhipun²⁶⁷ keng ramanipun. Malah panjandet²⁶⁸ saha pamenggak²⁶⁹ kados mekaten wau, andjalari saja damel wuwuhing²⁷⁰ kasmaranipun R. M. Darmasto dhateng sripanggungipun ringgit tijang Mardi Budaja wau. Leres²⁷¹ ing wekdal²⁷² semanten R. M. Darmasto dèrèng njambutdamel²⁷³, nanging bab arta pijambakipun boten badhé kuwatos²⁷⁴, amargi²⁷⁵ tansah dipun paringi²⁷⁶ déning ibunipun²⁷⁷, ingkang sekelangkung²⁷⁸ asihipun²⁷⁹. Mila R. M. Darmasto tansah saged ngudja²⁸⁰ dhateng krenteging manah²⁸¹ kémawon, boten naté²⁸² mikir²⁸³ dhateng ing tembé²⁸⁴ wingkingipun.²⁸⁵ Malem minggu. Ing dalu punika, sangadjengipun lokèt²⁸⁶ ringgit tijang Mardi Budaja, sampun ramé²⁸⁷, padet²⁸⁸ tijang ingkang badhé ningali, awit ing dalu punika Mardi Budaja mendhet²⁸⁹ lampahan²⁹⁰

²⁵⁵ *nak-dhèrèk* Cousin, Cousine — ²⁵⁶ *mopo* nicht wollen — ²⁵⁷ *kersa* K. I. = *arep* / *badhé* — ²⁵⁸ *keng*, *kang* Partikel, die eine gewisse Verehrung ausdrückt — ²⁵⁹ *sengadi* Ausflüchte gebrauchen — ²⁶⁰ *pilihan* Wahl — ²⁶¹ *djer* immerhin, natürlich — ²⁶² *miturut* entsprechend, gemäß — ²⁶³ *tjondong* = *tjondhong* Sympathie, Neigung — ²⁶⁴ *bab* was betrifft, Angelegenheit — ²⁶⁵ *andjalari* = *ndjalari* veranlassen, verursachen — ²⁶⁶ *mituhu* (altdjaw.) beachten, befolgen — ²⁶⁷ *dhawuh* K. I. = *préntah* Befehl — ²⁶⁸ *njandet* (*tjandet*) zurückhalten, bezähmen — ²⁶⁹ *menggak* hindern, hemmen — ²⁷⁰ *wuwuh* zunehmen — ²⁷¹ *bener* / *leres* richtig, gerade dann — ²⁷² *wektu* / *wekdal* Zeit — ²⁷³ *njambutgarwé* / *njambutdamel* arbeiten — ²⁷⁴ *kuwatir* / *kuwatos* fürchten — ²⁷⁵ *amarga* / *amargi* weil — ²⁷⁶ *maringi* (*paring*) K. I. = *mènèhi* / *njukani* — ²⁷⁷ *ibu* K. I. = *embok* — ²⁷⁸ *kliwat* / *kelangkung* überschreiten — ²⁷⁹ *seklawat* / *sekelangkung* im Übermaß — ²⁸⁰ *ngudja* verwöhnen — ²⁸¹ *krenteging ati* / *krenteging manah* Herzenswunsch — ²⁸² *ora tau* / *boten naté* noch niemals — ²⁸³ *mikir* (*pikir*) denken — ²⁸⁴ *ing tembé* später, danach — ²⁸⁵ *buri* / *wingking* hinten — ²⁸⁶ *lokèt* (niederl.) Verkaufschalter — ²⁸⁷ *ramé* belebt, voll — ²⁸⁸ *padet* Gedränge — ²⁸⁹ *ndjupuk* / *mendhet* (*djupuk* / *pendhet*) nehmen — ²⁹⁰ *lakon* / *lampahan* Schauspiel, Theaterstück

ingkang istimewa²⁹¹, inggih punika lampahan „Mustakawèni dados maling²⁹²“. Mila boten anggumunaken²⁹³, untabing²⁹⁴ tijang tanpa wonten kendatipun²⁹⁵. Boten dangu, sedaja klas sampun kebak, malah katha ingkang boten uman²⁹⁶ kartjis²⁹⁷.

R. M. Darmasto inggih ningali, sampun mapan²⁹⁸ wonten panggènan kados adat sabenipun²⁹⁹, awit pantjen sampun dipun pesen³⁰⁰. Boten dangu *gamelan*³⁰¹ wiwit mungel³⁰², swantenipun ngrangin³⁰³, damel gembiraning³⁰⁴ ingkang sami mireng sedaja. Sadèrèngipun wajang main, langkung rumijin dipun pitontonaken³⁰⁵ djogèd ètra, bekna warni-warni, ingkang sedaja dumados³⁰⁶ saking para kenja ingkang sulistya. Tijang-tijang sami tjingak mèsè³⁰⁷ amargi kepranan³⁰⁸ manahipun. Saja sareng para penonton sumerap wedalipun Mas Adjeng Kupu, ingkang njandhang³⁰⁹ tjara widadari³¹⁰, para tamu ladjeng sami keplok³¹¹, nélakaken³¹² senengipun.

Pambeksanipun Mas Adjeng Kupu njata³¹³ tansah damel gembiraning ingkang mirsani³¹⁴, awit katanda³¹⁵, sakedhap-kedhap³¹⁶ tansah kepireng³¹⁷ surak³¹⁸ saha keplok-keplok ingkang swantenipun ambata rubuh³¹⁹. Saja nalika Mas Adjeng Kupu saweg ambeksa kados tjaranipun widadari, sedaja sami tjingak. Pambeksanipun Mas Adjeng

²⁹¹ *istiméwa* besonders, speziell — ²⁹² *andung* / *maling* Dieb — ²⁹³ *gumun* erstaunt; *anggumunaké* / *anggumunaken* = *nggumunaké* in Erstaunen versetzen — ²⁹⁴ *untab* hervorströmen — ²⁹⁵ *kendat* = *kendhat* Unterbrechung — ²⁹⁶ *uman* bekommen — ²⁹⁷ *kartjis* (niederl.) Eintrittskarte — ²⁹⁸ *papan* Stelle, Ort; *mapan* sich befinden in — ²⁹⁹ *kaja adat saben* / *kados adat saben* wie immer — ³⁰⁰ *mesen* (*pesen*) bestellen — ³⁰¹ *gamelan* djawanisches Orchester, aus Schlaginstrumenten bestehend — ³⁰² *uni* / *ungel* Laut, Ton; *muni* / *mungel* ertönen — ³⁰³ *ngrangin* sanft (Musik) — ³⁰⁴ *gembira* (malaiisch) froh — ³⁰⁵ *mitontonaken* (*pitontonaken*) zeigen, vorführen — ³⁰⁶ *dumadi* / *dumados* bestehen aus (Infix -um-) — ³⁰⁷ *mèsè* lächeln — ³⁰⁸ *kepranan* (*prana*) beeindruckt — ³⁰⁹ *sandhang* Kleidung; *njandhang* bekleidet sein, tragen, anhaben — ³¹⁰ *widadari* Fee; *ndjandhang tjara widadari* wie eine Fee gekleidet sein — ³¹¹ *keplok* in die Hände klatschen — ³¹² *nélakaké* / *nélakaken* (*téla*) zum Ausdruck bringen, mitteilen — ³¹³ *njata* klar, deutlich — ³¹⁴ *mirsani* K. I. = *ndelengi* / *ningali* — ³¹⁵ *tanda* = *tandha* sichtbares Zeichen; *kathandha* bewiesen werden (Passivpräfix *ka-*) — ³¹⁶ *sadhéla-sadhéla* / *sakedhap-sakedhap* alle Augenblicke — ³¹⁷ *krungu* / *kepireng* zu hören — ³¹⁸ *surak* Geschrei, Zurufe — ³¹⁹ *ambata rubuh* alle zugleich (Zurufe, Schüsse, Geräusche)

Kupu wau sasat³²⁰ boten ngambah siti, nanging kados mabur-mabura³²¹ ngaten³²², klepar-kleper³²³, ngalèr³²⁴ lan ngidul³²⁵, kanthi prigel lan wasis badanipun ketingal lemes. Kathah tamu-tamu ingkang sami ndomblong³²⁶, gawok lan gumun ningali djogèd ingkang kados mekaten saénipun wau.

R. M. Darmasto panjawangipun³²⁷ kedhèp³²⁸ tismak³²⁹, manahipun saja tambah³³⁰ kajungjun³³¹ dhateng M. A. Kupu. Sedaja polahipun³³² M. A. Kupu, tansah amranani³³³ sangat dhateng djiwanipun³³⁴. Punapa malih³³⁵ sareng M. A. Kupu dados rol³³⁶ Dèwi Mustakawèni, satung-giling pradjurit³³⁷ kenja ingkang tjanthas³³⁸, pinter³³⁹ perang³⁴⁰ sarta tansah kebak ing leléwa³⁴¹. Kathah para tamu-tamu ingkang sami nandhang³⁴² kasmaran, saja-saja R. M. Darmasto pijambak, gandrung-gandrung kapingrangu, ngantos salira³⁴³ kados marlupa³⁴⁴. Linali-lali³⁴⁵ malah saja kadrija³⁴⁶, saja damel nggrantesing³⁴⁷ djiwanipun.

Djam 12 ringgit tijang sampun bibar³⁴⁸. Para tamu-tamu sampun sami wangsul sedaja. Salebeting gedong³⁴⁹ sampun sepen³⁵⁰, kantun³⁵¹ R. M. Darmasto pijambak ingkang taksih wonten ngriku, manahipun lenger-lenger³⁵², amargi tansah kèngetan³⁵³ dhateng sripanggung wau, M. A. Kupu.

³²⁰ *sasat*, *prasadat* gleichsam, wie wenn, als ob — ³²¹ *mabur* (Präfix *-um-*) fliegen; *mabur-mabura* als ob sie flöge (das Suffix *-a* unterstreicht die Irrealität der Aussage) — ³²² *ngaten* = *mekaten* — ³²³ *klepar-kleper* umherflattern — ³²⁴ *ngalor* / *ngalèr* nach Norden gehen — ³²⁵ *ngidul* nach Süden gehen — ³²⁶ *ndomblong* vor Staunen den Mund aufsperrern — ³²⁷ *sawang* schauen — ³²⁸ *kedhèp* zwinkern — ³²⁹ *tismak* Brille; *kedhèp tismak* mit großen Augen anstarren — ³³⁰ *tambah* zunehmen — ³³¹ *kajungjun* bezaubert, betört — ³³² *polah* Bewegung, Benehmen — ³³³ *mranani* (*prana*) beeindrucken — ³³⁴ *djiwa* Seele — ³³⁵ *apa manèh* / *punapa malih* um wievielmehr — ³³⁶ *dadi rol* / *dados rol* eine Rolle darstellen — ³³⁷ *pradjurit* Krieger, Soldat — ³³⁸ *tjanthas* tüchtig — ³³⁹ *pinter* schlau, geschickt — ³⁴⁰ *perang* Krieg führen — ³⁴¹ *leléwa* anmutige Bewegungen — ³⁴² *nandhang* (*sandhang*) leiden an, behaftet sein mit, (alte erstarrte Verbform, darf nicht mit *njandhang* bekleidet sein, Ableitung vom gleichen Grundwort, verwechselt werden) — ³⁴³ *salira* (altdjaw.) Körper — ³⁴⁴ *marlupa* erschöpft, müde — ³⁴⁵ *lali-lali* zu vergessen suchen — ³⁴⁶ *drija* (altdjaw.) Gemüt; *ndrija* empfinden — ³⁴⁷ *nggrantes* sich etwas zu Herzen nehmen — ³⁴⁸ *bubar* / *bibar* zu Ende sein — ³⁴⁹ *gedong* = *gedhong* Steingebäude — ³⁵⁰ *sepi* / *sepen* einsam — ³⁵¹ *kari* / *kantun* bleiben — ³⁵² *lenger-lenger* voller Zweifel — ³⁵³ *kèlingan* / *kèngetan* (*éling* / *éngèt*) erinnert werden

Bawaning³⁵⁴ nènèman taksih djaka³⁵⁵, ngantjik³⁵⁶ dhateng alam kabiraèn³⁵⁷ pisan, mila gandrunging manah saja ngalad-alad³⁵⁸, boten saged nahan³⁵⁹. Kanthi alon-alon³⁶⁰, R. M. Darmasto ladjeng medal saking gedong ingkang sampun sepen wau, terus ndjudug³⁶¹ ing sangandhaping wit pelem³⁶², sangadjengipun kori panggung³⁶³. Dangu anggènipun wonten ngriku, kalijan tansah njawang dhateng para anak wajang³⁶⁴ ingkang sami medal badhé wangsul. Boten dangu, wonten satung-giling tijang djaler³⁶⁵, sampun radi³⁶⁶ sepuh, medal saking panggung, terus lingak-linguk³⁶⁷, murugi³⁶⁸ dhateng panggènanipun R. M. Darmasto wau. R. M. Darmasto sareng³⁶⁹ sumerep, ladjeng pitakèn³⁷⁰: „Keprijé³⁷¹ pak³⁷²? Apa wis bèrès?“ „Sampun kulo aturaken³⁷³, dèn³⁷⁴ mas, ananging dèrèng wonten wangsulanipun. Mila dèn mas kulo aturi³⁷⁵ ingkang sabar³⁷⁶ rumijin“, wangsulanipun tijang wau, ingkang boten sanès Pak Wirjo, tukang³⁷⁷ nabuh³⁷⁸ gamelan Mardi Budaja.

„Sababé apa pak?“ pitakènipun R. M. Darmasto malih.

„Duka³⁷⁹ dèn mas, saged ugi taksih dipun manah-manah³⁸⁰ rumijin, mila kulo aturi sabar sawatawis³⁸¹, boten-botenipun³⁸² manawi mlèsèt³⁸³, mesthi ketjepengipun³⁸⁴“.

³⁵⁴ *bawa* (altdjaw.) Aussehen — ³⁵⁵ *djaka* Jüngling — ³⁵⁶ *ngantjik* (*antjik*) betreten — ³⁵⁷ *birai* verliebt — ³⁵⁷ *kabiraèn* Liebe — ³⁵⁸ *ngalad* (*alad*) entbrennen — ³⁵⁹ *nahan* (*tahan*) aushalten — ³⁶⁰ *alon-alon* langsam — ³⁶¹ *ndjudug* (*djudug*) gelangen zu — ³⁶² *pelem* Mangofrucht — ³⁶³ *panggung* Bühne — ³⁶⁴ *anak wajang* Schauspieler — ³⁶⁵ *lanang* / *djaler* Mann — ³⁶⁶ *rada* / *radi* ziemlich — ³⁶⁷ *lingak-linguk* um sich schauen — ³⁶⁸ *marani* / *murugi* (*paran* / *purug*) gehen zu — ³⁶⁹ *bareng* / *sareng* als, wenn — ³⁷⁰ *pitakon* / *pitakèn* Frage — ³⁷¹ Man beachte in den Gesprächen den Wechsel von Ngoko und Kromo je nach der sozialen Stellung des Sprechers; *keprijé* / *kadospundi* wie — ³⁷² *pak* = *bapak* Anrede für alte Leute — ³⁷³ *ngaturaké* / *ngaturaken* (*atur*) anbieten, überreichen — ³⁷⁴ *dèn* = *radèn* Baron — ³⁷⁵ *ngaturi* (*atur*) bitten, auffordern — ³⁷⁶ *sabar* geduldig; *sing sabar* / *ingkang sabar* sei, seid geduldig — ³⁷⁷ *tukang* Meister — ³⁷⁸ *tabuh* Schlagstock; *nabuh* ein Schlaginstrument bedienen — ³⁷⁹ *duka* K. I. = *kilap* / *embuh* verzeihen Sie, ich weiß es nicht — ³⁸⁰ *mikir-mikir* / *manah-manah* nachdenken, überlegen — ³⁸¹ *sawatawa* / *sawatawis* ein wenig, eine Zeitlang — ³⁸² *ora-orané* / *boten-botenipun* auf keinen Fall — ³⁸³ *mlèsèt* (*plèsèt*) ausgleiten, sich irren, einen Fehltritt begehen — ³⁸⁴ *mesthi ketjepengipun* dann werden wir sie bestimmt fangen

„Tenan³⁸⁵ apa pak?“

„E sampun kuwatos³⁸⁶ dèn mas, pitados³⁸⁷ kémawon dhateng kulo. Mila dèn mas kulo aturi ingkang sarèh³⁸⁸. Njebar³⁸⁹ godhong kara³⁹⁰, sabar sawatara.“

„Ija pak, aku mung manut karo kowé.“

„Mila sampun kuwatos tanggel³⁹¹ bèrèsipun.“

„Ija. Enja³⁹² iki ana dhuwit sethithik tampanana³⁹³, bésuk jèn wis olèh gawé, kowé dakpersèni³⁹⁵ manèh sing luwih akèh.“ R. M. Darmasto kalijan ngulungaken³⁹⁶ arta dhateng Pak Wirjo. „Matur nuwun³⁹⁷ sanget dèn mas,“ wangsulanipun Pak Wirjo kalijan nganthongi³⁹⁸ arta wau.

Tijang kalih ladjeng sami sowang-sowangan³⁹⁹.

„Hem . . . apa sababé déné si Kupu teka⁴⁰⁰ ora gelem nimbangi⁴⁰¹ karo aku iki? Lha teka wanguné⁴⁰² kok⁴⁰³ angèl⁴⁰⁴ temen, ora gampang kaja nalika aku ngarah⁴⁰⁵ si Manis, si Dilah, si Kintjlong kuwi, sapisan⁴⁰⁶ waé kena⁴⁰⁷. Bareng si Kupu teka angèl temen, apa sababé?“ mekaten grenenganipun⁴⁰⁸ R. M. Darmasto pijambakan⁴⁰⁹ kalijan wangsul.

„Ah mesthi bisané⁴¹⁰, bisa! Ingatasé dhèwèké rak mung lèdhèk⁴¹¹ baè, wong barangan⁴¹², sing golèk⁴¹³ dhuwit! Mesthi bisa!“ mekaten

³⁸⁵ *tenan* wirklich, wahr — ³⁸⁶ *sampun kuwatos* hab keine Angst — ³⁸⁷ *pitaja / pitados* glauben — ³⁸⁸ *sarèh* ruhig — ³⁸⁹ *njebar (sebar)* säen — ³⁹⁰ *kara* Bohne (Phaseolus) — ³⁹¹ *tanggung / tanggel* halbfertig — ³⁹² *enja* hier, da hast du (beim Überreichen einer Sache) — ³⁹³ *nampani / nampèni (tampa / tampi)* annehmen, entgegennehmen — ³⁹⁴ *jèn wis olèh gawé* wenn wir Erfolg haben (wörtl. wenn man schon tun konnte) — ³⁹⁵ *persèn* (niederl.) Trinkgeld, Belohnung; *mersèni* ein Trinkgeld geben, mit Geld belohnen — ³⁹⁶ *ngulungaké / ngulungaken (ulung)* hinüberreichen, aushändigen — ³⁹⁷ *matur nuwun sanget* vielen Dank — ³⁹⁸ *kanthong* Tasche; *nganthongi* in die Tasche stecken — ³⁹⁹ *sowang-sowangan* sich verabschieden; die Gedanken von R. M. Darmasto werden hier in Ngoko wiedergegeben, da der Djawane im Ngoko denkt — ⁴⁰⁰ *teka* sogar, aber, jedoch — ⁴⁰¹ *nimbangi (timbang)* erwidern (Gefühl) — ⁴⁰² *wangun* Aussehen, Gestalt — ⁴⁰³ *kok* doch, aber, schließlich, immerhin — ⁴⁰⁴ *angèl* hier: schwierig zu bekommen — ⁴⁰⁵ *arah / angkah* Richtung, Absicht; *ngarah / ngangkah* haben wollen, bekommen — ⁴⁰⁶ *pisan* einmal; *sepisan* alle — ⁴⁰⁷ *kena / kènging* hier: zu bekommen sein, erreichbar sein — ⁴⁰⁸ *grenengan* Gemurmel — ⁴⁰⁹ *pijambakan* allein — ⁴¹⁰ *mesthi bisané* es muß möglich sein — ⁴¹¹ *lèdhèk = ilèdhèk* Tänzerin — ⁴¹² *barangan, sembarangan* irgendein beliebiger (Mensch), ein x-beliebiger (Mensch) — ⁴¹³ *golèk / pados* suchen

sambetipun⁴¹⁴, kalijan njepèlèkaken⁴¹⁵ dhateng M. A. Kupu, ingkang namung sripanggung kémawon. „Ah kudu bisa ngarah dhèwèké, bèné⁴¹⁶ bandaku⁴¹⁷ entèk, ora dadi apa⁴¹⁸, waton⁴¹⁹ karepku kasembadan⁴²⁰,“ sambetipunmalih, sareng sampun dumugi⁴²¹ sangadjeng-ing régol⁴²² grijanipun.

Ing kampung⁴²³ Purwosari ingkang sisih⁴²⁴ kilèn, tjelak⁴²⁵ margi sepur⁴²⁶ ingkang dhateng Ngajogja, ketingal wonten satunggiling grija gebjog⁴²⁷ alit, apajon⁴²⁸ alang-alang⁴²⁹. Grija wau grijanipun Pak Wirjo tukang nabuh gamelan Mardi Budaja.

Grija wau tansah ketingal sepen kémawon, boten ketingal wonten kumliwering⁴³⁰ tijang. Ananging manawi kita tjelaki⁴³¹, kepireng jèn ing grija gubug⁴³² wau wonten sabawaning⁴³³ tijang ingkang saweg gineman⁴³⁴ pating kalesik⁴³⁵. Sinten ingkang saweg gineman punika? Boten sanès R. M. Darmasto kalijan M. A. Kupu, R. M. Darmasto lenggah wonten kursi ingkang sampun réjot⁴³⁶, mripat tansah mentjereng⁴³⁷, praupanipun⁴³⁸ katingal abrit kados tijang muring⁴³⁹. Déné M. A. Kupu wonten ing lintjak⁴⁴⁰, linggihipun tansah tumungkul⁴⁴¹, sadjak kados tijang semu⁴⁴² adjrih⁴⁴³, guwajanipun⁴⁴⁴ putjet⁴⁴⁵. Pak Wirjo wonten pawon⁴⁴⁶, saweg nggodog⁴⁴⁷ wédang, kalijan sinambi⁴⁴⁸ mirengaken⁴⁴⁹ rembaganipun⁴⁵⁰ tijang kalih wau.

⁴¹⁴ *sambung / sambet* Fortsetzung; *sadjak* Anschein, Form — ⁴¹⁵ *sepélé* wertlos, gering; *njepèlèkaké / njepèlèkaken* geringschätzig behandeln, betrachten — ⁴¹⁶ *bèné* wenn auch; *ingatasé* was betrifft — ⁴¹⁷ *banda* Reichtum, Güter — ⁴¹⁸ *ora dadi apa / boten dados punapa* das tut nichts — ⁴¹⁹ *waton* Maßstab, Grundlage, Hauptsache, wenn nur — ⁴²⁰ *sembada* erfüllt — ⁴²¹ *tekan / dumugi* angekommen, erreicht — ⁴²² *regol* Tor — ⁴²³ *kampung* Dorf, Vorstadt — ⁴²⁴ *sisih* Seite, Richtung — ⁴²⁵ *tjedhak / tjelak* nahe — ⁴²⁶ *sepur* (niederl.) Eisenbahn; *dalan sepur / margi sepur* Eisenbahnstrecke — ⁴²⁷ *gebjog* Holzwand — ⁴²⁸ *pajon* Dach — ⁴²⁹ *alang-alang* Riedgras — ⁴³⁰ *kliwer* sich sehen lassen, sich zeigen — ⁴³¹ *njedhaki / njelaki* sich nähern — ⁴³² *gubug* Hütte — ⁴³³ *sabawa* Geräusch — ⁴³⁴ *gunem / ginem* sprechen; *guneman / gineman* miteinander sprechen — ⁴³⁵ *kalesik* lebhaft (Infix-al-) — ⁴³⁶ *réjot* wacklig — ⁴³⁷ *mentjereng* böse schauen — ⁴³⁸ *praupan* Gesicht — ⁴³⁹ *muring* böse — ⁴⁴⁰ *lintjak* Bank — ⁴⁴¹ *tumungkul* den Kopf senken — ⁴⁴² *semu* Miene, Gesichtsausdruck — ⁴⁴³ *wedi / adjrih* sich fürchten — ⁴⁴⁴ *guwaja* Gesicht — ⁴⁴⁵ *putjet* bleich — ⁴⁴⁶ *awu Asche; pawon* Küche — ⁴⁴⁷ *nggodog* kochen — ⁴⁴⁸ *njambi* zweierlei zugleich tun; *sinambi* (vor Verben) gleichzeitig — ⁴⁴⁹ *ngrungokaké / mirengaken* belauschen — ⁴⁵⁰ *rembugan / rembagan* Gespräch

„Kulo boten wantun ndara⁴⁵¹ mas, kulo adjrih sanget, mindhak⁴⁵² kénging benduning⁴⁵³ Pangéran⁴⁵⁴,” wangsulanipun M. A. Kupu kali-
jan tumungkul, adjrih.

„Sababé apa?“

„Boten wantun ndara mas, amargi kulo salaming⁴⁵⁵ gesang dèrèng
naté nglampahi⁴⁵⁶ pandamel ingkang kados punika.“

„Mulané⁴⁵⁷ saiki diwiwiti⁴⁵⁸.“

„Boten wantun, kulo adjrih⁴⁵⁹.“

„Sing diwedèni sapa, wong ora ana sing weruh ngéné.“

„Kulo adjrih dhateng badan kulo pijambak, ndara?“

„Ha . . . Ha . . . wedi karo awakmu dhéwé? Apa tumon⁴⁶⁰? Ja nembé
saiki⁴⁶¹ aku weruh, ana wong wedi teka karo awaké dhéwé,“
R. M. Darmasto gumudjeng⁴⁶².

„Leres ndara mas, sinaosa kulo dados tijang kados mekaten, kulo
boten badhé purun nglampahi lampah nistha⁴⁶³, adjrih dhateng
benduning Gusti⁴⁶⁴ Allah.“

„Wedi menjang Gusti Allah? Ha . . . Ha . . . Ha . . . ! Kowé rak mung
botjah wajang baé, butuhmu⁴⁶⁵ rak dhuwit.“

„Leres kulo laré wajang ndara mas, tur laré lola⁴⁶⁶ pisan⁴⁶⁷, mlarat⁴⁶⁸.
Ananging anggèn kulo dados⁴⁶⁹ tijang wajang punika, tudjuwan kulo
boten badhé nglampahi lampah ingkang kados mekaten, nanging
baku pados panggesangan⁴⁷⁰ ingkang sutji⁴⁷¹.“

„Mengko⁴⁷² dakwènèhi dhuwit sing akèh.“

⁴⁵¹ ndara = bendara adliger Herr — ⁴⁵² mundhak / mindhak sonst, andern-
falls — ⁴⁵³ bendu Zorn — ⁴⁵⁴ Pangéran Gott — ⁴⁵⁵ salawasé / salaminipun
während, solange — ⁴⁵⁶ nglakoni / nglampahi begehen — ⁴⁵⁷ mulané /
milanipun daher — ⁴⁵⁸ miwiti (wiwit) etwas beginnen — ⁴⁵⁹ medèni /
ngadjrihi sich vor etwas fürchten — ⁴⁶⁰ ton (altdjaw.) sehen, mit Infix -um-
tumon, vgl. tonton; apa tumon? hat man so etwas schon gesehen? Ist so etwas
schon dagewesen? — ⁴⁶¹ nembé saiki / nembé sapunika jetzt erst — ⁴⁶² gu-
muju / gumudjeng (Infix -um-) lachen — ⁴⁶³ nistha verwerflich, niedrig —
⁴⁶⁴ gusti Herr, gnädige Frau (für Adlige); Gusti Allah Gott der Herr —
⁴⁶⁵ butuh / betah benötigen — ⁴⁶⁶ lola verwaist, Waise — ⁴⁶⁷ pisan sehr,
ganz und gar — ⁴⁶⁸ mlarat arm; — ⁴⁶⁹ anggèn kul weil ich
Schauspieler bin, ist es noch nicht mein Ziel — ⁴⁷⁰ panguripan /
panggesangan Lebensunterhalt — ⁴⁷¹ sutji untadeli — ⁴⁷² mengko /
mangké bald

„Nuwun⁴⁷³ ndara mas, kulo boten betah ingkang asalipun⁴⁷⁴ saking
padamelan kanisthan.“

„Sing kokanggep⁴⁷⁵ penggawé nistha kuwi sing endi?“

„Inggih nglampahi pedamelan ingkang boten sakmesthinipun⁴⁷⁶
punika, lampah sèdèng⁴⁷⁷, lan sapanunggilanipun⁴⁷⁸.“ Mireng wang-
sulanipun M. A. Kupu ingkang kados mekaten punika R. M. Darmasto
djudheg⁴⁷⁹ sanget, pangglembukipun⁴⁸⁰ kandas⁴⁸¹, boten saged angsal
damel⁴⁸². M. A. Kupo tetep⁴⁸³ boten purun nglampahi padamelan
maksiat⁴⁸⁴, kanisthaning donja⁴⁸⁵. Manahipun tetep puguh⁴⁸⁶, sinaosa
badhé kados pundi⁴⁸⁷ ing wusananipun⁴⁸⁸ M. A. Kupu njata⁴⁸⁹ laré
ingkang sutji saestu.

„Hem . . . , ja nembé sepisan dji iki⁴⁹⁰ ana botjah wadon sing nampik⁴⁹¹
karo aku iki,“ witjantenipun R. M. Darmasto kanthi gèdhèg-gèdhèg⁴⁹².

„Kanggé tijang sanès purun, punika inggih njumanggakaken⁴⁹³,
ananging kulo tetep boten. Kulo adjrih sanget dhateng benduning
Pangéran. Kedjawi⁴⁹⁴ punika dhasar kulo boten naté lampah sèdèng
kados mekaten,“ bibar witjanten kados mekaten M. A. Kupu nangis⁴⁹⁵.
M. A. Kupu terus medal, dumugi ndjawi saja rikats⁴⁹⁶. R. M. Darmasto
namung kamitenggengen⁴⁹⁷ ningali kalijan ngelus⁴⁹⁸ dada⁴⁹⁹, déné
Pak Wirjo namung kèndel⁵⁰⁰, awit sampun rumaos⁵⁰¹ lepat⁵⁰².

⁴⁷³ nuwun danke sehr — ⁴⁷⁴ asal Herkunft — ⁴⁷⁵ nganggep halten für
— ⁴⁷⁶ sakmesthiné / sakmesthinipun so wie es sein soll, gebührend, comme il
faut — ⁴⁷⁷ sèdèng untreu — ⁴⁷⁸ lan sapanunggalané / lan sapanunggilanipun
und so weiter — ⁴⁷⁹ djudheg verzweifelt — ⁴⁸⁰ glembuk locken — ⁴⁸¹ kandas
gescheitert, gestrandet — ⁴⁸² olèh gawé / angsal damel erfolgreich sein,
Erfolg haben — ⁴⁸³ tetep fest, sicher — ⁴⁸⁴ maksiat Sünde — ⁴⁸⁵ donja Welt
— ⁴⁸⁶ puguh fest, standhaft — ⁴⁸⁷ sanadyan arep keprijé / sinaosa badhé kados
pundi was auch kommen möge, wie dem auch sei — ⁴⁸⁸ wusana Ende; ing
wusanané / ing wusananipun schließlich — ⁴⁸⁹ njata sich erweisen als —
⁴⁹⁰ nembé sepisan dji iki (dji = sidji) erst jetzt, erst diesmal — ⁴⁹¹ nampik
(tampik) abweisen — ⁴⁹² gèdhèg-gèdhèg den Kopf schütteln — ⁴⁹³ sumangga
K.I. bitte sehr, wie Sie wünschen; njumanggakaké / njumanggakaken eine
Sache jemandem selbst überlassen — ⁴⁹⁴ kedjawi / kedjawi außer — ⁴⁹⁵ na-
ngis (tangis) weinen — ⁴⁹⁶ rikats schnell — ⁴⁹⁷ kamitenggengen stumm vor Staunen
— ⁴⁹⁸ ngelus (alus) streicheln, beklopfen — ⁴⁹⁹ dada = dhadha Brust; ngelus
dhadha die Hand auf die Brust legen (Zeichen der Gemütsbewegung) —
⁵⁰⁰ meneng / kèndel schweigen — ⁵⁰¹ rumasa / rumaos (rasa / raos) fühlen
— ⁵⁰² luput / lepat Fehler, schuldig

„Kulo boten wantun ndara⁴⁵¹ mas, kulo adjrih sanget, mindhak⁴⁵² kénging benduning⁴⁵³ Pangéran⁴⁵⁴,” wangsulanipun M. A. Kupu kali-
jan tumungkul, adjrih.

„Sababé apa?”

„Boten wantun ndara mas, amargi kulo salaminig⁴⁵⁵ gesang dèrèng
naté nglampahi⁴⁵⁶ pandamel ingkang kados punika.“

„Mulané⁴⁵⁷ saiki diwiwiti⁴⁵⁸.“

„Boten wantun, kulo adjrih⁴⁵⁹.“

„Sing diwedèni sapa, wong ora ana sing weruh ngéné.“

„Kulo adjrih dhateng badan kulo pijambak, ndara?”

„Ha . . . Ha . . . wedi karo awakmu dhéwé? Apa tumon⁴⁶⁰? Ja nembé
saiki⁴⁶¹ aku weruh, ana wong wedi teka karo awaké dhéwé,”
R. M. Darmasto gumudjeng⁴⁶².

„Leres ndara mas, sinaosa kulo dados tijang kados mekaten, kulo
boten badhé purun nglampahi lampah nistha⁴⁶³, adjrih dhateng
benduning Gusti⁴⁶⁴ Allah.“

„Wedi menjang Gusti Allah? Ha . . . Ha . . . Ha . . . ! Kowé rak mung
botjah wajang baé, butuhmu⁴⁶⁵ rak dhuwit.“

„Leres kulo laré wajang ndara mas, tur laré lola⁴⁶⁶ pisan⁴⁶⁷, mlarat⁴⁶⁸.
Ananging anggèn kulo dados⁴⁶⁹ tijang wajang punika, tudjuwan kulo
boten badhé nglampahi lampah ingkang kados mekaten, nanging
baku pados panggesangan⁴⁷⁰ ingkang sutji⁴⁷¹.“

„Mengko⁴⁷² dakwènèhi dhuwit sing akèh.“

⁴⁵¹ ndara = bendara adliger Herr — ⁴⁵² mindhak / mindhak sonst, andern-
falls — ⁴⁵³ bendu Zorn — ⁴⁵⁴ Pangéran Gott — ⁴⁵⁵ salawase / salaminipun
während, solange — ⁴⁵⁶ nglakoni / nglampahi begehen — ⁴⁵⁷ mulané /
milanipun daher — ⁴⁵⁸ miwiti (wiwiti) etwas beginnen — ⁴⁵⁹ medèni /
ngadjrihi sich vor etwas fürchten — ⁴⁶⁰ ton (altdjaw.) sehen, mit Infix -um-
tumon, vgl. tonton; apa tumon? hat man so etwas schon gesehen? Ist so etwas
schon dagewesen? — ⁴⁶¹ nembé saiki / nembé sapunika jetzt erst — ⁴⁶² gu-
muju / gumudjeng (Infix -um-) lachen — ⁴⁶³ nistha verwerflich, niedrig —
⁴⁶⁴ gusti Herr, gnädige Frau (für Adlige); Gusti Allah Gott der Herr —
⁴⁶⁵ butuh / betah benötigen — ⁴⁶⁶ lola verwaist, Waise — ⁴⁶⁷ pisan sehr,
ganz und gar — ⁴⁶⁸ mlarat arm; — ⁴⁶⁹ anggèn kul weil ich
Schauspieler bin, ist es noch nicht mein Ziel — ⁴⁷⁰ panguripan /
panggesangan Lebensunterhalt — ⁴⁷¹ sutji untadeli — ⁴⁷² mengko /
mangké bald

„Nuwun⁴⁷³ ndara mas, kulo boten betah ingkang asalipun⁴⁷⁴ saking
padamelan kanisthan.“

„Sing kokanggep⁴⁷⁵ penggawé nistha kuwi sing endi?”

„Inggih nglampahi pedamelan ingkang boten sakmesthinipun⁴⁷⁶
punika, lampah sèdèng⁴⁷⁷, lan sapanunggilanipun⁴⁷⁸.“ Mireng wang-
sulanipun M. A. Kupu ingkang kados mekaten punika R. M. Darmasto
djudheg⁴⁷⁹ sanget, pangglembukipun⁴⁸⁰ kandas⁴⁸¹, boten saged angsal
damel⁴⁸². M. A. Kupo tetep⁴⁸³ boten purun nglampahi padamelan
maksiat⁴⁸⁴, kanisthaning donja⁴⁸⁵. Manahipun tetep puguh⁴⁸⁶, sinaosa
badhé kados pundi⁴⁸⁷ ing wusananipun⁴⁸⁸ M. A. Kupu njata⁴⁸⁹ laré
ingkang sutji saèstu.

„Hem . . . , ja nembé sepisan dji iki⁴⁹⁰ ana botjah wadon sing nampik⁴⁹¹
karo aku iki,” witjantenipun R. M. Darmasto kanthi gèdhèg-gèdhèg⁴⁹².

„Kanggé tijang sanès purun, punika inggih njumanggakaken⁴⁹³,
ananging kulo tetep boten. Kulo adjrih sanget dhateng benduning
Pangéran. Kedjawi⁴⁹⁴ punika dhasar kulo boten naté lampah sèdèng
kados mekaten,” bibar witjanten kados mekaten M. A. Kupu nangis⁴⁹⁵.
M. A. Kupu terus medal, dumugi ndjawi saja rikat⁴⁹⁶. R. M. Darmasto
namung kamitenggengen⁴⁹⁷ ningali kalijan ngelus⁴⁹⁸ dada⁴⁹⁹, déné
Pak Wirjo namung kèndel⁵⁰⁰, awit sampun rumaos⁵⁰¹ lepat⁵⁰².

⁴⁷³ nuwun danke sehr — ⁴⁷⁴ asal Herkunft — ⁴⁷⁵ nganggep halten für
— ⁴⁷⁶ sakmesthiné / sakmesthinipun so wie es sein soll, gebührend, comme il
faut — ⁴⁷⁷ sèdèng untreu — ⁴⁷⁸ lan sapanunggalané / lan sapanunggilanipun
und so weiter — ⁴⁷⁹ djudheg verzweifelt — ⁴⁸⁰ glembuk locken — ⁴⁸¹ kandas
gescheitert, gestrandet — ⁴⁸² olèh gawé / angsal damel erfolgreich sein,
Erfolg haben — ⁴⁸³ tetep fest, sicher — ⁴⁸⁴ maksiat Sünde — ⁴⁸⁵ donja Welt
— ⁴⁸⁶ puguh fest, standhaft — ⁴⁸⁷ sanadyan arep keprijé / sinaosa badhé kados
pundi was auch kommen möge, wie dem auch sei — ⁴⁸⁸ wusana Ende; ing
wusanané / ing wusananipun schließlich — ⁴⁸⁹ njata sich erweisen als —
⁴⁹⁰ nembé sepisan dji iki (dji = sidji) erst jetzt, erst diesmal — ⁴⁹¹ nampik
(tampik) abweisen — ⁴⁹² gèdhèg-gèdhèg den Kopf schütteln — ⁴⁹³ sumangga
K.I. bitte sehr, wie Sie wünschen; njumanggakaké / njumanggakaken eine
Sache jemandem selbst überlassen — ⁴⁹⁴ kedjawa / kedjawi außer — ⁴⁹⁵ na-
ngis (tangis) weinen — ⁴⁹⁶ rikatschnell — ⁴⁹⁷ kamitenggengen stumm vor Staunen
— ⁴⁹⁸ ngelus (alus) streicheln, beklopfen — ⁴⁹⁹ dada = dhadha Brust; ngelus
dhadha die Hand auf die Brust legen (Zeichen der Gemütsbewegung) —
⁵⁰⁰ meneng / kèndel schweigen — ⁵⁰¹ rumasa / rumaos (rasa / raos) fühlen
— ⁵⁰² luput / lepat Fehler, schuldig

R. M. Darmasto rumaos nandhang kawirangan⁵⁰³ ageng sanget, amargi tansah tinampik déning M. A. Kupu, ingkang dipun wastani⁵⁰⁴ gampil, awit namung satunggiling lèdhèk kémawon. R. M. Darmasto saja dangu ladjeng ngertos jèn M. A. Kupu punika njata satunggiling tijang èstri ingkang sutji saèstu, boten pasah⁵⁰⁵ dipun budjuk⁵⁰⁶ kanthi sakathahing paéka⁵⁰⁷.

Ngantos pintenpinten dinten R. M. Darmasto mikir bab wau. Wusana pepuntoning⁵⁰⁸ tékadipun⁵⁰⁹, nedya⁵¹⁰ badhé⁵⁰⁸ mendhet M. A. Kupu kanthi saèstunipun, badhé dipun kawin⁵¹¹ ingkang absah⁵¹², lan boten nijat⁵¹³ badhé kanggé dolanan⁵¹⁴ kémawon. Bab boten tjondhongipun tijang sepuhipun, badhé dipun duwa ing sakijatipun. Sareng manahipun sampun gumolong⁵¹⁵ mantep⁵¹⁶, R. M. Darmasto ladjeng manggihi M. A. Kupu malih, wonten pondokanipun⁵¹⁷, ingkang dumunung⁵¹⁸ wonten ing kampung Tegalredjo. Kaleresan⁵¹⁹ sanget, ing wekdal punika ingkang wonten ing grija namung M. A. Kupu pijambak. Rawuhipun⁵²⁰ R. M. Darmasto tinampi kanthi saé-saé, lan dipun kurmati⁵²¹ kados déné⁵²² tamu, awit M. A. Kupu mangertos manawi R. M. Darmasto punika pantjèn darahing prijantun luhur.

„Dadi karepmu wis mantep kaja ngono, Kupu?“ mekaten pitakènipun R. M. Darmasto sareng sampun mangertos dhateng krenteging manahipun M. A. Kupu, purun nglampahi, jèn dipun kawin kanthi ingkang sajektosipun.

„Inggih dèn mas. Kulo suka lila⁵²³ badhé medal saking pedamelan kulo, jèn sampun wonten tijang ingkang kersa kulo ngèngèri⁵²⁴ ing salamining gesang. Kulo prasetya⁵²⁵ badhé dados satunggiling ibu

⁵⁰³ wirang Schande — ⁵⁰⁴ mastani K.I. = ngarani / namani nennen — ⁵⁰⁵ ora pasah / boten pasah unbeirrt — ⁵⁰⁶ mbudjuk (budjuk) verlocken — ⁵⁰⁷ paéka List — ⁵⁰⁸ muntu (puntu) nachdenken; pepunton Beschluß, Denk-ergebnis — ⁵⁰⁹ tékad Absicht — ⁵¹⁰ nedya (sedyā) bereit sein, wollen — ⁵¹¹ kawin heiraten — ⁵¹² absah gesetzlich, legal — ⁵¹³ nijat beabsichtigen — ⁵¹⁴ dolanan spielen — ⁵¹⁵ golong mit sich selbst einig sein — ⁵¹⁶ mantep (antep) standhaft — ⁵¹⁷ pondok Hütte; pondokan Behausung, Wohnung — ⁵¹⁸ dunung Gebiet, Ort, Lage; dumunung sich befinden, liegen — ⁵¹⁹ kabeneran / kaleresan zur rechten Zeit — ⁵²⁰ rawuh K.I. = teki uteng — ⁵²¹ kurmat Ehre — ⁵²² ngurmati ehren — ⁵²³ kaja déné / kados nso wie — ⁵²⁴ suka lila sich zufrieden geben — ⁵²⁵ ngèngèri jemanden, sich jemandem widmen (vgl. pangéran) ⁵²⁵ prasetya geloben (T)

sedjatos, netepi⁵²⁶ wadjibing⁵²⁷ pawèstri⁵²⁸,“ mekaten aturipun⁵²⁹ M. A. Kupu kanthi tumungkul.

„Dadi saupamané⁵³⁰ mung arep dakselir⁵³¹ baé kowé keprijé?“

„Kulo tetep boten purun nglampahi dèn mas.“

„Sababé apa?“

„Tijang dipun selir punika sami kalijan dipun wajah⁵³², dados kirang kamantèpanipun anggènipun émah-émah. Mangka nijat kulo émah-émah punika, inggih kanggé salaminipun. Kulo boten badhé mangro tingal⁵³³. Kulo tansah badhé tetep setya tuhu⁵³⁴ dhateng guru⁵³⁵ laki⁵³⁶ kulo donja akérat⁵³⁷, lahir⁵³⁸ lan batos⁵³⁹. Mila manawi namung badhé dipun selir, utawi dipun wajah, kulo nrimah⁵⁴⁰ mopo kémawon, aluwung⁵⁴¹ kulo tansah gesang kados makaten punika,“ makaten wangsulanipun M. A. Kupu tetep mantep.

Mireng wangsulanipun M. A. Kupu ingkang sampun boten purun dipun luk⁵⁴² punika, R. M. Darmasto manahipun saja djudheg sanget. Nanging sareng ngèngeti dhateng agenging kasetyanipun M. A. Kupu ingkang kados mekaten wau, R. M. Darmasto ladjeng purun minangkani⁵⁴³. Sedaja dedukaning⁵⁴⁴ keng ramanipun badhé dipun dadagi⁵⁴⁵ saèstu, awit keng ramanipun temtu boten badhé ngilani⁵⁴⁶, jèn pijambakipun saèstu kawin kalijan M. A. Kupu, ingkang dipun anggep namung tijang asor, badhé ngasoraken⁵⁴⁷ dradjatipun⁵⁴⁸. Mila ngantos sawatawis dangu, R. M. Darmasto nembé saged mangsuli.

⁵²⁶ netepi (tetep) getreu erfüllen — ⁵²⁷ wadjib Pflicht — ⁵²⁸ pawèstri (altdjaw.) Ehefrau — ⁵²⁹ atur höfliche Mitteilung — ⁵³⁰ saupamané / saupaminipun zum Beispiel — ⁵³¹ selir Nebenfrau; njelir zur Nebenfrau machen — ⁵³² wajah Polygamie; majuh mehr als eine Frau heiraten — ⁵³³ mangro tingal sich nicht entscheiden können, weder Fisch noch Fleisch (vgl. loro) — ⁵³⁴ tuhu treu, ehrlich — ⁵³⁵ guru Lehrer — ⁵³⁶ laki (altdjaw.) Ehemann; guru laki etwa: der verehrte Gatte — ⁵³⁷ akérat das Jenseits, Paradies; donja akérat im Diesseits und Jenseits — ⁵³⁸ lahir äußerlich — ⁵³⁹ batin / batos innerlich — ⁵⁴⁰ nrimah (trimah) sich abfinden, akzeptieren — ⁵⁴¹ aluwung dann ist es besser, daß . . . — ⁵⁴² ngluk (luk) beugen, unterwerfen — ⁵⁴³ mangka dienen als; minangka verwendet für; minangkani nachgeben, gestatten — ⁵⁴⁴ duka K.I. = nesu böse — ⁵⁴⁵ ndadagi = ndhadagi beschwichtigen, einer Sache mit viel Mühe entgegenreten — ⁵⁴⁶ ngilani (lila) gestatten — ⁵⁴⁷ ngasoraken (asor) herabdrücken, senken — ⁵⁴⁸ dradjat Rang

„Ija Kupu jèn pantjèn wis kaja mengkono sing dadi kekarepaning atimu, aku mung manut. Kowé mesthi bakal⁵⁴⁹ dakkawin sing sah temenan, lan ora nedya dakselir. Kowé tetepa⁵⁵⁰ dadi tetimbanganku⁵⁵¹ ing salawasé urip.“

Mireng kados makaten wau M. A. Kupu bingah sanget, linggihipun saja tumungkul.

„Ananging dèn mas? Kados pundi jèn wonten dukanipun keng rama pandjenengan ladjeng émah-émah kalijan kulo punika?“

„Bab kuwi adja kuwatir Kupu, mengko aku kabèh sing bakal ndadagi, ora-orane⁵⁵² aku bakal tjidra⁵⁵³ ing djandjiku⁵⁵⁴, nganti medot⁵⁵⁵ ketresnanku⁵⁵⁶ karo kowé. Kowé tetepa dadi tetimbanganku, ing donja tekan ing akérat!“

„Jèn pantjèn sampun kados makaten kersanipun, kulo inggih ndhèrèk⁵⁵⁷.“

„Sukur⁵⁵⁸ jèn kowé wis manut⁵⁵⁹, aku bungah. Lan wiwit ing dina iki, kowé ora dakparengaké njebut⁵⁶⁰ aku dèn mas, nanging tjukup kangmas⁵⁶¹ ngono baé.“

„Nuwun inggih kangmas,“ aturipun M. A. Kupu tumungkul.

Saèstu M. A. Kupu ladjeng dipun pendhet sémah⁵⁶² kalijan R. M. Darmasto kanthi sah⁵⁶³. Anggènipun kawin kanthi tjlimèn⁵⁶⁴, namung ngulemi⁵⁶⁵ kantja-kantjanipun⁵⁶⁶ sawatawis. M. A. Kupu ladjeng dipun séwakaken⁵⁶⁷ grija pijambak wonten ing kampung Sarituri, manggèn⁵⁶⁸ ing grija alit.

Wusana R. M. Darmasto ladjeng dipun timbali⁵⁶⁹ badhé dipun dangu⁵⁷⁰ nijatipun. R. M. Darmasto sowan⁵⁷¹.

⁵⁴⁹ bakal werden, sollen, zukünftig — ⁵⁵⁰ tetepa das Suffix -a sagt aus, daß die Verwirklichung der Satzaussage in der Zukunft liegt und noch irreal ist — ⁵⁵¹ tetimbangan Rücksicht, Aufmerksamkeit, Sorge — ⁵⁵² ora-orané / boten-botenipun auf keinen Fall — ⁵⁵³ tjidra untreu — ⁵⁵⁴ djandji Versprechen — ⁵⁵⁵ pedot = pedhot zerrissen, zerstört — ⁵⁵⁶ tresna Liebe — ⁵⁵⁷ ndhèrèk K.I. = mèlu / tumut folgen — ⁵⁵⁸ sukur Gott sei Dank — ⁵⁵⁹ manut einverstanden sein, zustimmen — ⁵⁶⁰ njebut (sebut) nennen — ⁵⁶¹ kangmas älterer Bruder (Anrede der Ehefrau für den Ehemann) — ⁵⁶² somah / sémah Ehegattin — ⁵⁶³ sah = absah — ⁵⁶⁴ tjlimèn in aller Stille — ⁵⁶⁵ ngulemi (ulem) einladen — ⁵⁶⁶ kantja Freund, Kamerad — ⁵⁶⁷ njéwakaken (séwa) mieten — ⁵⁶⁸ manggon / manggèn wohnen (anggon / anggèn mit Präfix um- — ⁵⁶⁹ rimbali (timbang) K.I. = ngundang rufen — ⁵⁷⁰ ndangu K.I. = nakoni / nakèni befragen — ⁵⁷¹ séba / sowan seine Aufwartung machen

Ngantos dangu anggènipun sami bantahan⁵⁷², rama lan putra dèrèng wonten ingkang purun kawon⁵⁷³. R. M. Darmasto tansah ngekahi, boten purun misahaken⁵⁷⁴ sémahipun, awit sami tresnanipun. Kang ramanipun puguh, kedah dipun pisah, awit pijambakipun badhé dipun émah-émahaken kalijan satunggiling kenja ingkang taksih sami darahipun. Paben rembag saja ramé, R. M. Darmasto tetep puguh, boten purun misah andadosaken dukanipun R. M. Ngabèi Darsohandojo.

„Saiki ngéné Dar⁵⁷⁵! Sarèhning⁵⁷⁶ kowé wis ora nggugu⁵⁷⁷ menjang pituturing⁵⁷⁸ wong tuwa, saiki mung kari milih⁵⁷⁹ salah sidji antarané loro iki. Jaiku sepisan, jèn kowé manut menjang wong tuwa, botjah wajang kuwi buwangen⁵⁸⁰. Kowé gelem dakomah-omahaké karo Hardijah. Uripmu bakal kepénak⁵⁸¹, mukti-wibawa⁵⁸² lan seneng. Kapindhoné⁵⁸³, jèn kowé ora gelem mbuwang botjah wajang iku, ja sakarepmu⁵⁸⁴. Nanging kowé wis ora kena⁵⁸⁵ ngaku wong tuwa manèh karo aku. Wiwit dina iki uga, kowé ora kena ngambah ing omah kéné. Aku wis trima⁵⁸⁶ ora duwé anak kowé, ilang-ilangan botjah sidji! Wis pikiren! Aku ndjaluk wangsulan saiki uga!“ Makaten pangandikanipun⁵⁸⁷ R. M. Ngabèi kanthi kaworan⁵⁸⁸ duka sanget.

R. M. Darmasto sareng mireng dhateng sadaja dhawuhipun⁵⁸⁹ keng ramanipun ingkang kados makaten wau, kagèt⁵⁹⁰ sanget. Mila ladjeng ndangak⁵⁹¹, ngawasaken⁵⁹² dhateng tijang sepuh kalih pisan. Saking djudhegipun R. M. Darmasto boten saged mangsuli.

„Ajo gelis! Tunggak⁵⁹³ apa menungsa⁵⁹⁴, ditakoni teka ora mangsuli. Ajo rikat, pilih salah sidji, saiki uga!“ R. M. Ngabèi Darsohandojo saja duka. R. M. Darmasto taksih kèndel, awit manahipun sakelang-

⁵⁷² bantahan miteinander streiten — ⁵⁷³ kalah / kawon unterliegen — ⁵⁷⁴ misahaké / misahaken (pisah) sich scheiden lassen — ⁵⁷⁵ Dar = Darmasto — ⁵⁷⁶ sarèhning da, weil; auf Grund von — ⁵⁷⁷ nggugu / nggega glauben — ⁵⁷⁸ pitutur Rat — ⁵⁷⁹ milih (pilih) wählen — ⁵⁸⁰ mbuwang / mbutjal wegwerfen, verstoßen — ⁵⁸¹ sekétja / kepénak angenehm — ⁵⁸² mukti-wibawa in Wohlstand und Genüssen schwelgen — ⁵⁸³ kapindhoné zweitens — ⁵⁸⁴ sakarepmu wie du willst, es ist dir überlassen — ⁵⁸⁵ kowé wis ora kena . . . es ist dir dann nicht mehr gestattet, mich als deinen Vater zu betrachten. — ⁵⁸⁶ trima(h) sich abfinden — ⁵⁸⁷ andika K.I. = préntah Befehl — ⁵⁸⁸ awor vermischt — ⁵⁸⁹ dhawuh K.I. = kandha sagen — ⁵⁹⁰ kagèt erschrocken — ⁵⁹¹ ndangak = ndhangak nach oben schauen — ⁵⁹² awas aufmerksam; ngawasaké / ngawasaken beobachten — ⁵⁹³ tunggak Holzpfehl — ⁵⁹⁴ menungsa menschliches Wesen

kung kagèt sanget. Njut⁵⁹⁵ . . . wewajanganipun⁵⁹⁶ ingkang èstri⁵⁹⁷ tansah ngaléla⁵⁹⁸ tjetha wonten ngadjengipun, kados-kados saweg njuwun⁵⁹⁹ dipun asih⁶⁰⁰ kanthi melas-asih⁶⁰¹.

„Bisu⁶⁰²! Ajo rikat! Apa kowé ora bisa mangsuli!“ makaten panggetakipun⁶⁰³ keng ramanipun malih.

R. Aju Darsohandojo saja karuna⁶⁰⁴, mireng dukaning keng raka wau. „Rama? Manawi sampun dados kersanipun rama kados makaten, inggih kados pundi malih⁶⁰⁵. Kulo trimah milih nomer⁶⁰⁶ kalih, katimbang⁶⁰⁷ kulo damel sija⁶⁰⁸ dhumateng⁶⁰⁹ bodjo kulo pijambak, ingkang boten lepat, lan sanget bekti⁶¹⁰ dhateng kulo,“ makaten atur wangsulaniipun kanthi tatag lan dadag⁶¹¹.

„O . . . anakku nggèr Darmasto, atimu teka wangkal⁶¹² temen. Apa sababé déné kowé ora manut kersaning ramamu?“ ngendika makaten keng ibunipun kalijan ngrangkul⁶¹³ dhateng putranipun kanthi sedih⁶¹⁴ sanget. R. M. Darmasto nangis.

„Ajo rikat minggat⁶¹⁵ saka kéné, adja ngaton-ngaton⁶¹⁶ mata!“ makaten panundungipun⁶¹⁷ R. M. Ngabèi Darsohandojo. „Sampun ibu, sampun, putra njuwun pamit⁶¹⁸, mugi-mugi Gusti Allah tansah angajomi⁶¹⁹ dhumateng kasugenganipun⁶²⁰ ibu.“

Bibar makaten, R. M. Darmasto ladjeng menjat⁶²¹, terus késah. R. Aju Darsohandojo dhawah kantaka⁶²².

„O . . . awak . . . awak . . . , seméné pepesthènu⁶²³. Saiki aku wis ora duwé wong tuwa manèh!“ makaten gagasanipun⁶²⁴ R. M. Darmasto

⁵⁹⁵ njut ach — ⁵⁹⁶ wewajangan Schatten, Umriß — ⁵⁹⁷ ingkang èstri seine Frau — ⁵⁹⁸ ngaléla schweben — ⁵⁹⁹ njuwun bitten — ⁶⁰⁰ ngasih (asih) lieben — ⁶⁰¹ melas-asih Mitleid, Erbarmen — ⁶⁰² bisu stumm — ⁶⁰³ nggetak schreien, brüllen — ⁶⁰⁴ karuna (altdjaw.) weinen — ⁶⁰⁵ kados pundi malih wie soll es weiter gehen — ⁶⁰⁶ nomer (niederl.) Nummer — ⁶⁰⁷ katimbang es ist besser, als daß . . . — ⁶⁰⁸ gawé sija / damel sija Unrecht tun — ⁶⁰⁹ dhumateng = dhateng — ⁶¹⁰ bekti ergeben, treu — ⁶¹¹ tatag lan dhadhag unerschrocken — ⁶¹² wangkal dickköpfig, ungehorsam — ⁶¹³ ngrangkul (rangkul) umarmen — ⁶¹⁴ sedih traurig — ⁶¹⁵ minggat pack' dich, verschwinde — ⁶¹⁶ ngaton sich sehen lassen — ⁶¹⁷ tundung = tundhung vertreiben — ⁶¹⁸ pamit Abschied — ⁶¹⁹ ajom Schatten angajomi beschützen, beschützen — ⁶²⁰ sugeng K.I. = slamet / wiludjeng gesund — ⁶²¹ men' Schicksal — ⁶²² kantaka (altdjaw.) ohnmächtig — ⁶²³ pesthi festste

salebeting mlampah wangsul dhateng pondokanipun. Ulatipun⁶²⁵ suntrut⁶²⁶, sedih, trenjuh⁶²⁷, lampahipun mandeg-mangu⁶²⁸.

„Saking tindak⁶²⁹ pundi kakangmas, teka ngantos dangu nembé kondur^{629a}?“ witjantenipun ingkang èstri methuk⁶³⁰ dhateng ingkang djaler, wonten sangadjenging konten, ulatipun sumèh⁶³¹.

R. M. Darmasto suntrut, boten saged mangsuli, ladjeng terus mlebet dhateng grija, mapan linggih. Inggih èstri nututi⁶³² kanthi gumun⁶³³, awit sumerep ingkang djaler sedih makaten.

„Kénging punapa kakangmas, punapa gerah⁶³⁴? Sumangga ta⁶³⁵, kagem saréjan⁶³⁶ mangké kulo padosaken djampi⁶³⁷.“

„O . . . ora Mirah, aku ora lara apa-apa,“ wangsulaniipun kanthi sedih.

„Kénging punapa salira pandjenengan ketingal putjet kados makaten kakangmas. Jèn ngaten sumangga dhahar⁶³⁸ rumijin, punika sampun tjumawis⁶³⁹ sadaja. Saténipun⁶⁴⁰ kulo engetipun⁶⁴¹ rumijin, supados anget⁶⁴¹ malih. Inggih?“

„Ora Mirah, ora, aku ora arep mangan.“ „Kénging punapa kakangmas, boten kersa dhahar?“

„Atiku lagi sedih banget. Wis kowé dhéwé baé kana mangana dhisik.“

„Manawi kangmas boten kersa dhahar, kulo inggih boten.“

„Généja⁶⁴² Mirah?“

„Manah kulo boten sekétja, manawi nedha pijambakan, boten sareng kalijan kangmas. Kangmas saweg sungkawa⁶⁴³ punapa? Punapa ingkang saweg dipun galih⁶⁴⁴? Suwawi⁶⁴⁵, kulo dipun ngendikani, mbokmanawi⁶⁴⁶ kulo saged damel ledjaring⁶⁴⁷ penggalhipun⁶⁴⁸ kangmas.“

„Duh⁶⁴⁹ . . . gegantilaning njawaku dhéwé Wirah. Wruhanamu, wiwit dina iki, aku wis ora duwé wong tuwa manèh.“

⁶²⁵ ulat Miene, Gesichtsausdruck — ⁶²⁶ suntrut finster — ⁶²⁷ trenjuh bekümmert — ⁶²⁸ mandheg-mangu schwankend — ⁶²⁹ tindak K.I. = lunga / késah — ^{629a} kondur K.I. = bali / wangsul — ⁶³⁰ methuk (pethuk) empfangen — ⁶³¹ sumèh freundlich lächeln — ⁶³² nututi (tut) folgen — ⁶³³ gumun erstaunt — ⁶³⁴ gerah K.I. = lara / sakit — ⁶³⁵ ta doch, nun, aber — ⁶³⁶ saréjan K.I. = turu / tilem — ⁶³⁷ djamu / djampi Medizin — ⁶³⁸ dhahar K.I. = mangan / nedha — ⁶³⁹ tjumis bereitstehen — ⁶⁴⁰ saté auf einen Stab gestecktes geröstetes Fleisch — ⁶⁴¹ anget heiß; ngenget anwärmen — ⁶⁴²énéja warum, weshalb — ⁶⁴³ sungkawa Sorgen haben — ⁶⁴⁴ nggalih K.I. = mikir — ⁶⁴⁵ ajo / suwawi bitte, laßt uns — ⁶⁴⁶ mbokmanawa / mbokmanawi vielleicht — ⁶⁴⁷ ledjar ruhig, zufrieden — ⁶⁴⁸ panggalih K.I. = ati / manah — ⁶⁴⁹ duh ach, au

Inggang èstri kagèt.

„Boten kagungan⁶⁵¹ tijang sepuh malih? Punapa séda^{652?} Saweg punapa?“

„O . . . wong tuwaku ora mati Mirah, ora. Ananaging saiki, pandjenengané wis ora kersa ngaku putra manèh karo aku, lan aku ditundung⁶⁵³ lunga.“

M. A. Kupu saja kagèt sanget.

„Teka anèh sanget kangmas? Sababipun kados pundi?“

„Sababé aku . . .“ R. M. Darmasto boten saged nerusaken⁶⁵⁴ ginemanipun.

„Kénging punapa? Sabab punapa? Mangga⁶⁵⁵ kangmas, kulo aturi ngendika terus terang⁶⁵⁶ kémawon.“

„Sababé aku duwé bodjo⁶⁵⁷ . . .“ R. M. Darmasto kèndel malih.

„Bodjo sinten kakangmas?“

„Bodjo kowé dhéwé Mirahku.“

M. A. Kupu kagèt, mundur⁶⁵⁸ radi tebih. „Jèn terang kados makaten kakangmas, kulo ingkang ngawon, supados kangmas saged kondur dhateng dalem⁶⁵⁹ malih,“ witjantenipun kanthi sedih.

„Kowé ora kena pisah saka sisihku Mirah. Aku gelem pisah karo kowé, jèn aku wis ora duwé njawa⁶⁶⁰,“ sambetipun terus ngekep-ngekep⁶⁶¹ ingkang èstri.

„Ladjeng kados pundi kangmas, wonten nalar⁶⁶² ingkang kados makaten punika?“ „Ora perlu bingung-bingung⁶⁶³ lan susah⁶⁶⁴ Mirah, kowé tetep ana sandingku⁶⁶⁵ nganti tumekaning pati.“

„O . . . kakangmas . . .“

Tijang kalih ladjeng sami rerangkulan⁶⁶⁶, kekalihipun manahipun saweg sami kebak pangranta-ranta⁶⁶⁷, sedih, trenjuh, susah, nalangsa⁶⁶⁸. Gesangipun R. M. Darmasto kalijan ingkang èstri lestantun⁶⁶⁹ wida-

⁶⁵¹ kagungan K.I. = duwé / gadhah — ⁶⁵² séda K.I. = mati / pedjah — ⁶⁵³ nundung (tundung) vertreiben — ⁶⁵⁴ nerusaken fortsetzen — ⁶⁵⁵ mangga = sumangga — ⁶⁵⁶ terus terang frank und frei, offenherzig — ⁶⁵⁷ bodjo Ehegattin — ⁶⁵⁸ mundur (undur) zurücktreten — ⁶⁵⁹ dalem (sehr ehrerbietig) er — ⁶⁶⁰ njawa Seele, Atem — ⁶⁶¹ ngekep umarmen, an sich drücken — ⁶⁶² nalar Frage, Angelegenheit, Problem — ⁶⁶³ bingung verwirrt — ⁶⁶⁴ susah bekümmert — ⁶⁶⁵ sanding Seite — ⁶⁶⁶ ngrangkul umarmen; rerangkulan einander umarmen — ⁶⁶⁷ ranta wehmütig — ⁶⁶⁸ nalangsa um Vergangenes trauern — ⁶⁶⁹ lestari / lestantun erfolgreich

da⁶⁷⁰. Nalika nembé sakedhap pantji inggih anggadhahi manah sumelang⁶⁷¹, kuwatos, awit kala samanten dèrèng njambutdamel, tur kedah gesang pijambak, boten tampi arta kados kala rumijin, namung kantun⁶⁷² njuwun dhateng ibunipun. Nanging sareng sampun dipun tundung, kedah ngupados arta pijambak. Tudjunipun⁶⁷³ ingkang èstri pinter, ladjeng sadéjan wonten sangadjenging grija, sadé ratengan⁶⁷⁴. R. M. Darmasto sareng sumerap dhateng ingkang èstri kados makaten wau welas⁶⁷⁵ sanget, mila ladjeng pados padamelan. Saben dinten késah, dhateng kantor-kantor⁶⁷⁶ utawi pabrik-pabrik⁶⁷⁷, nanging dhasaripun pantjèn taksih sial⁶⁷⁸, anggènipun pados boten angsal, mila saja andadosaken prihatosing⁶⁷⁹ R. M. Darmasto. Mangka sapunika sampun dados tijang djaler ingkang gegrija⁶⁸⁰, kedah tanggél djawab⁶⁸¹ ing samudjanipun. Inggang èstri sumerap ingkang djaler dèrèng angsal padamelan, sanget prihatosipun, mila malah saja bekti⁶⁸². Inggang djaler dipun sukani sumerap⁶⁸³, manawi boten sisah⁶⁸⁴ ngaja-aja⁶⁸⁵ anggènipun ngupados padamelan, mangké dangudangu rak saged angsal. Tékadipun pijambakipun sampun saged sesadéjan, sinaosa untungipun⁶⁸⁶ namung sakedhik, nanging tjekap kanggé njambet⁶⁸⁷ gesangipun. Dipun tjariosi⁶⁸⁸ kados makaten wau, R. M. Darmasto malah saja nalangsa sanget, katresnanipun dhateng ingkang èstri saja tambah ngrembaka.

Saking tumemenipun⁶⁸⁹ R. M. Darmasto anggènipun pados padamelan, wusana ladjeng saged angsal saèstu. Nanging wonten Semarang, dados djurutulis⁶⁹⁰ wonten pabrik, gadhahanipun bangsa mantja. R. M. Darmasto ladjeng rembagan kalijan ingkang èstri manawi sampun angsal

⁶⁷⁰ widada (altdjaw.) gesegnet — ⁶⁷¹ sumelang besorgt — ⁶⁷² namung kantun man brauchte nur . . . — ⁶⁷³ tudjuné / tudjunipun glücklicherweise — ⁶⁷⁴ ratengan fertige Speisen (Fleisch, Gebäck) — ⁶⁷⁵ welas mitleidig — ⁶⁷⁶ kantor (niederl.) Büro — ⁶⁷⁷ pabrik (niederl.) Werk, Betrieb, Fabrik — ⁶⁷⁸ sial vergebens — ⁶⁷⁹ prihatin / prihatos besorgt — ⁶⁸⁰ omah-omah / gegrija eine Wohnung haben — ⁶⁸¹ tanggung djawab / tanggél djawab verantwortwörtlich — ⁶⁸² bekti ergeben — ⁶⁸³ mènèhi weruh / njukani sumerap mitteilen — ⁶⁸⁴ ora susah / boten sisah es ist nicht nötig, man braucht nicht zu — ⁶⁸⁵ ngaja-aja sich Mühe geben — ⁶⁸⁶ untung Gewinn, Profit — ⁶⁸⁷ njambung urip / njambet gesang auskommen — ⁶⁸⁸ njariosi (tjarios) etwas erzählen — ⁶⁸⁹ tumemen (temen) sich einspannen — ⁶⁹⁰ djurutulis (malaisch) Schreiber, Sekretär

padamelan, nanging wonten Semarang. Sakawit⁶⁹¹ R. M. Darmasto boten purun nglampahi, awit ladjeng badhé pisah kalijan ingkang èstri. Nanging sareng ingkang èstri malah djumurung⁶⁹², supados dipun lampahi, R. M. Darmasto ladjeng saèstu bidal dhateng Semarang. Lan sarèhning bajaripun⁶⁹³ dèrèng njekapi⁶⁹⁴ manawi kanggé gesang tijang kalih wonten kitha Semarang, mila ingkang èstri kapurih⁶⁹⁵ wonten Solo rumijin, gampil béndjang⁶⁹⁶ manawi sampun saged tjekap bajaripun, badhé dipun djak pindhah⁶⁹⁷. Inggih èstri sarudjuk⁶⁹⁸, mila ladjeng ngladjengaken⁶⁹⁹ anggènipun sesadéjan, kanthi dipun bantu⁷⁰⁰ déning baturipun⁷⁰¹ èstri mbok⁷⁰² Sinem.

Saèstu M. A. Kupu ladjeng dipun bojongi⁷⁰³ déning ingkang djaler dhateng Semarang, manggèn wonten ing kampung Kranggan, njéwa grija alit, ingkang namung tjekap kanggé tijang kalih.

Pantjèn njatanipun, gesangipun tijang kekalih punika tansah atut-runtut⁷⁰⁷, boten naté kepireng sami paben⁷⁰⁵, gesangipun tansah kados mimi⁷⁰⁶ lan mintuna⁷⁰⁷, kalih-kalihipun sami manggih swarganing djedjodowan.

Saja malih sareng R. M. Darmasto sumerep manawi ingkang èstri sampun ngandhut⁷⁰⁸ angsal tiga wulan, bingahipun saja ageng, katresnanipun dhateng ingkang èstri saja tambah-tambah. M. A. Kupu pijambak inggih rumaos bingah lan begdja⁷⁰⁹, déné badhé wonten turunipun, ingkang ing tembé wingkingipun saged njambet⁷¹⁰ dhateng lelampahanipun⁷¹¹.

Ananging dilalah⁷¹², tjobining Pangéran dhateng tijang kalih wau pantjèn dèrèng tjekap samanten. Buktinipun ladjeng wonten tjobi⁷¹³

⁶⁹¹ sakawit zu Anfang — ⁶⁹² djumurung (djurung) aufmuntern, Erfolg wünschen — ⁶⁹³ mbajar (bajar) bezahlen — ⁶⁹⁴ njukupi / njekapi ausreichen — ⁶⁹⁵ murih (purih) beauftragen — ⁶⁹⁶ béndjang später — ⁶⁹⁷ alih / pindhah umziehen — ⁶⁹⁸ sarudjuk einverstanden — ⁶⁹⁹ mbandjuraké / ngladjengaken fortsetzen — ⁷⁰⁰ mbantu helfen — ⁷⁰¹ réntjang / batur Diener — ⁷⁰² mbok = embok — ⁷⁰³ mbojongi umziehen lassen, umsiedeln — ⁷⁰⁴ atut-runtut gut zusammen passen (junges Paar) — ⁷⁰⁵ padu/paben streiten — ⁷⁰⁶ mimi Molukkenkrebs (Cimulus) — ⁷⁰⁷ mintuna weiblicher Molukkenkrebs — ⁷⁰⁸ ngandhut (kandhut) schwanger sein — ⁷⁰⁹ begdja Glück, glücklich — ⁷¹⁰ sambung / sambet anschließen an — ⁷¹¹ lelakon / lelampahan Geschicke — ⁷¹² dilalah zufällig, unglücklicherweise — ⁷¹³ tjoba / tjobi Prüfung

malih ingkang sakelangkung ageng. Pabrik panggènan njambut-damelipun R. M. Darmasto bangkrut⁷¹⁴, ladjeng kepeksa⁷¹⁵ tutup⁷¹⁶, ingkang andjalari kedah ngedalaken⁷¹⁷ para kaum⁷¹⁸ berahipun sadaja, kalebet R. M. Darmasto pijambak. R. M. Darmasto kapeksa dados pandji⁷¹⁹ klanthung⁷²⁰, saben dinten tansah késah pados padamelan malih, nanging sepen, boten angsal. Sampun mèh kalih tengah wulan kepeksa nganggur⁷²¹, barang-barangipun ingkang èstri sampun kathah kalongipun⁷²², kanggé tombok⁷²³ nedha ing saben dintenipun. Gèk⁷²⁴ mangka⁷²⁵ M. A. Kupu anggènipun ngandhut sampun mindhak⁷²⁶ ageng, mila saja andadosaken sedihing manahipun R. M. Darmasto. Saben dinten tansah késah, késah éndjing, wangsul sonten, nanging meksa boten angsal damel.

Sampun djangkep⁷²⁷ kalih wulan R. M. Darmasto anggènipun nganggur. Nanging dangu-dangu inggih angsal padamelan malih. Padamelan wau awrat sanget, mlebet⁷²⁸ djam 7 éndjing dumugi djam 2 siang, ladjeng ngaso⁷²⁹, mlebet malih djam 4 dumugi djam 9 dalu, nembé wangsul. Sarèhning kapeksa, mila inggih dipun lampahi.

Ananging ingkang boten kijat badanipun, awit boten naté njambut-damel rekaos⁷³⁰ ingkang kados makaten. Mila saweg sawulan kéma-won, badanipun sampun ketingal kera⁷³¹, ketambahan sakit watuk⁷³² pisan. Dangu-dangu badanipun malah saja boten kijat, wusana ladjeng ambruk⁷³³ sakit.

Mindhak dinten sakitipun R. M. Darmasto malah saja sanget, badanipun saja kera lan putjet. Watukipun saja tambah ngikil⁷³⁴, malah-malah sok katutan⁷³⁵ rah pisan. Sumerap sakitipun ingkang djaler kados makaten punika, M. A. Kupu sedih sanget lan welas.

⁷¹⁴ bangkrut (niederl.) Bankrott machen — ⁷¹⁵ meksa (peksa) zwingen — ⁷¹⁶ tutup schließen — ⁷¹⁷ ngetokaké / ngedalaken (wetu / wedal) entlassen — ⁷¹⁸ kaum Klasse, Volk (dient zur Bezeichnung einer Vielzahl); kaum buruh / kaum berah die Arbeiter — ⁷¹⁹ pandji Mann (von Adel) — ⁷²⁰ klanthung ohne Arbeit; pandji klanthung Arbeitsloser — ⁷²¹ nganggur ohne Arbeit sein — ⁷²² kalong abnehmen — ⁷²³ tombok Zugabe — ⁷²⁴ gèk danach — ⁷²⁵ mangka und dann — ⁷²⁶ mundhak / mindhak (undhak / indhak) zunehmen — ⁷²⁷ ganep / djangkep voll, vollständig — ⁷²⁸ mlebu / mlebet beginnen (Arbeit) — ⁷²⁹ ngaso sich ausruhen, Pause machen — ⁷³⁰ rekasa / rekaos schwierig — ⁷³¹ kuru / kera mager — ⁷³² watuk Husten — ⁷³³ ambruk einstürzen, zusammenbrechen — ⁷³⁴ ngikil trocken (Husten) — ⁷³⁵ katutan gefolgt von

Ingang djaler tansah dipun upakara⁷³⁶ sasagedipun kémawon. Sakitipun R. M. Darmasto saja ngrekaos sanget, malah sapunika boten saged menjat⁷³⁷, tansah tetileman kémawon ing saben dintenipun. R. M. Darmasto pijambak rumaos, kados-kados sakitipun boten saged saras⁷³⁸ malih, lan nginten jèn boten dangu malih badhé dipun pundhut ing pangajunaning⁷³⁹ Pangéran. Mila mèh saben dalu R. M. Darmasto rawat luh⁷⁴⁰. Kéngetan dhateng ibunipun ingkang sampun séda, setengah taun ingkang kapengker, djalaran ngraosaken⁷⁴¹ badanipun. Kaping kalhipun pijambakipun mikir, jèn ingkang èstri sampun wawrat⁷⁴² sepuh⁷⁴³, sampun mèh dumugi léking⁷⁴⁴ djabang baji⁷⁴⁵ lahir⁷⁴⁶. Nudju satungiling dinten, wantji⁷⁴⁷ djam 3 dalu, R. M. Darmasto sampun rumaos boten kijat nandhang rekaosing sakitipun, lan nginten jèn tumunten⁷⁴⁸ badhé dipun pundhut Ingang Kuwaos⁷⁴⁹. R. M. Darmasto ladjeng ndjawil⁷⁵⁰ ingkang èstri, ingkang tansah ndjagi⁷⁵¹ rintén dalu⁷⁵² ing sandingipun. „Wonten punapa kangmas?“ „Diadjeng⁷⁵³ . . . Mirahku, aku . . . djupukna banju. Rasaning gorokanku⁷⁵⁴ teka garing⁷⁵⁵ temen ngéné.“ Ingang èstri ladjeng mendhetaken wédang, ingkang sampun tjumawis wonten kenap⁷⁵⁶ ing sandingipun. Sareng sampun ngombé, R. M. Darmasto ngladjengaken ginemipun malih, kanthi seseg⁷⁵⁷ swantenipun. „Diadjeng gegantilaning⁷⁵⁸ atiku⁷⁵⁹. Rungokna, sing rada tjedhak kéné, aku arep guneman karo kowé.“ „Inggih kangmas, wonten punapa?“ „Mirahku, mbokmanawa sedéla manèh, aku bakal tekan ing djandjiku⁷⁶⁰, bali menjang pangajunaning

⁷³⁶ ngupakara pflegen — ⁷³⁷ menjat aufstehen — ⁷³⁸ waras / saras geheilt — ⁷³⁹ pangajunan Angesicht — ⁷⁴⁰ luh Träne; rawat luh Tränen vergießen — ⁷⁴¹ ngrasakaké / ngraosaken sich grämen; badanipun hier reflexiv: weil sie sich um ihn grämte — ⁷⁴² meteng / wawrat schwanger — ⁷⁴³ meteng tuwa / wawrat sepuh hochschwanger — ⁷⁴⁴ lèk Zeitpunkt der Niederkunft — ⁷⁴⁵ djabang baji Säugling — ⁷⁴⁶ lahir geboren werden — ⁷⁴⁷ wajah / wantji Tageszeit — ⁷⁴⁸ tumuli / tumunten schnell — ⁷⁴⁹ Ingang Kuwaos der Allmächtige — ⁷⁵⁰ ndjawil (djawil) jemanden aufmerksam machen — ⁷⁵¹ djaga / djagi wachen — ⁷⁵² rintén dalu Tag und Nacht — ⁷⁵³ diadjeng = dhiadjeng = mas adjeng — ⁷⁵⁴ gorokan Kehle, Gurgel — ⁷⁵⁵ garing trocken — ⁷⁵⁶ kenap (niederl.) Tischchen — ⁷⁵⁷ seseg keuchen, unter Atemnot leiden — ⁷⁵⁸ gantilan Stengel, Stiel — ⁷⁵⁹ gantilaning ati Liebling — ⁷⁶⁰ tekan ing djandji / dumugi ing djandji sein Lebensende erreicht haben

Pangéran. Sadurungé aku ninggal⁷⁶¹ kowé aku . . . duwé piweling⁷⁶² sathithik.“

„O . . . kangmas, sampun ngendika ingkang kados makaten, jèn pandjenengan séda polah kulo gèk kados pundi⁷⁶³?“

„Mirahku, élinga kabèh kuwi wis karsaning Gusti sing Maha Kuwasa⁷⁶⁴, aku kabèh mung saderma⁷⁶⁵ nglakoni wis pesthiné kudu kaja ngono, sedhéla manèh aku mesthi wis tekan djandjiku. Mula sapungkurku⁷⁶⁶ kowé kudu sing ngati-ati awit isèn⁷⁶⁷ isèning donja pantjèn akèh sing sarwa⁷⁶⁸ gumbjar⁷⁶⁹, kang satemené mung barang pulasan⁷⁷⁰ baé. Urip ana ing alam donja pantjèn akèh godane⁷⁷¹, mula sapungkurku kowé sing sabar⁷⁷² . . .“

Mireng kados makaten M. A. Kupu saja seseg panangisipun. Ladjeng menjat ngusapi⁷⁷³ luhipun ingkang tansah dlèwèran⁷⁷⁴ wonten ing pipinipun.

R. M. Darmasto kèndel sakedhap, njawang⁷⁷⁵ dhateng ingkang èstri.

„Wis . . . ta diadjeng, ora susah kowé nangis ngono, mundhak njandet-njandeti⁷⁷⁶ menjang lakuku baé, aku éklasna⁷⁷⁷ lan sing gedhé tawakalmu⁷⁷⁸, supaja enggonku bali iki olèh dalan sing padang⁷⁷⁹ djembar⁷⁸⁰ kubur . . . ku . . .“

Dèrèng telas anggènipun witjanten, R. M. Darmasto ladjeng ngeremaken⁷⁸¹ mripatipun, kenteging⁷⁸² dhadha saja itjal, wusana mak les⁷⁸³ . . . itjal . . . babar pisan⁷⁸⁴. R. M. Darmasto saèstu dumugi ing djandjinipun. M. A. Kupu sakala ndjerit⁷⁸⁵, kalijan ngrungkebi⁷⁸⁶

⁷⁶¹ ninggal / nilar (tinggal / tilar) verlassen, sterben — ⁷⁶² meling (weling) beauftragen; piweling Auftrag, Vermächtnis — ⁷⁶³ kulo gèk kados pundi was soll dann aus mir werden? — ⁷⁶⁴ maha kuwasa / maha kuwaos allmächtig — ⁷⁶⁵ saderma pflichtgetreu — ⁷⁶⁶ sapungkurku / sapengker kulo nach meinem Tode — ⁷⁶⁷ isèn Inhalt — ⁷⁶⁸ sarwa sehr, ganz und gar — ⁷⁶⁹ gumbjar (gebjar) glänzen — ⁷⁷⁰ mulas (pulas) färben; pulasan getüncht, unecht — ⁷⁷¹ nggoda (goda) verführen — ⁷⁷² sabar geduldig — ⁷⁷³ ngusapi abwischen — ⁷⁷⁴ ndlèwèr tropfen, fließen — ⁷⁷⁵ njawang (sawang) schauen — ⁷⁷⁶ njandet = njandhet (tjandhet) zügeln, festhalten, zurückhalten (Gast, der gehen will) — ⁷⁷⁷ ngéklasaké / -aken (éklas) sich abfinden, resignieren — ⁷⁷⁸ tawakal Vertrauen in Allah, Ergebung — ⁷⁷⁹ padang = padhang hell — ⁷⁸⁰ djembar breit, geräumig — ⁷⁸¹ ngeremaké (erem) schließen — ⁷⁸² kenteg sich heben und senken (Brust) — ⁷⁸³ mak les still einschlafen, das Bewußtsein verlieren — ⁷⁸⁴ babar pisan ganz und gar — ⁷⁸⁵ ndjerit (djerit) aufschreien — ⁷⁸⁶ ngrungkebi (rungkeb) umarmen

lajoning⁷⁸⁷ ingkang djaler, ingkang taksih gilang-gilang⁷⁸⁸ wonten ing sandingipun. M. A. Kupu dhawah . . . kantaka.

Let setengah wulan saking pedjahipun ingkang djaler, M. A. Kupu saèstu ladjeng babaran⁷⁸⁹, medal èstri kanthi wiludjeng sadaja. Sareng sampun sapeken⁷⁹⁰, laré ladjeng dipun namèni: Sudarmirah, manut kados piwelingipun ingkang djaler.

Sudarmirah mindhak dinten saja mindhak ageng, kalis⁷⁹¹ ing sesakit. Malah sareng sampun umur 3 wulan, sampun ketinggal rupinipun ingkang aju lan manisipun, satléraman⁷⁹² kados rupining bapakipun. Saben dinten Djumuh, Sudarmirah tansah dipun djak ibunipun, tuwi⁷⁹³ dhateng kuburipun bapakipun, ingkang dumunung wonten ing astana⁷⁹⁴ „Bergota“. Manawi tuwi kados makaten wau, ngantos dangu. Dilalah Sudarmirah boten rèwèl⁷⁹⁵, tansah kèndel, namung tanganipun ingkang srawéjan⁷⁹⁶, sumerep kembang kembodja⁷⁹⁷ ingkang pating blasah⁷⁹⁸ wonten sakiwa-tengening⁷⁹⁹ kuburing bapakipun wau.

Sudarmirah saja dangu saja dados ageng, badanipun lema⁸⁰⁰, ginuk-ginuk⁸⁰¹, leléwanipun⁸⁰² sampun kathah, adamel bingahing ibunipun. Nanging bibar bingah adat saben⁸⁰³ sok ladjeng sedih, awit ladjeng kèngetan dhateng ingkang djaler malih, ingkang sampun wangsul ing djaman kalanggengan⁸⁰⁴. Inggih kados makaten wau kawontenanipun⁸⁰⁵ M. A. Kupu. Wiludjengipun mbok Minem sampun kénging dipun pitados, saged sadéjan punapa, mila radi majaraken⁸⁰⁶.

Nudju satunggiling dinten, wantji djam 9, éndjing, langitipun⁸⁰⁷ ketinggal padhang sumilak⁸⁰⁸. Srengéngé⁸⁰⁹ sampun radi inggil, hawani-

⁷⁸⁷ lajon K.I. = majit Leiche — ⁷⁸⁸ gilang-gilang liegen bleiben (Leiche) — ⁷⁸⁹ mbabar K.I. = duwé anak / gadhah anak entbinden — ⁷⁹⁰ pasar / peken Markt-, Fünftagewoche — ⁷⁹¹ kalis entgangen — ⁷⁹² tléram glänzend, funkelnd; satléraman ebenso schön wie — ⁷⁹³ tilik / tuwi besuchen — ⁷⁹⁴ astana Friedhof — ⁷⁹⁵ rèwèl unartig, lästig — ⁷⁹⁶ srawé (Infix -r-) winken — ⁷⁹⁷ kembodja Kambodjabaum (plumiera acuminata) — ⁷⁹⁸ blasah (Infix -l-) verstreut auf der Erde liegen — ⁷⁹⁹ sakiwa-tengéné / -ipun links und rechts, rings umher — ⁸⁰⁰ lemu / lema dick — ⁸⁰¹ ginuk rundlich, mollig — ⁸⁰² leléwa eigenwillige Bewegungen — ⁸⁰³ adat saben wie immer — ⁸⁰⁴ lang-geng ewig; wangsul ing djaman kalanggengan sterben, heimgehen — ⁸⁰⁵ kaanan / kawontenan Zustand, Lage, Verhältnisse — ⁸⁰⁶ majar erleichtert; majaraké / -aken sich verbessern, besser werden — ⁸⁰⁷ langit Himmels, Firmament — ⁸⁰⁸ sumilak klar, wolkenlos — ⁸⁰⁹ srengéngé Sonne

pun⁸¹⁰ sampun mèh bentèr. M. A. Kupu saweg ngemban⁸¹¹ anakipun wonten sangadjenging grija. Boten kados padatanipun⁸¹², dinten punika Sudarmirah tansah rèwèl kémawon.

Dumadakan M. A. Mirah kagèt awit wonten tijang tiga, murugi dhateng panggènanipun ingkang djaler, ingkang satunggal èstri taksih radi nèm. Sareng sampun tjelak, M. A. Kupu saja kagèt, awit salah satunggiling tijang djaler wau saèngetipun⁸¹³ inggih tijang ingkang sampun naté badhé sembrana⁸¹⁴ kalijan pijambakipun, nalika taksih sadéjan wonten Solo. Mila sareng mangertos M. A. Kupu manahipun ladjeng kraos boten sakétja, awit adjrih manawi badhé dipun sembrani⁸¹⁵ malih.

„Apa ing kéné bener omahé R. M. Darmasto, sing asalé saka Solo?“ makaten pitakènipun salah satunggiling prijantun ingkang sepuh pijambak.

„Inggih leres. Nanging andadosaken ing kawuningan⁸¹⁶, R. M. Darmasto sampun tilar donja⁸¹⁷“, wangsulanipun M. A. Kupu semu⁸¹⁸ ngandhut⁸¹⁹ kasudjan⁸²⁰.

„Aku wis ngerti bab iku. Tekaku mréné arep nggolèk bodjoné.“

„O . . . awon-awon⁸²¹ inggih kulo punika ingkang èstri.“

„E dadi kowé dhéwé ta wongé.“

„Inggih. Wonten kersa punapa?“

„Kebeneran, ana perlu sing wigati⁸²².“

„O . . . jèn ngaten, mangga ta lenggah wonten nglebet kémawon,“ aturipun M. A. Kupu ngatjarani⁸²³ tamunipun.

Sadaja ladjeng sami mlebet, mapan lenggah ing ambèn, awit pantjèn boten gadhah kursi. Déné M. A. Kupu pijambak wonten lintjak⁸²⁴ kalijan mangku⁸²⁵ anakipun.

⁸¹⁰ hawa Wetter, Luft — ⁸¹¹ ngemban (emban) erwarten — ⁸¹² padatan (adat Gewohnheit); kaja / kados padatan wie immer, wie gewöhnlich — ⁸¹³ saélingé / saèngetipun soweit sie sich erinnern konnte — ⁸¹⁴ sembrana frech, gleichgültig — ⁸¹⁵ njembranani jemanden frech behandeln — ⁸¹⁶ wuninga (altdjaw.) wissen; andadosaken ing kawuningan ich darf Sie davon in Kenntnis setzen, daß . . . — ⁸¹⁷ tinggal donja / tilar donja sterben — ⁸¹⁸ semu Miene — ⁸¹⁹ ngandhut enthalten — ⁸²⁰ sudja mißtrauisch — ⁸²¹ ala-ala / awon-awon immerhin, jedoch, doch — ⁸²² wigati / wigatos wichtig — ⁸²³ ngatjarani (atjara) willkommen heißen, eintreten lassen (Gast) — ⁸²⁴ lintjak Bank — ⁸²⁵ pangku Schoß; mangku auf dem Schoß halten

Tijang tiga wau boten sanès R. M. Ng. Darsohandojo, kalijan garwanipun⁸²⁶ énggal⁸²⁷, awit garwa ingkang rumijin, ibunipun R. M. Darmasto, sampun séda. Déné satunggalipun malih punggawa nagari, apangkat⁸²⁸ Djaksa⁸²⁹.

„Andadèkna wruhanamu, aku iki wong tuwané bodjomu sing wis mati. Prijaji sing sidjiné iki Djaksa nagara.“

M. A. Kupu kagèt sanget, awit inggih nembé sapisan mangertos, manawi tijang ingkang sampun naté ngganggu⁸³⁰ punika, djebulipun⁸³¹ mara sepuhipun⁸³² pijambak, tijang sepuhipun ingkang djaler.

„O . . . inggih, ladjeng kersanipun rawuh wonten ngriki kados pundi?“

„Tekaku mréné, arep takon bab putuku⁸³³, saiki ana ing ngendi?“

„O . . . lha inggih laré ingkang saweg kulo emban punika, wajah⁸³⁴ pandjenengan pijambak.“

„E . . . tibané wis gedhé ja? Aduh⁸³⁵ ajuné putuku iki. Wis umur pira saiki?“

„Gangsal wulan kirang sakedhik.“

„Mèmper, mèmper⁸³⁶, wis gedhé.“

„Inggih.“

„Tekaku mréné iki, ora lija kedjaba tilik keslametanmu, kapindhoné arep rembugan karo kowé bab putuku iki.“

„Kersanipun . . . ?“

„Karepku, putuku arep dakgawa⁸³⁷ menjang Solo kanggo gantining⁸³⁸ anakku sing wis ora ana. Kapindhoné arep ndidik⁸³⁹ botjah iki, supaja ing tembé buriné dadi wong sing ketjik⁸⁴⁰, awit jèn kowé sing ngrumat⁸⁴¹ mesthi ora bisa.“

M. A. Kupu kagèt sanget.

„Badhé dipun bekta dhateng Solo?“

„Ija! Ngertija, wong wadon iku ora nduwèni hak⁸⁴² menjang botjah, sing duwé hak kuwi wong lanang⁸⁴³. Mangka bapakné botjah iki

⁸²⁶ garwa K.I. = bodjo — ⁸²⁷ anjar / énggal neu — ⁸²⁸ pangkat Rang, Dienststellung — ⁸²⁹ djaksa Staatsanwalt — ⁸³⁰ ngganggu stören, hänseln — ⁸³¹ djebul es stellt sich heraus, daß . . . — ⁸³² mara tuwa / mara sepuh Schwiegereltern — ⁸³³ putu Enkel — ⁸³⁴ wajah K.I. = putu — ⁸³⁵ aduh ach — ⁸³⁶ mèmperähnlich, gleich — ⁸³⁷ nggawa / mbekta mitnehmen, bringen — ⁸³⁸ ganti / gantos Ersatz — ⁸³⁹ ndidik erziehen — ⁸⁴⁰ ketjik gut, kräftig — ⁸⁴¹ ngrumat / ngrimat pflegen — ⁸⁴² hak Recht — ⁸⁴³ sing duwé hak kuwi wong lanang der Mann besitzt dieses Recht

anakku dhéwé, lan aku iki wong tuwané bapakné botjah iki, dadi⁸⁴⁴ sing duwèni hak saiki aku⁸⁴⁵. Mula botjah iki arep dakgawa mulih⁸⁴⁶ menjang Solo.“

M. A. Kupu saja kagèt, domblong⁸⁴⁷, ngantos dangu boten saged mangsuli.

„Kowé adja kagèt, bab iki pantjèn wis dadi katetepaning⁸⁴⁸ nagara dhéwé, jèn sing nduwèni hak mau wong lanang.“

„Punapa kulo punika boten anggadhahi hak kados makaten?“

„Ora.“

„Boten? Ah jèn ngaten kirang adil⁸⁴⁹, awit kulo dados ibunipun laré punika, ingkang ngandhut lan nglahiraken⁸⁵⁰. Sababipun punapa boten gadhah hak?“

„Pantjèn ja ngono, wong wadon ora nduwèni hak, sing duwé hak wong lanang, jaiku bodjomu. Sarèhning bodjomu wis mati, dadi haké tiba menjang aku.“

„Boten saged, ingkang gadhah hak inggih bijungipun⁸⁵¹“, aturipun mbantah.

„Kowé adja wangkal ngono ta, mundhak ora betjik. Wruhanamu, prijaji sidji iki Djaksaning nagara sawidjining wong sing ngerti menjang bab hukum⁸⁵². Kowé kudu duwé pikiran sing djembar⁸⁵³, sebab jèn kowé ora gelem ngulungaké⁸⁵⁴ botjah iki, kowé bakal nemoni alangan⁸⁵⁵ gedhé, kena ing prekara⁸⁵⁶. Karo manèh, enggonmu omah-omah karo anakku kuwi ora saka palilahku⁸⁵⁷, dadi djenengé ora absah, kena dituntut prekara⁸⁵⁸, ngerti.“

„Sinten ingkang boten ngesahaken⁸⁵⁹? Anggèn kulo émah-émah kalijan kakangmas rak wonten sangadjenging Pengulu⁸⁶⁰, kanthi dipun seksèni⁸⁶¹ déning tijang kathah,“ makaten pambantahipun M. A. Kupu.

⁸⁴⁴ dadi / dados (am Satzanfang) daher, deshalb, also — ⁸⁴⁵ dadi sing duwèni hak saiki aku also besitze ich dieses Recht jetzt — ⁸⁴⁶ mulih / mantuk zurückkehren — ⁸⁴⁷ ndomblong vor Staunen den Mund aufsperrern — ⁸⁴⁸ katepan Bestimmung — ⁸⁴⁹ adil gerecht — ⁸⁵⁰ nglahiraké / -aken (lahir) gebären — ⁸⁵¹ bijung Mutter — ⁸⁵² hukum Strafrecht, Gesetz, Recht — ⁸⁵³ djembar großzügig — ⁸⁵⁴ ngulungaké / -aken aushändigen, überreichen — ⁸⁵⁵ alangan Hindernis — ⁸⁵⁶ prekara / prekawis Prozeß — ⁸⁵⁷ palilah Erlaubnis — ⁸⁵⁸ nuntut prekara einen Prozeß anstrengen — ⁸⁵⁹ ngesahaké / -aken (sah) legitimieren — ⁸⁶⁰ ulu (altdjaw.) Haupt; pengulu Ältester der Moschee-Priester — ⁸⁶¹ seksèni Zeuge; njeksèni bezeugen

„Kuwi bener. Nanging manut adat tata tjara Djawa, wong jèn arep omah-omah kuwi, kudu olèh palilah saka wong tuwané sakaroné⁸⁶², dimupakati apa ora⁸⁶⁴. Balik kowé rak ora, ora olèh idinku⁸⁶⁵. Mula botjah iki sing duwé hak ja aku⁸⁶⁶, wong tuwané bodjomu.“

„Boten saged, sinaosa kados pundi kémawon, laré punika tetep dados hak kulo, awit pantjèn dhasar anak kulo pijambak, mila boten badhé kulo ulungaken dhateng sintena kémawon⁸⁶⁷.“

„Jèn kowé tetep ambrengkelo⁸⁶⁸ kaja ngono, kowé bakal nemoni prekara, lan mesthi bakal dak pasrahaké⁸⁶⁹ menjang pulisi⁸⁷⁰ supaja njekel kowé ing saiki uga. Hara⁸⁷¹ tjoba pikiran dhisik, mumpung⁸⁷² durung kebatjut⁸⁷³.“

Mireng badhé dipun pasrahaken dhateng pulisi wau, M. A. Kupu sadjak adjrih, awit bawanipun⁸⁷⁴ pantjèn tijang ingkang boten naté gegajutan⁸⁷⁵ kalijan pulisi. Mireng tembung⁸⁷⁶ pulisi kémawon, kala wekdal samanten mesthi adjrihipun. Wangunipun, kagètipun M. A. Kupu wau, kapirsanan⁸⁷⁷ déning R. M. Darsohandojo mila semu bingah, awit badhé wonten asilipun⁸⁷⁸.

„Keprijé hara, mumpung durung kebatjut betjiké botjah iki ulungna baé. Karo manèh ora bakal ngrépoti⁸⁷⁹ menjang kowé, panguripanmu ora tjukup, kowé bakal ngrekasa⁸⁸⁰. Elinga kowé isih enom, rupamu isih aju, jèn omah-omah manèh, lakimu seneng, awit botjah iki dadi ora ngrégoni⁸⁸¹. Wis ta manuta baé karo gunemku iki kowé bakal saja merdika⁸⁸², ora ana sing ngaru-biru⁸⁸³.“

⁸⁶² sakaroné / sakalihipun beide (Paar) — ⁸⁶³ mupakat einverstanden —
⁸⁶⁴ dimupakati apa ora ob sie einverstanden sind oder nicht — ⁸⁶⁵ idin
 Erlaubnis — ⁸⁶⁶ mula botjah iki sing duwé hak ja aku daher bin ich es,
 der Rechte an diesem Kind hat — ⁸⁶⁷ dhateng sintena kémawon wem auch
 immer — ⁸⁶⁸ mbrengkelo naseweis, neunmalklug — ⁸⁶⁹ masrahaké / -aken
 (pasrah) übergeben — ⁸⁷⁰ pulisi (niederl.) Polizei — ⁸⁷¹ hara vorwärts,
 mach schon — ⁸⁷² mumpung solange noch — ⁸⁷³ kebatjut es geschieht
 ein Unglück, es passiert etwas — ⁸⁷⁴ bawa Umstand; bawané / bawanipun
 wie zu erwarten ist — ⁸⁷⁵ gegajutan etwas zu tun haben mit, in Zusammen-
 hang stehen — ⁸⁷⁶ tembung Wort — ⁸⁷⁷ pirsira K.I. = weruh / sumerep —
⁸⁷⁸ asil Ergebnis, Ertrag, Erfolg — ⁸⁷⁹ répot Unannehmlichkeiten haben
 — ⁸⁸⁰ ngrekasa / ngrekaos in Schwierigkeiten kommen — ⁸⁸¹ ngrégoni
 stören — ⁸⁸² merdika frei, unabhängig — ⁸⁸³ ngaru-biru stören, zur Last
 sein

M. A. Kupu sareng mireng pangandikanipun R. M. Darsohandojo ingkang kados makaten wau, mrekitik⁸⁸⁴ sanget githokipun⁸⁸⁵, mula ngantos dangu boten mangsuli.

„Wis ta saiki ngéné baé amrih⁸⁸⁶ betjiké. Aku ora arep mrekarakaké⁸⁸⁷ bab iki menjang pulisi, saiki betjik padha betjik baé⁸⁸⁸. Botjah iki dakgawané menjang Solo, arep dakrumat betjik-betjik. Mbésuk jèn wis gedhé, botjah iki rak mesthi nggolèki karo kowé, wong⁸⁸⁹ kowé ibuné. Kowé dhéwé mengko dakwènèhi dhuwit, kanggo liru⁸⁹⁰ ragad olèhmu mentas⁸⁹¹ momong⁸⁹² botjah iki. Dhuwit mau kena kanggo sangu⁸⁹³ uripmu. Keprijé hara⁸⁹⁴, tjotjog⁸⁹⁵ ora karo rembugku iki kabèh?“

„Kulo boten betah arta lan boten badhé nedha opah anggèn kulo momong anak-anak kulo pijambak. Kalijan malih kulo sanès berah“, wangsulanipun M. A. Kupu sadjak sengit⁸⁹⁶.

„Wis ta⁸⁹⁷, kowé ora susah wangkal-wangkal ngono. Aku ora arep mrekarakaké bab iki, sabab jèn kowé dakprekarakaké, kowé mesthi ditjekel⁸⁹⁸, diukum⁸⁹⁹ abot. Mula luwih betjik dhuwit satus Rupijah iki tampanana, kena kanggo sangu uripmu“, ngendika makaten wau kalijan ngulungaken arta kertas⁹⁰⁰ sadasanan⁹⁰¹ lembar⁹⁰².

„Boten, boten, kulo boten betah arta“, wangsulanipun kalijan nangis. „Wis ta, adja nangis, dhuwit iki tampanana, uripmu bakal seneng.“ „Boten, boten, kulo boten mbetahaken arta kados makaten,“ kalijan nduwa.⁹⁰³

„Ah adja wangkal! Apa iki kurang akèh? Mengko daktambahi⁹⁰⁴ manèh. Iki dhuwit kalal, minangka opahmu enggonmu ngrumat botjah iki,“ kalijan ngulungaken arta.

⁸⁸⁴ mrekitik beugen — ⁸⁸⁵ githok Nacken — ⁸⁸⁶ amrih damit, so daß —
⁸⁸⁷ mrekarakaké / -aken (prekara) anzeigen — ⁸⁸⁸ saiki betjik padha betjik
 baé jetzt ist alles gut — ⁸⁸⁹ wong = lawong / latijang schließlich, immerhin
 — ⁸⁹⁰ liru / lintu Ersatz, Austausch — ⁸⁹¹ mentas soeben, vor kurzem —
⁸⁹² momong pflegen — ⁸⁹³ sangu Proviant — ⁸⁹⁴ keprijé hara was wird nun?
 — ⁸⁹⁵ tjotjog einverstanden — ⁸⁹⁶ sengit wütend — ⁸⁹⁷ wis ta es ist genug,
 hör auf — ⁸⁹⁸ njekel / njepeng verhaften — ⁸⁹⁹ ngukum bestrafen — ⁹⁰⁰ ker-
 tas Papier — ⁹⁰¹ sadasanan ungefähr zehn — ⁹⁰² lembar Blatt, Schein
 — ⁹⁰³ nduwa sich wehren — ⁹⁰⁴ nambahi (tambah) erhöhen (Summe)

M. A. Kupu menjat, mripatipun ketingal pendirangan⁹⁰⁵, awit saking mangkelipun⁹⁰⁶, rumaos dipun remèhaken⁹⁰⁷. Arta énggal-énggal⁹⁰⁸ dipun tampèni, kalijan sadjak nesu⁹⁰⁹. Nanging sanalika punika ugi, arta wau ladjeng dipun suwèk-suwèk⁹¹⁰ dados sawalang-sawalang⁹¹¹, terus dipun sebar⁹¹², wonten ngadjengipun tijang tiga wau. Tijang tiga kagèt sami pandeng-pandengan⁹¹³.

„Leres kulo punika tijang mlarat lan asor, ananging kulo boten badhé sadé utawi nedha gantosipun anggèn kulo momong anak-anak kulo pijambak. Kulo sanès tijang éwah⁹¹⁴. Kadjengipun⁹¹⁵ kulo gesang sengsara⁹¹⁶, boten dados punapa. Dhasaripun kulo tijang mlarat, nanging manah kulo taksih djedjeg⁹¹⁷, boten éwah. Lan kulo sampun mangertos, jèn pandjenengan punika dhasaripun tijang kedjem⁹¹⁸!“ aturipun M. A. Kupu kanthi nangis lan muring-muring⁹¹⁹, wusana ladjeng ambruk boten émut⁹²⁰.

Trengginas⁹²¹ R. M. Darsohandojo ladjeng njandhak⁹²² laré ingkang dipun géndong⁹²³, dipun rebat⁹²⁴, sarta énggal dipun ulungaken dhateng tijang èstri enèm wau; M. A. Kupu tangi malih, mripat mentjereng mandeng dhateng tijang tiga kanthi getem-getem⁹²⁵, tingkahipun⁹²⁶ kados tijang kesurupan⁹²⁷ ngadjrih-adjrihi, tanganipun tuding-tuding⁹²⁸ kanthi witjanten sugal⁹²⁹:

„Sétan⁹³⁰! Ajo minggat kabèh . . . rikat!“ panggetakipun kalijan njandhak sapu⁹³¹, kanggé ngepruki⁹³² tijang tiga wau. Tijang tiga

⁹⁰⁵ *pendirangan* unruhig um sich schauen — ⁹⁰⁶ *mangkel* zornig — ⁹⁰⁷ *remèh* gering, niedrig; *ngremèhakè* / *-aken* geringschätzen, beleidigen — ⁹⁰⁸ *énggal-énggal* schnell — ⁹⁰⁹ *nesu* böse, zornig — ⁹¹⁰ *njuwèk* zerreißen — ⁹¹¹ *walang* Heuschrecke; *dadi sawalang-walang* in tausend Stücke (zerreißen, zerschlagen), kurz und klein — ⁹¹² *njebar (sebar)* verstreuen — ⁹¹³ *mandeng (pandeng)* anschauen; *pandeng-pandengan* einander anschauen — ⁹¹⁴ *owah* / *éwah* verrückt — ⁹¹⁵ *tjikbèn* / *kadjengipun* möge es so sein, damit, so daß — ⁹¹⁶ *sengsara* elend, arm — ⁹¹⁷ *djedjeg* geistig gesund — ⁹¹⁸ *kedjem* erbarmungslos — ⁹¹⁹ *muring-muring* heulen — ⁹²⁰ *émut* bei Bewußtsein — ⁹²¹ *trengginas* fix, schnell, gewandt — ⁹²² *njandhak (tjandhak)* ergreifen — ⁹²³ *nggéndong* = *nggéndhong* auf dem Rücken tragen — ⁹²⁴ *rebut* / *rebat* wegreißen — ⁹²⁵ *getem-getem* mit den Zähnen knirschen — ⁹²⁶ *tingkah* Benehmen ⁹²⁷ *surup* hineingehen; *kesurupan* besessen — ⁹²⁸ *nuding (tuding)* zeigen — ⁹²⁹ *sugal* bissig, grimmig — ⁹³⁰ *sétan* Teufel — ⁹³¹ *sapu* Besen — ⁹³² *ngepruki* zer- schlagen, auf etwas losschlagen

wau, sareng sumerep kados makaten, gila⁹³³, adjrih. Sadaja ladjeng sami lumadjar kalijan mbopong⁹³⁴ Sudarmirah, dipun bekta mla- djeng⁹³⁵.

Sapengkeripun tijang tiga wau, M. A. Kupu kados tijang éwah sa- èstu, ladjeng gedrug-gedrug⁹³⁶, mladjar⁹³⁷ ngalèr-ngidul⁹³⁸, ngétan⁹⁴⁰-ngilèn⁹⁴¹, sadaja barang salebeting grija dipun obrak-obrik⁹⁴², dipun awut-awut⁹⁴³, dipun banting⁹⁴⁴, dipun dupak⁹⁴⁵, dipun butjali⁹⁴⁶. Dangu-dangu badanipun kraos sajah, ladjeng ndjerit, wusana ladjeng dhawah boten ènget, mbok Minem gita-gita⁹⁴⁷ ladjeng nulungi⁹⁴⁸ be- ndaranipun⁹⁴⁹.

Let saminggu saking kedadosan⁹⁵⁰ kesebat⁹⁵¹, M. A. Kupu dalah mbok Minem ladjeng sami ontjat⁹⁵² saking Semarang, dhateng pundi purug- ipun⁹⁵³, boten wonten ingkang mangertos, ngantos sapriki⁹⁵⁴ boten wonten kabaripun . . .

(Aus dem Roman „Pusporini“ von Imam Supardi, Surabaya 1959)

⁹³³ *gila* verrückt — ⁹³⁴ *mbopong* auf beiden Armen vor sich her tragen — ⁹³⁵ *lumaju* / *lumadjeng* weglaufen — ⁹³⁶ *gedrug-gedrug* vor Zorn mit den Füßen stampfen — ⁹³⁷ *mladjar* / *mladjeng* schnell laufen — ⁹³⁸ *ngalèr* nach Norden — ⁸³⁹ *ngidul* nach Süden — ⁹⁴⁰ *ngétan* nach Osten — ⁹⁴¹ *ngilèn* nach Westen — ⁹⁴² *ngobrak-obrik* durcheinanderwühlen — ⁹⁴³ *ngawut-awut* alles durcheinanderwerfen — ⁹⁴⁴ *mbanting* zerschmettern — ⁹⁴⁵ *ndupak* = *ndhupak* dagegen treten — ⁹⁴⁶ *mbuwangi* / *mbutjali* hinauswerfen — ⁹⁴⁷ *gita-gita* in aller Eile — ⁹⁴⁸ *nulungi (tulung)* helfen, beistehen — ⁹⁴⁹ *bendara* Herrin — ⁹⁵⁰ *kedadéjan* / *kedadosan* Ereignis — ⁹⁵¹ *njebut* / *njebat* nennen — ⁹⁵² *ontjat* entkommen, flüchten — ⁹⁵³ *dhateng pundi purugipun* . . . es gibt niemanden, der weiß, wohin sie gegangen sind — ⁹⁵⁴ *sapriki* / *sapriki* bis jetzt

Sikep kita gegajutan karo prekara pasarudjukan Indonesia — Landa

Ing sakiwa-tengené tanggal 18 utawa 19 September iki, résolusi prekara Irian Kulon bakal dadi débat ana ing Madjelis¹ Umum² PBB³. Ija putusaning débat mau kang bakal awèh hak utawa wewenang⁴ marang Sèkdjèn⁵ PBB U Thant nindakaké⁶ apa kang wis katjetha⁷ ana ing pasarudjukan⁸ Indonesia-Landa⁹. Kaja kang uwis-uwis¹⁰, sikep¹¹ kita gegajutan karo pasarudjukan kasebut, ija wis ora kurang tegas¹². Présidèn wis netepaké¹³, kadjaba ngasta¹⁴ djabatan¹⁵ kang lawas, Mènlu¹⁶ Subandrio dadi Menteri urusan¹⁷ Irian Kulon. Salijané iku, pasarudjukan kasebut ija wis ditampa klawan¹⁸ betjik déning DPR¹⁹. Ing tembungé mantja, pasarudjukan kasebut wis diratifikasir. Kawitjaksanané²⁰ Présidèn gegajutan karo perdjoangan²¹ ngrebut bali²² Irian Kulon ija wis dibeneraké²³ déning Musjawarah²⁴ Paripurna²⁵ DPR. Kabèh mau nuduhaké²⁶, jèn sikep kita gegajutan karo pasarudjukan ing New York dhisik, ora mangro tingal²⁷. Tegas lan

¹ *madjelis* (arabisch/malaiisch) Versammlung — ² *madjelis umum* Generalversammlung — ³ *PBB* = *Perserikatan Bangsa-Bangsa* (malaiisch) UNO — ⁴ *wewenang* Vollmacht — ⁵ *sèkdjèn* = *sekretaris djenderal* (niederl.) Generalsekretär — ⁶ *nindakaké* verwirklichen — ⁷ *katjetha* festgelegt — ⁸ *pasarudjukan (sarudjuk)* Abkommen, Vereinbarung — ⁹ *Landa* Niederlande — ¹⁰ *uwis* vorbei, vergangen — ¹¹ *sikep* Haltung — ¹² *tegas* klar — ¹³ *netepaké* bestimmen — ¹⁴ *ngasta* K. I. innehaben — ¹⁵ *djabatan* (malaiisch) Amt — ¹⁶ *mènlu* = *menteri luar negeri* (malaiisch) Außenminister — ¹⁷ *urusan* (malaiisch) Verwaltung — ¹⁸ *klawan* mit — ¹⁹ *DPR* = *Déwan Permusjawaratan Rakjat* (malaiisch) Ausschuß für Volksberatung (das indonesische Parlament) — ²⁰ *witjaksana* weitsichtig — ²¹ *perdjoangan* (malaiisch) Kampf — ²² *ngrebut bali* zurückgewinnen — ²³ *mbeneraké* billigen — ²⁴ *musjawarah* Ausschuß — ²⁵ *paripurna* Plenum — ²⁶ *nuduhaké* zeigen — ²⁷ *mangro tingal* schwankend

widjang²⁸, kaja bijèn²⁹ nalika kita ngadepi³⁰ usul³¹ rantjangané³² Bunker kang wusanané ija dienggo³³ dhedhasaring³⁴ pasarudjukan kasebut. Kita ngerti, jèn isih ana pérangan-péranganing³⁵ pasarudjukan mau kang ora nguntungaké³⁶ kita. Pantjèné pasarudjukan kasebut mung sawidjining piranti³⁷ kanggo sarana³⁸ ndjaluk bali bumi Irian Kulon. Dadi ora perlu diéremaké³⁹ manèh, jèn ana pérangan-pérangané pasarudjukan kang ringkih⁴⁰, kang isih awèh kalonggaran⁴¹ marang mungsuh. Wis aran lumrah⁴² ing djagating⁴³ diplomasi, kadjaba ndjaluk, kita ija kudu wani wèwèh⁴⁴. Mula wis sapantasé⁴⁵ jèn andjurané⁴⁶ DPR, supaja kita tansah tetep waspada⁴⁷, antuk⁴⁸ kawigatèn⁴⁹ saka kita kabèh. Keprijé sikepé Pamaréntah⁵⁰ Landa gegajutan karo pasarudjukan kasebut? Ora béda karo dhèk ngadepi usul rantjangané Bunker dhisik, sikepé Landa ija léngkat-léngkot⁵¹ kaja prawan⁵² kentjur⁵³ ditari⁵⁴ rabi⁵⁵.

Isih tansah golèk réka⁵⁶, keprijé enggoné bisa „mukul⁵⁷“ mungsuhé klawan ora kentara⁵⁸. Mesthiné kita kabèh wis ora nggumun manèh karo sikepé Landa kang kaja ngono mau. Mula kita kudu tansah prajitna⁵⁹ ngati-ati⁶⁰. Ning⁶¹ kita pertjaja⁶² (kaja kang diterangaké⁶³ déning Sèkdjèn PBB U Thant kepungkur) jèn pasarudjukan kasebut mesthi bakal ditampa betjik déning parlemèn nagara leloroné⁶⁴. Mung katerangané U Thant kasebut babarpisan ora ndjamin⁶⁵ jèn Landa bakal gelem klawan sutji nindakaké apa kang wis katjetha ana ing pasarudjukan mau.

²⁸ *widjang* deutlich — ²⁹ *bijèn* früher — ³⁰ *ngadepi* vor etw. stehen — ³¹ *usul* Vorschlag — ³² *rantjangan* Plan — ³³ *ngenggo* gebrauchen als — ³⁴ *dhasar* (malaiisch) Basis — ³⁵ *pérangan* Teil — ³⁶ *nguntungaké* nützen — ³⁷ *piranti* Mittel, Instrument — ³⁸ *sarana* mittels — ³⁹ *érem* verwundert — ⁴⁰ *ringkih* schwach — ⁴¹ *longgar* geräumig, frei — ⁴² *lumrah* / *limrah* üblich — ⁴³ *djagat* Welt, Milieu — ⁴⁴ *wèwèh* = *wènèh* geben — ⁴⁵ *pantas* passend, gebührend — ⁴⁶ *andjuran* Vorschlag, Aufruf — ⁴⁷ *waspada* wachsam — ⁴⁸ *antuk* bekommen, erreichen — ⁴⁹ *kawigatèn* Interesse — ⁵⁰ *pamaréntah* Regierung — ⁵¹ *léngkat* unwillig, schwankend — ⁵² *prawan* Jungfrau — ⁵³ *kentjur* unreif, noch nicht heiratsfähig (Mädchen, das noch keine Menstruation hat) — ⁵⁴ *nari* / *nantun* bitten, auffordern — ⁵⁵ *rabi* (altdjaw.) Ehegattin — ⁵⁶ *réka* List — ⁵⁷ *mukul* (*pukul*) schlagen — ⁵⁸ *kentara* sichtbar — ⁵⁹ *prajitna* vorsichtig — ⁶⁰ *ati-ati* aufpassen — ⁶¹ *ning* aber — ⁶² *pertjaja* vertrauen — ⁶³ *nerangaké* erklären — ⁶⁴ *leloroné* / *kekalihipun* beide — ⁶⁵ *ndjamin* garantieren

Kita wis kerep⁶⁶ ketatalan, Linggardjati, Renville lan sapanunggalané, Landa alon-alon mbanda⁶⁷. Saiki ija isih tetep kaja ngono. Djer wis kaja ngono adat wewatakané⁶⁸ kaum pendjadjah⁶⁹. Eman⁷⁰ arep nguwalaké⁷¹ djadjahané⁷². Apa manèh⁷³ bumi⁷⁴ djadjahané mau sugih⁷⁵ guru bakal⁷⁶ guru dadi⁷⁷. Lagi ing bab prekara punggawa Landa kang ana ing Irian Kulon, sawisé pepréntahan⁷⁸ in kana dipasrahaké marang panguwasa⁷⁹ sementara⁸⁰ PBB — suk⁸¹ tanggal 1 Oktober ngarep iki, — Landa wis wiwit arep golèk akal⁸² kanggo nggepuk⁸³ mungsuhé. Manut isining pasarudjukan, punggawa Landa sawisé tanggal⁸⁴ kasebut ing duwur, dadi sawisé pepréntahan ing Irian Kulon dipasrahaké marang PBB — „dengan sendirinja⁸⁵“ punggawa-punggawa kasebut kalebu⁸⁶ dadi punggawa PBB. Landa pantjèn wis awèh instruksi kaja ngono marang punggawané. Ning kabaré — sawisé pepréntahan dipasrahaké marang PBB — ing Irian Kulon bakal kekurangan⁸⁷ tenaga⁸⁸ tehnik. Djalaran tenaga-tenaga kasebut kang umumé dumadi saka⁸⁹ warga nagara⁹⁰ Landa, arep ditarik⁹¹ bali kabèh. Satemené prekara mau ija ora pati⁹² dadi soal⁹³ kang rumit⁹⁴, jèn pantjèn Landa gelem terus terang ora nedya gawé piala⁹⁵, gelem blaka suta⁹⁶ sadurungé jèn punggawa tehniké arep ditariki mulih kabèh. Dadi, kang bakal nampa srahing⁹⁷ pepréntahan bisa golèk rékada⁹⁸ ja kanggo nampeti kabutuhan⁹⁹ mau. Prekara lijané manèh, jaiku keterangané Laksamana¹⁰⁰ Muda¹⁰¹ Reeser — panglima¹⁰² Landa

⁶⁶ kerep oft; *tatal* bewiesen, offenbar — ⁶⁷ mbanda Fesseln anlegen — ⁶⁸ watak Charakter — ⁶⁹ pendjadjah Kolonialist; *kaum pendjadjah* die Kolonialisten — ⁷⁰ eman bedauern — ⁷¹ uwal frei, los; *nguwalaké* freigeben — ⁷² djadjahan Kolonie — ⁷³ apa manèh um wieviel mehr — ⁷⁴ bumi Land, Erde — ⁷⁵ sugih reich — ⁷⁶ bakal Rohstoff — ⁷⁷ guru bakal guru dadi Boden- und Naturschätze — ⁷⁸ pepréntahan Beschluß, Befehl — ⁷⁹ panguwasa Oberhoheit — ⁸⁰ sementara provisorisch, zeitweilig — ⁸¹ suk von, ab — ⁸² akal Verstand, List — ⁸³ nggepuk verprügeln — ⁸⁴ tanggal Datum — ⁸⁵ dengan sendirinja (malaiisch) von selbst, automatisch — ⁸⁶ kalebu aufgenommen — ⁸⁷ kekurangan Mangel — ⁸⁸ tenaga Arbeitskräfte — ⁸⁹ dumadi saka bestehen aus — ⁹⁰ warga nagara Staatsbürger — ⁹¹ narik (tarik) abziehen — ⁹² ora pati nicht allzusehr — ⁹³ soal Problem — ⁹⁴ rumit brennend — ⁹⁵ piala (ala) Missetat — ⁹⁶ blaka suta rundheraus sprechen — ⁹⁷ srah Übergabe — ⁹⁸ rékada Mittel, Ausweg — ⁹⁹ nampeti kabutuhan den Bedarf decken — ¹⁰⁰ laksamana (Sanskrit/malaiisch) Admiral — ¹⁰¹ laksamana muda Vizeadmiral — ¹⁰² panglima (malaiisch) Oberbefehlshaber

ing Irian Kulon — bab enggoné arep narik bali pradjurit-pradjurit¹⁰³ saka bumi Irian Kulon, sawisé panguwasa ing kana ana ing tangané PBB. Mesthiné kudu satjepat-tjepaté¹⁰⁴. Djalaran manut rantjangan suk tanggal 20 ngarep iki pasukan¹⁰⁵ PBB saka Pakistan bakal wis tekan ing Irian Kulon. Dadak manut rantjangan kang diumumaké¹⁰⁶ lakamana kasebut, tanpa awèh weruh¹⁰⁷ luwih dhisik marang PBB, — pradjurit Landa bakal lagi resik¹⁰⁸ saka bumi Irian Kulon kira-kira ing akiring¹⁰⁹ taun iki. Mangka satemené tjatjahing¹¹⁰ pradjurit Landa ing kana ora kalebu akèh.

Lha apa maksudé¹¹¹, déné olèhé arep narik mulih pradjurit-pradjurit kok nganti tekan akiring taun iki? Apa ora ana pengangkutané¹¹²? Langka¹¹³! Upama mengkonono tenan, kita — kaja kang diterangaké déning Menteri Perhubungan¹¹⁴ Laut¹¹⁴, — saguh¹¹⁵ njilili¹¹⁶ kapal¹¹⁷ loro kang tjukup gedhéné kanggo ngulihaké¹¹⁸ pradjurit-pradjurit Landa mau. Lho kurang pradah¹¹⁹ apa sikep kita? Lan ana manèh kabar sruwang-sruwing¹²⁰ djaré¹²¹ sadurungé „héngkang¹²²“ saka bumi Irian Kulon, Landa arep migunakaké¹²³ taktik bumi hangus¹²⁴. Ning taktik kaja ngono mau mesthi wis dikawékani¹²⁵ déning PBB. Kang tjetha baé, Landa mesthi éman, ora lila nguwalaké bumi djadjahané klawan tulus¹²⁶, klawan betjik. Ing bab iki, kita ora perlu gumun. Ija wis kaja ngono adat wewatakané kaum pendjadjah. Mula kita baé kang kudu tansah prajitna lan waspada.

Apa kang diterangaké déning Kepala¹²⁷ Staf¹²⁸ Ekonomi¹²⁹ Gubernur Bank Indonesia kepungkur iki, jaiku bab sedya kanijatané Pama-

¹⁰³ pradjurit Soldat — ¹⁰⁴ tjepat (malaiisch) schnell — ¹⁰⁵ pasukan (malaiisch) Truppen — ¹⁰⁶ ngumumaké veröffentlichen — ¹⁰⁷ awèh weruh mitteilen — ¹⁰⁸ resik sauber — ¹⁰⁹ akir Ende, Schluß — ¹¹⁰ tjatjah Anzahl — ¹¹¹ maksud Absicht, Zweck — ¹¹² pengangkutan (malaiisch) Transport — ¹¹³ langka ganz und gar nicht — ¹¹⁴ perhubungan (malaiisch) Verbindung; laut (malaiisch) Meer, See; *Menteri Perhubungan Laut* Minister für Seefahrt — ¹¹⁵ saguh versprechen — ¹¹⁶ njilili (silih) leihen — ¹¹⁷ kapal (malaiisch) Schiff — ¹¹⁸ ngulihaké nach Hause bringen — ¹¹⁹ pradah = pradhah freigebig — ¹²⁰ sruwang-sruwing undeutliches Gerücht — ¹²¹ djaré das besagt — ¹²² héngkang verschwinden — ¹²³ migunakaké gebrauchen — ¹²⁴ bumi hangus (malaiisch) verbrannte Erde — ¹²⁵ ngawékani aufmerksam wachen — ¹²⁶ tulus ehrlich — ¹²⁷ kepala (malaiisch) Kopf, Chef — ¹²⁸ staf (niederl.) Stab — ¹²⁹ staf ékonomi Wirtschaftsrat

réntah mbendung¹³⁰ ubalé¹³¹ inflasi, — pantjèn perlu tumuli ditindakaké klawan tegas. Inflasi ndjalari rakjat¹³² tjilik saja dadi setengah mati uripé. Kadjaba iku, kang tjetha manèh, inflasi dadi sumbering¹³³ penjakit masarakat rupa-rupa¹³⁴. Kajata korupsi, komisi¹³⁵ lan sapituruté¹³⁶, kang kabèh mau mung bakal ndjalari kapitunaning¹³⁷ nagara ora sathithik. Jèn nagarané rugi¹³⁸, wis mesthi rakjaté ija bakal mèlu ngrasakaké. Luwih-luwih¹³⁹ rakjat tjilik. Satemené pangertèn¹⁴⁰ inflasi kang ndjalari¹⁴¹ ékonomi dadi saja abot iki. Rakjat kang ora ngerti bangsané komisi. Ning tumrap¹⁴² kang ing wektu iki kabeneran olèh „dalam“ sarta olèh „panggonan“ kang betjik, inflasi kang kaja kita aturaké ing ngarep, prasasat ora ana tegesé¹⁴³. Kang kita karepaké¹⁴⁴: wong-wong mau ora mèlu ngrasakaké pahiting¹⁴⁵ inflasi, ning malah bingung¹⁴⁶ olèhé arep nandjakaké¹⁴⁷ dhuwité kang turah-turah¹⁴⁸. Pantjèné ija padha bingungé. Tumrap rakjat tjilik bingung olèhé arep golèk, déné kang wis ana bingung olèhé arep nandjakaké¹⁴⁹. Wetuné peraturan¹⁵⁰ Sumbangan¹⁵¹ Wadjib¹⁵² Istiméwa kang katetepaké déning Pamaréntah, maksud tudjuwané kang pokok¹⁵³ ija supaja kang ing wektu iki wis olèh dalam kang kepénak, adja nganti bingung-bingung olèhé arep nandjakaké dhuwité kang turah-turah. Pamaréntah awèh dalam kang kepénak, jaiku sarana dhuwité kang turah mau disumbangna¹⁵⁴ klawan tulus marang Pamaréntah kanggo mbangun¹⁵⁵ panguripaning rakjat akèh kang luwih betjik lan salaras karo¹⁵⁶ tjita-tjita¹⁵⁷ kita. Kang bakal dikenakaké¹⁵⁸ su-

¹³⁰ *mbendung* eindämmen — ¹³¹ *ubal* Flut, Schwall — ¹³² *rakjat* Volk — ¹³³ *sumber* Quelle — ¹³⁴ *rupa-rupa* mannigfaltig — ¹³⁵ *komisi* Schmuggel — ¹³⁶ *lan sapituruté* und dergleichen — ¹³⁷ *kapitunan* Schaden — ¹³⁸ *rugi* geschädigt — ¹³⁹ *luwih-luwih* um so mehr — ¹⁴⁰ *pangertèn* Begriff — ¹⁴¹ *ndjalari* verursachen — ¹⁴² *tumrap* hinsichtlich — ¹⁴³ *teges* Bedeutung, Inhalt, Klarheit — ¹⁴⁴ *ngarepaké* / *ngadjengaken* meinen, denken — ¹⁴⁵ *pahit* bitter — ¹⁴⁶ *bingung* verwirrt — ¹⁴⁷ *nandjakaké* (*tandjak*) hineinstecken, investieren — ¹⁴⁸ *turah* / *tirah* überschüssig — ¹⁴⁹ das Volk ist verwirrt darüber, wie es das Geld verdienen soll, diejenigen, die es bereits besitzen, sind verwirrt darüber, wo sie es investieren sollen — ¹⁵⁰ *peraturan* (malaiisch) Erlaß — ¹⁵¹ *sumbangan* Beitrag — ¹⁵² *wadjib* obligatorisch — ¹⁵³ *pokok* (malaiisch) grundlegend, hauptsächlich — ¹⁵⁴ *njumbangaké* zur Verfügung stellen (Geld) — ¹⁵⁵ *mbangun* (malaiisch) bauen — ¹⁵⁶ *salaras karo* im Einklang mit — ¹⁵⁷ *tjita* Ideal — ¹⁵⁸ *dikenakaké* / *dipun kéngingaken* betroffen werden

mbangan wadjib istiméwa — manut Mr¹⁵⁹ Sumarno — ora mung kaja kang wis ditetepaké, ning ing lija-lija bidang¹⁶⁰ ija bakal dianakaké¹⁶¹ sumbangan kaja ngono mau. Kadjaba kanggo awèh dalam kang kepénak kanggo para kang wis keluwihan¹⁶² dhuwit, keprijé olèhé arep nandjakaké dhuwité, ija kanggo ngawékani¹⁶³ tindak spekulasi. Borong¹⁶⁴ barang, bandjur disimpen¹⁶⁵, ngentèni¹⁶⁶ mangsa¹⁶⁷ kang betjik. Pokok-pokok anané Pamaréntah nganakaké sumbangan kaja ngono barang iku, kanggo golèk kapital. Kanggo ngumpulaké dhuwit, awit wektu iki ajahaning¹⁶⁸ nagara pantjèn ora ènthèng¹⁶⁹. Sawisé Irian Kulon sarta tata-tentrem¹⁷⁰ mungkur¹⁷¹, saiki genti¹⁷² ngadepi prekara kang luwih baku¹⁷³ manèh, jaiku: prekara sandhang¹⁷⁴ pangan¹⁷⁵, prekara ékonomi. Lha ija prekara iki kang dianti-anti¹⁷⁶ déning rakjat akèh. Kanggo keperluan mau Pamaréntah mbutuhaké dhuwit, mbutuhaké pawitan¹⁷⁷ sapirang-pirang¹⁷⁸. Mangka — kaja kang wis kita sumurupi¹⁷⁹ — wektu iki kahartakan¹⁸⁰ nagara tjomprèng¹⁸¹. Dhuwité Pamaréntah tjupet¹⁸². Mula kudu golèk rékadaja¹⁸³. Golèk akal. Antara lija-lija: sarana nganakaké sumbangan istiméwa. Mung baé tjarané Pamaréntah enggoné golèk dhuwit, babarpisan ora sarana nggentjèt¹⁸⁴ rakjat tjilik, kang ing wektu iki uripé pantjèn isih akèh kang nrenjuhaké¹⁸⁵. Mung pangadjabing¹⁸⁶ akèh, dhuwit sumbangan wadjib kang suk jèn wis ngumpul mesthiné ija nganti jutan Rupijah, dipigunakaké tenan kanggo mbangun panguripané rakjat. Atur ing nduwur iki mung dhapur¹⁸⁷ panjuwu-

¹⁵⁹ *Mr.* = *Meester* (niederl.) Doctor iuris — ¹⁶⁰ *bidang* Gebiet — ¹⁶¹ *nganakaké* durchführen — ¹⁶² *keluwihan* Überschuß, zu viel — ¹⁶³ *ngawékani* (*wéka*) wachen — ¹⁶⁴ *mborong* en gros aufkaufen — ¹⁶⁵ *njimpen* horten, stapeln — ¹⁶⁶ *ngentèni* warten auf — ¹⁶⁷ *mangsa* Zeitpunkt — ¹⁶⁸ *ngajah* eine Aufgabe erfüllen; *ajahan* Funktion, Aufgabe — ¹⁶⁹ *ènthèng* leicht — ¹⁷⁰ *tentrem* friedlich; *sarta tata-tentrem* auf friedlichem Wege — ¹⁷¹ *pungkur* Rücken; *mungkur* sich wenden — ¹⁷² *genti* / *gentos* dafür, als Ersatz — ¹⁷³ *baku* grundlegend, fundamental — ¹⁷⁴ *sandhang* Bekleidung — ¹⁷⁵ *pangan* Essen — ¹⁷⁶ *nganti-anti* / *ngantos-antos* erhoffen — ¹⁷⁷ *pawitan* (*awit*) Grundstock — ¹⁷⁸ *sapirang-pirang* soundsoviel — ¹⁷⁹ *njumurupi* wissen — ¹⁸⁰ *kahartakan* Kasse — ¹⁸¹ *tjomprèng* in Geldnot — ¹⁸² *tjupet* vorzeitig verbraucht — ¹⁸³ *rékadaja* Ausweg — ¹⁸⁴ *nggentjèt* belasten (geldlich) — ¹⁸⁵ *nrenjuhaké* beunruhigend — ¹⁸⁶ *pangadjab* (*adjab*) Forderung — ¹⁸⁷ *dhapur* Form, Gestalt

nan¹⁸⁸, awit kerep ketatalan dhuwit-dhuwit bangsané kaja ngono mau plajuné¹⁸⁹ sok njlèwèng¹⁹⁰, sok ora kaja kang kita adjab. Ning mesthiné Pamaréntah wis luwih déning prajitna¹⁹¹.

(Aus der in Surabaya erscheinenden Wochenschrift „Panjebar Semangat“, 1. September 1962)

¹⁸⁸ *panjuwunan* Bitte — ¹⁸⁹ *plaju* / *pladjeng* Lauf — ¹⁹⁰ *njlèwèng* (*slèwèng*) vom rechten Weg abweichen. — ¹⁹¹ *luwih déning prajitna* mehr als vorsichtig

Nemu sedhulur¹ anjar ing paran²

Jèn parawisata³ dhèk rong taun kepungkur kaé parané nindjo⁴ sawatara objèk-objèk⁵ tourisme menjang Djawa Tengah (Solo, Ngajog-jakarta, Borobudur, Magelang lan Wonosobo) pisan iki kita plesir⁶ luwih mengulon⁷ manèh, jaiku menjang daérah⁸ Prijangan⁹, Djawa Kulon.

Daérah Prijangan kang uga sok umum katjeluk¹⁰ Parahijangan¹¹ utawa tanah Pasundan¹², mula ora sathithik nduwèni patilasan-patilasan¹³ tetilarané¹⁴ para leluhur¹⁵ kita dhèk djaman kentjana¹⁶ rukminé¹⁷ kradjan¹⁸ Pedjajaran kang ija pantes jèn ta didadèkaké¹⁹ papan djudjugané²⁰ kaum pariwisata. Kedjaba saka iku, Prijangan mula wiwit bijen wis kasok²¹ kaloka²² kasinungan²³ kaéndahan²⁴ alam pagunungan kang banget asri²⁵ lan bisa gawé reseping²⁶ pandulu²⁷. Hawané pagunungan kang seger²⁸ sumjah²⁹, ndjalari daérah Prijangan padha-padha³⁰ sugih dhéwé ing bab pasanggrahan-pasanggrahan³¹ kanggo tetirah-tetirah³², sanatorium-sanatorium lan sapanunggalané.

¹ *sedhulur* / *sedhèrèk* Bruder — ² *ing paran* / *ing purug* auf Reisen — ³ *parawisata* Tour — ⁴ *nindjo* (*tindjo*) besichtigen — ⁵ *objèk* (niederl.) Objekt — ⁶ *plesir* (niederl.) einen Ausflug machen — ⁷ *mengulon* nach Westen — ⁸ *daérah* (malaiisch) Bezirk — ⁹ *rijang* froh; *prijangan* Ort der Freude — ¹⁰ *katjeluk* genannt — ¹¹ *hijang* die Himmlischen, die Götter; *parahijangan* Sitz aller Götter — ¹² *Pasundan* Sundalande, Westdjawa, der sundanesisch sprechende Teil Djawas — ¹³ *tilas* übrig geblieben — ¹⁴ *tilaran* das Nachgelassene — ¹⁵ *para leluhur* die Ahnen — ¹⁶ *djaman kentjana* das goldene Zeitalter — ¹⁷ *rukmi* Gold — ¹⁸ *radja* König; *kradjan* Königreich — ¹⁹ *ndadèkaké* / *ndadosaken* umwandeln in — ²⁰ *djudjugan* Reiseziel — ²¹ *kasok* voll, übervoll — ²² *kaloka* Ruhm — ²³ *kasinungan* (*sinung*) erworben durch — ²⁴ *éndah* schön — ²⁵ *asri* schön — ²⁶ *reseping* Genuß — ²⁷ *pandulu* Gesichtssinn, Auge — ²⁸ *seger* frisch — ²⁹ *sumjah* erquickend — ³⁰ *padha-padha* gleichermaßen — ³¹ *pasanggrahan* Erholungsheim — ³² *tetirah* sich kurieren

13 Lehrbuch d. mod. Djawanisch

Dalah ibu³³ kuthané pisan, kang ing dhèk djaman wingi sok sering uga nampa djulukan³⁴ „Paris of Java“, kaja diwuningani³⁵ — dhèk sawatara taun kepungkur wis naté dadi pusat³⁶ kawigaténé donja umumé lan tjihna³⁷ ija nambahi asmané³⁸ nagara lan bangsa Indonesia sangsaja³⁹ ngambar-ambar⁴⁰ ing madyaning⁴¹ bebrajan⁴² internasional. Jaiku rikala⁴³ nagarané dhéwé iki dadi „tuan rumah“⁴⁴ lan kutha Bandung nampa pakurmatan didadèkaké papan adjang⁴⁵ konperensi⁴⁶ para djedjungguling⁴⁷ pamaréntahan-pamaréntahan nagara-nagara saindenging⁴⁸ bawana⁴⁹ Asia-Afrika dhèk taun 1955 kepungkur. Salah sidjiné konperensi A.-A. kang kawitan⁵⁰ kang sajekti dadi tali suh⁵¹ sarta pondamèn⁵² tumrap raket⁵³ sesambungan⁵⁴ antarané bangsa-bangsa saindenging daérah A.-A. Kanggo njambutgawé bebarengan⁵⁵ ngajoni⁵⁶ pembangunaning nagara ing babagan⁵⁷ politik nadyan uga⁵⁸ ing babagan ékonomi.

Eman banget kita ora bisa ngéndangi⁵⁹ patilasan-patilasan kang mesthiné ija ora kalah adjiné karo tjandi-tjandi⁶⁰ kang wis naté kita sumurupi ing daérah Djawa Wétan lan Tengah. Sababé warna-warna. Sapisan, tjandi-tjandi kang tjatjahé sabadjeg mau manut pratélan⁶¹ papané pantjèn mentjar-mentjar⁶² lan panggonané rada adoh-adoh. Kapindho, dunungé mula kapener⁶³ ing daérah kang ing wektuné samengko⁶⁴ isih durung tentrem, djalaran anané grombolan-grombolan⁶⁵ pengatjo-pengatjo⁶⁶ nagara kang dinané iki isih pating blesar⁶⁷

³³ ibu kutha Hauptstadt — ³⁴ djulukan Titel — ³⁵ muningani (wuninga) wissen — ³⁶ pusat (malaiisch) Zentrum — ³⁷ tjihna Zeichen, Beweis — ³⁸ asma K.I. = aran/nama — ³⁹ sangsaja immer mehr — ⁴⁰ ngambar wohlriechend, berühmt — ⁴¹ madya (altdjaw.) Mitte — ⁴² brajan Familie — ⁴³ rikala als — ⁴⁴ tuan rumah (malaiisch) Hausherr, Gastgeber — ⁴⁵ adjang Arena — ⁴⁶ konperensi (niederl.) Konferenz — ⁴⁷ djunggul Vertreter — ⁴⁸ saindenging ganz — ⁴⁹ bawana Kontinent — ⁵⁰ kawitan erste, anfänglich — ⁵¹ suh geflochtenes Tau — ⁵² pondamèn (niederl.) Fundament — ⁵³ raket eng, herzlich — ⁵⁴ sesambungan Verbindung — ⁵⁵ bebarengan/sesarengan gemeinsam — ⁵⁶ ngajoni (ajon) versuchen — ⁵⁷ babagan Gebiet, Ebene — ⁵⁸ nadyan uga sowie — ⁵⁹ ngéndangi = ngendhang (éndhang) inspizieren — ⁶⁰ tjandi = tjandhi Tempel, Grabmal — ⁶¹ pratélan Liste, Verzeichnis — ⁶² mentjar verstreut — ⁶³ kapener gerade, ausgerechnet — ⁶⁴ samengko augenblicklich — ⁶⁵ grombolan Bande — ⁶⁶ pengatjo Unruhestifter — ⁶⁷ pating blesar (Infix -l-) verbréitet

sesingidan⁶⁸ ing pegunungan-pegunungan kang alase⁶⁹ isih ketel-ketel⁷⁰ mau. Alasan lija kang luwih maton⁷¹ manèh, wektu kita pantjèn tjupet banget. Ija bener pariwisata kang kita adani⁷² iki, ora béda karo ndisik-ndisik⁷³ suwéné patang dina. Nanging réhning⁷⁴ kanggo lakuné baé wis ngentèkaké⁷⁵ wektu rong dina dhéwé, dadi praktis kita mung kèngèhan⁷⁶ rong dina thok⁷⁷ kanggo nindjo objèk-objèk ing tanah Pasundan.

Ija gandèng⁷⁸ karo tjupeting wektu mau, mula atjarané⁷⁹ pariwisata kita atas⁸⁰ kawitjaksananing pemimpin⁸¹ rombongan⁸², dibagi⁸³ dadi loro. Dina kapisan kanggo nindjo objèk-objèk kang diwawas⁸⁴ penting⁸⁵ minangka⁸⁶ tambahing sesurupan⁸⁷. Lan dina kang kaping pindho, ija dina kang pungkasan⁸⁸, mudjudaké⁸⁹: atjara bébas⁹⁰. Liré⁹¹ saben warga⁹² olèh kalonggaran migunakaké wektu sedina muput⁹³ mau kanggo plesir manut sasenangé dhéwé-dhéwé. Apa nindjo objèk-objèk kang ing dina wingi durung ditekani⁹⁴, apa mung mubeng-mubeng⁹⁵ ing kutha, apa tilik sanak⁹⁶ famili kang ana ing Bandung lsp.né⁹⁷.

Klawan mangkéné, pariwisata kang kita adani iki djeneng wis njakup⁹⁸ maksud lan kabutuhané. Bisa ngéndangi objèk-objèk kanggo tambahing sesurupan, ndeleng-ndeleng kaéndahaning alam Indonesia kang temahan⁹⁹ bisa ngandelaké¹⁰⁰ sih¹⁰¹ katresnan kita marang bumi kelairan kita. Butuhé lija manèh kang baku, jaiku plesir golèk rekreasi¹⁰², golèk lipuran¹⁰³, ija wis katjukupan. Apa dudu iki an-

⁶⁸ sesingidan sich verborgen halten — ⁶⁹ alas/wana Wald — ⁷⁰ ketel dicht bewachsen — ⁷¹ maton (waton) überzeugend — ⁷² ada Initiative; ngadani unternehmen — ⁷³ ndisik = ndhisik vorerst — ⁷⁴ réhning = sarèhning — ⁷⁵ ngentèkaké verbrauchen — ⁷⁶ ngèngèhi geben (Rest) — ⁷⁷ thok nur, ausschließlich — ⁷⁸ gandèng = gandhèng in Zusammenhang stehen — ⁷⁹ atjara (malaiisch) Programm — ⁸⁰ atas anlässlich, durch — ⁸¹ mimpin (pimpin) leiten; pemimpin Leiter — ⁸² rombongan Gruppe — ⁸³ dibagi teilen — ⁸⁴ mawas (wawas) betrachten — ⁸⁵ penting (malaiisch) wichtig — ⁸⁶ minangka für — ⁸⁷ sesurupan Wissen — ⁸⁸ pungkasan der letzte — ⁸⁹ wudjud Wesen; mudjudaké verkörpern — ⁹⁰ bébas (malaiisch) frei — ⁹¹ liré das heißt — ⁹² warga Mitglied — ⁹³ sedina muput den ganzen Tag — ⁹⁴ nekani irgendwo hingehen — ⁹⁵ mubeng (ubeng) umherstreifen — ⁹⁶ sanak Verwandter — ⁹⁷ lsp. = lan sapanunggalané — ⁹⁸ njakup (tjakup) meistern, beherrschen — ⁹⁹ temahan dadurch, infolgedessen — ¹⁰⁰ kandel glauben, vertrauen — ¹⁰¹ sih = asih — ¹⁰² rekreasi (niederl.) Erholung — ¹⁰³ lipuran (mal.) Erholung

tjas¹⁰⁴ tudjuwané pariwisata kang premati¹⁰⁵? Nijat plesiran, njingkiraké¹⁰⁶ sadhéla sawernaning reruwet¹⁰⁷ sadjroné kita ngajahi pakarjan¹⁰⁸ padinan¹⁰⁹. Mamrih¹¹⁰ pikiran kita iki bisa bali seger sumjah. Jèn wis mangkono bandjur bamban¹¹¹, klawan pikiran kang bening¹¹² ngajahi tugas¹¹³ manèh.

Sadurungé mbatjutaké¹¹⁴ rembug bab plesiran kita iki, sadjak luwih dhisik perlu diaturaké ing kéné, manawa tjara tumindaké pariwisata kang kita adani pisan iki, béda karo taun ndhisik. Bijèn bab iki kita pasrahaké utawa kita borongaké¹¹⁵ marang bebadan¹¹⁶ tourisme Honet (Hotel National and Tourism). Nanging saiki kita urus¹¹⁷ bebarengan karo penerbit¹¹⁸ warta dinan¹¹⁹ „Pikiran Rakjat Bandung“. Dadi ing kéné, étrané¹²⁰ baé kita — tamuné, déné Pikiran Rakjat kang dadi tuan rumahé. Tumindak tjara mangkéné iki tjihna luwih ngepénakaké¹²¹ ing sakabèhané¹²².

Kadjaba kabutuhan kita bab plesiran golèk lipuran bisa katjukupan butuhé, ana prakara kang luwih wigati manèh. Jaiku kita tambah sedhulur anjar manèh. Liré déné bandjur tuwuh¹²³ sesambungan kang luwih raket antarané kita saka warga Panjebar Semangat karo warga¹²⁴ Pikiran Rakjat. Kumraketé rasa pasedhuluran kang kita bukani¹²⁵ iki, tjihna wis bisa kita rasakaké rikala rombongan kita tekan ing Bandung mau. Teka kita¹²⁷ wis ngluwihi¹²⁶ wong merdajoh¹²⁸. Ditanggapi¹²⁹ kaja nampa sedhulur dhéwé baé kang wadjib diprenah-prenahaké¹³⁰ ing sawernaning kabutuhané. Nganti kita kaja rumangsa karoban¹³¹ budi¹³² kang angèl kita males¹³³ kabetjikané.

¹⁰⁴ antjas Ziel — ¹⁰⁵ premati besonders gut — ¹⁰⁶ njingkiraké zur Seite schieben — ¹⁰⁷ ruwet Sorge, Unruhe — ¹⁰⁸ pakarjan Arbeit — ¹⁰⁹ padinan alltäglich — ¹¹⁰ mamrih auf daß, damit — ¹¹¹ bamban wieder beginnen — ¹¹² bening klar, abgeklärt — ¹¹³ tugas (malaiisch) Aufgabe — ¹¹⁴ mbatjutaké fortsetzen — ¹¹⁵ mborongaké anvertrauen — ¹¹⁶ badan Dienststelle — ¹¹⁷ ngurus verwalten — ¹¹⁸ penerbit (malaiisch) Herausgeber, Verleger — ¹¹⁹ warta dinan Zeitung — ¹²⁰ énta Vorstellung, Plan — ¹²¹ ngepénakaké befriedigen — ¹²² ing saka-bèhané in jeder Hinsicht — ¹²³ tuwuh wachsen — ¹²⁴ warga Mitarbeiter — ¹²⁵ mbukani (buka) beginnen — ¹²⁶ ngluwihi übertreffen — ¹²⁷ teka kita ... wir waren eigentlich schon mehr als nur Gäste — ¹²⁸ merdhajoh/mertamu zu Gast sein — ¹²⁹ nanggapi (tanggap) empfangen, aufnehmen — ¹³⁰ prenah Ort, Stelle — ¹³¹ mrenahaké unterbringen — ¹³² rob überströmt — ¹³³ budi Mühe — ¹³³ males (wales) vergelten

Kang tinanggenah¹³⁴ dadi tuan rumah rombongan pariwisata kita, jaiku Sdl.¹³⁵ Hadji Niti Sumantri. Nanging rada tjuwa¹³⁶, déné wiwit teka¹³⁷ nganti mulih, kita ora bisa tetemonan adu arep¹³⁸. Djalaran wektuné samana sedhulur kasebut tindak Selecta, Malang, saperlu ngèstrèni¹³⁹ Kongrès S. P. S. (Sarékat¹⁴⁰ Penerbit Surat Kabar¹⁴¹) kang kaping sawelas. Malah manut udjaring¹⁴² pawarta¹⁴³, ing ndalem¹⁴⁴ pilihan pengurus¹⁴⁵ S. P. S. anjar iku, Sdl. Niti Sumantri wis kapilih ndjabat¹⁴⁶ dadi komisaris bagian¹⁴⁷ pendidikan.

Nadyan kita durung weruh prijajiné dhéwé¹⁴⁸, nanging kita bisa nggambaraké¹⁴⁹ jèn Sdl. iki klebu éwoning prijaji kang grapjak¹⁵⁰ sumanak¹⁵¹. Tangkepé¹⁵² lan pangrengkuhé¹⁵³ marang sok sapaa¹⁵⁴ mesthiné bisa adjur¹⁵⁵-adjèr. Kita bisa ngarani mangkono iku, djer asmané Sedhulur Hadji Niti iki ing kutha Bandung sadjak wis akèh ditepungi¹⁵⁶ déning sapa baé. Bebasan¹⁵⁷ tukang bétjak¹⁵⁸ pisan, wis ngerti sapa kang asmané Sdl. Hadji Niti Sumantri.

Sok ngonowa¹⁵⁹, nadyan Sdl. Sumantri kepeksa¹⁶⁰ ora bisa njlirani¹⁶¹ ngrigen-ngrigenaké¹⁶² kaperluwan kita, nanging Sdl. Amir — kang dadi panuduh dalan¹⁶³ laku kita menjang ngendi-endi¹⁶⁴ — Sdl. R. Memet Rukmanda — kang ngurusi panginepan¹⁶⁵ dalah saubarampèning¹⁶⁶ kabutuhan kita — sarta sedhulur-sedhulur lijané saka

¹³⁴ nanggenah in ein Amt einsetzen, mit einer Würde bekleiden — ¹³⁵ Sdl. = sedhulur — ¹³⁶ tjuwa enttäuscht — ¹³⁷ wiwit teka nganti mulih von der Ankunft bis zur Heimkehr — ¹³⁸ adu arep/aben adjeng persönlich sehen — ¹³⁹ ngèstrèni (èstri) beiwohnen, teilnehmen an — ¹⁴⁰ sarékat (malaiisch) Verband — ¹⁴¹ surat kabar (malaiisch) Zeitung — ¹⁴² udjar Wort, Ausspruch — ¹⁴³ pawarta Journalist — ¹⁴⁴ ing ndalem während, bei — ¹⁴⁵ pengurus Direktor — ¹⁴⁶ ndjabat ein Amt bekleiden — ¹⁴⁷ bagian (malaiisch) Abteilung — ¹⁴⁸ obwohl wir diesen Mann noch nie persönlich gesehen hatten — ¹⁴⁹ nggambaraké sich etwas vorstellen, ausmalen — ¹⁵⁰ grapjak unterhaltsam erzählen (Gastgeber) — ¹⁵¹ sumanak (Infix -um-) herzlich, jovial — ¹⁵² tangkep Verhalten — ¹⁵³ ngrengkuh behandeln — ¹⁵⁴ marang sok sapaa wer es auch immer sei — ¹⁵⁵ adjur tief berührt — ¹⁵⁶ tepung/teping bekannt sein mit jemandem — ¹⁵⁷ bebasan sprichwörtlich — ¹⁵⁸ bétjak Fahrradrikscha — ¹⁵⁹ sok ngonowa obwohl dem so ist (ngono + a) — ¹⁶⁰ kepeksa gezwungen sein — ¹⁶¹ njlirani (slira) etwas persönlich tun, verrichten — ¹⁶² rigen geeignet; ngrigeni regeln — ¹⁶³ panuduh dalan (tuduh) Wegweiser — ¹⁶⁴ menjang ngendi-endaké überallhin — ¹⁶⁵ panginepan Übernachtung — ¹⁶⁶ ubarampé Zubehör für ein Fest (Speisen)

Pikiran Rakjat, sadjak wis padha tanggap kabèh marang piwelingé¹⁶⁷. Dalah Bu¹⁶⁸ Niti Sumantri pisan kang sadjané¹⁶⁹ mono ija tindak¹⁷⁰ Malang mbarengi¹⁷¹ kakungé¹⁷², dipilaur¹⁷³ njumenèkaké¹⁷⁴ tindaké. Saperlu bisa mèlu njlirani ngurus lan njuba-njuba¹⁷⁵ rombongan kita mawa¹⁷⁶ pasugatan-pasugatan¹⁷⁷ kang luwih-luwih. Tjekaké¹⁷⁸ bab djaminan¹⁷⁹, kita rumangsa diugung¹⁸⁰ temenan. Nganti, jèn lumrahé wong iku jèn ing paran, adaté kang didjudjug¹⁸¹ restoran-restoran¹⁸² utawa rumah-rumah makan¹⁸³, kepeksa murungaké¹⁸⁴ sedyané¹⁸⁵. Djalaran ngrasa éman-éman jèn ngantia¹⁸⁶ ora mangan ing omah. Kathik¹⁸⁷ masakané¹⁸⁸ ija sarwa istimewa pisan . . . Bu Niti tindaké Malang lagi ing tanggal 3 April ngiras¹⁸⁹ mbarengi laku kita mulih Surabaya. Kaja ngapa¹⁹⁰ mungguh gegambaran¹⁹¹ kumraking rasa pasadhuluran, lan pangrengkuhé Sdl. K. Hadji Niti Sumantri sekalijan¹⁹² marang rombongan kita, katitik¹⁹³ saka anané rantjangan ada-ada¹⁹⁴ njugata „malem hiburan¹⁹⁵“ ing wengi sadurungé kita bali. Jaiku pasugatan tari-tarian¹⁹⁶ lan orkès¹⁹⁷ pasundan, minangka sangu¹⁹⁸ lan tanda pangéling-éling¹⁹⁹. Nanging djalaran sawenèhing²⁰⁰ bab, hiburan²⁰¹ kang wis dirantjang klawan mening-mening²⁰² mau kepeksa ora bisa dileksanani²⁰³.

¹⁶⁷ *piweling* Auftrag — ¹⁶⁸ *Bu* = *ibu* — ¹⁶⁹ *djan* echt, wirklich — ¹⁷⁰ *tindak* K.I. = *lunga/késah* — ¹⁷¹ *mbarengi/njarengi* begleiten — ¹⁷² *kakung* K.I. = *lanang/djaler* — ¹⁷³ *pilaur* besser als; *wilaur* vorziehen, besser finden als etwas anderes — ¹⁷⁴ *njumenèkaké* (*sumené*) aufschieben, verschieben — ¹⁷⁵ *njuba-njuba* mit Höflichkeiten überhäufen — ¹⁷⁶ *mawa* (*wawa*) mit — ¹⁷⁷ *suguh/segah* = *sugata* (altdjaw.) gastlicher Empfang — ¹⁷⁸ *tjekaké* kurzum — ¹⁷⁹ *djaminan* Versorgung, Verpflegung — ¹⁸⁰ *ngugung* verzärteln, verwöhnen — ¹⁸¹ *ndjudjug* hingehen, auf etwas zusteuern — ¹⁸² *restoran* (niederl.) Restaurant — ¹⁸³ *rumah makan* (malaiisch) Gaststätte — ¹⁸⁴ *wurung/sandé* mißglückt, unterbrochen; *murungaké* aufgeben, einstellen — ¹⁸⁵ *sedya* Plan, Ziel, Absicht — ¹⁸⁶ *jèn ngantia* wenn es so weit käme, daß . . ., (das Suffix -a unterstreicht die Unwirklichkeit der Satzaussage, kommt also dem deutschen Konjunktiv gleich) — ¹⁸⁷ *kathik* immerhin — ¹⁸⁸ *masakan* Gericht (Essen) — ¹⁸⁹ *ngiras* etwas gleichzeitig tun — ¹⁹⁰ *ngapa* = *apa* — ¹⁹¹ *gambaran* Vorstellung — ¹⁹² *sekloron/sekalijan* (nach Namen) das Ehepaar — ¹⁹³ *nitik* erkennen — ¹⁹⁴ *rantjangan ada-ada* Maßnahmeplan — ¹⁹⁵ *malem hiburan* geselliger Abend — ¹⁹⁶ *tari-tarian* Tänze — ¹⁹⁷ *orkès* (niederl.) Orchester — ¹⁹⁸ *sangu* Wegzehrung, Proviant — ¹⁹⁹ *tanda pangéling* Zeichen der Erinnerung — ²⁰⁰ *sawenèh* einige, mehrere — ²⁰¹ *hiburan* Vergnügen — ²⁰² *mening-mening* hübsch, schön — ²⁰³ *ngleksanani* (*lekسا*) durchführen, verwirklichen

Rombongan pariwisata kita pisan iki dipimpin déning Sdl. Mohammad Ali pijambak. Madeg²⁰⁴ saka 70 djiwa, wis kepétung²⁰⁵ kulawargané²⁰⁶ pegawai-pegawai²⁰⁷ P. S. lan T. A. Iki satemené isih sathithik. Jèn sakabèhing warga kita bisa mèlu kabèh, bisa tikel²⁰⁸ pindho²⁰⁹. Djalaran pantjèn ana sawatara warga kita kang sabab warna-warna ora bisa mèlu. Kadjaba iku, pantjèn ana sabagéjan kang tugas dines²¹⁰. Djer rikala kita budal, kapener bagéjan²¹¹ èkspedisi²¹² (pengiriman) mbarengi ramé-raméné gawé²¹³. Mula ija kapeksa ngalah ora mèlu. Jèn ora mangkono, kita bakal sida²¹⁴ kelakon²¹⁵ digumbrengi²¹⁶ sakèhing warga langganan²¹⁷ kita temenan.

Pangkat²¹⁸ kita saka Surabaya dhèk tanggal 31 Maret, numpak sepur èksprès²¹⁹ djam 05.20, olèh gerbong²²⁰ sidji, isih turah²²¹ panggonan. Djalaran rombongan kita tjatjahé pantjèn durung bisa ngebaki²²² sagerbong²²³. Ngenani²²⁴ bab budal kita ing satengahing dalan, sauntara²²⁵ iki betjik kita sumenèkaké dhisik. Mung perlu diaturaké²²⁶, menawa rikala sepur kang kita tumpaki²²⁷ lagi ngantjik²²⁸ daérah Djawa Kulon wis dipapagaké²²⁹ udan. Mendha²³⁰ sadhéla sawisé kita tekan setasijun²³¹ Bandung djam setengah nem soré. Nanging angot²³² manèh sawisé kita ana ing panginepan. Saéngga²³³ para kantja-kantja (para nom-noman mesthiné) kang nadyan isih lungkrah²³⁴ djalaran 12 djam ana sepur — isih kudu-kumudu²³⁵ énggal-énggal bisa ngiteri²³⁶ kutha. Ning rehning udané ora ana lèrèn-lèréné²³⁷, ija mung kepeksa

²⁰⁴ *madeg* bestehen — ²⁰⁵ *kepétung* einberechnet — ²⁰⁶ *kulawarga* Familie — ²⁰⁷ *pegawai* (malaiisch) Beamter — ²⁰⁸ *tikel* vervielfältigen — ²⁰⁹ *tikel pindho* verdoppeln — ²¹⁰ *dines* (niederl.) Dienst, dienstlich — ²¹¹ *bagéjan* Abteilung — ²¹² *èkspedisi* (niederl.) Versand — ²¹³ *ramé gawé* viel Arbeit haben — ²¹⁴ *sida/sijos* geschehen können — ²¹⁵ *kelakon/kelampahan* passieren, geschehen — ²¹⁶ *nggumbrengi* anschnauzen, ausschimpfen — ²¹⁷ *langganan* Abonnement; *warga langganan* Abonnent — ²¹⁸ *mangkat* (*pangkat*) abreisen — ²¹⁹ *sepur èksprès* (niederl.) D-Zug — ²²⁰ *gerbong* Waggon — ²²¹ *turah* übrig bleiben — ²²² *ngebaki* (*kebak*) füllen — ²²³ *sagerbong* einen ganzen Waggon — ²²⁴ *ngeni* (*kena*) was betrifft — ²²⁵ *untara* eine Zeitlang, ungefähr — ²²⁶ *ngaturaké* mitteilen — ²²⁷ *numpaki/nunggangi* fahren auf — ²²⁸ *ngantjik* betreten — ²²⁹ *mapagaké* empfangen — ²³⁰ *mendha* nachlassen — ²³¹ *setasijun* (niederl.) Bahnhof — ²³² *angot* Rückfall; wiederkommen (Krankheit usw.) — ²³³ *saéngga* sogar; so daß — ²³⁴ *lungkrah* sich elend fühlen — ²³⁵ *kudu-kumudu* absolut, unbedingt, partout — ²³⁶ *ngiteri* (*kiter*) durchstreifen, umherlaufen in — ²³⁷ *lèrèn/kèndel* stillstehen

ndjintel²³⁸ ing omah baé, ngiras nglumpukaké tenaga anjar kanggo ing dina sésuké.

(Panjebar Semangat, 29. April 1961)

Sauntara iki pantjèn luwih betjik jèn kita sebut „rumah tangga²³⁹“ biasa²⁴⁰ baé dhisik. Dudu losmèn²⁴¹ utawa hotèl. Djalaran panginapan kagungané²⁴² Sdl. Hadji Niti dhéwé iki mula pantjèn isih durung diresmekaké²⁴³ dadi panginapan kanggo umum. Karo déné manèh ija isih tanpa . . . djeneng. (Manut rantjangané, jèn sida bakal didjenengaké losmèn „Koesoemawati“.) Ing antarané ija marga saka sabab-sabab' iki mula „malem hiburan“ kang sedyané arep disuguhaké minangka kanggo tanda mata²⁴⁴ marang kita, kaja kang wis kita aturaké ndhisik kaé, kepeksa didjugaraké²⁴⁵, sabab soal keamanan. Lan njatané manèh, panginepan iki ija pantjèn isih durung satus persèn rampung²⁴⁶. Isih durung ana ruwangan²⁴⁷ kantorané²⁴⁸ kaja kang lumrah tinemu ing losmèn-losmèn kaé. Tempat tiduré²⁴⁹ ija isih durung pepak²⁵⁰. Sok ngonowa, kabèh mau ora ndadèkaké sabab kita bandjur rumangsa katjuwan, ora. Bethèké²⁵¹ djalaran rumangsa nginep ing „rumah tangga“ biasa kang paladènané²⁵² sarwa mirunggan²⁵³ mau, kita malah ngrasa luwih merdika, luwih bébas lan kepara²⁵⁴ luwih krasan²⁵⁵, katimbang²⁵⁶ rombongan kita lijané kang dipapanaké²⁵⁷ ing lija panggonan.

Madjalaja

Esuké kira djam wolunan²⁵⁸, sawisé rombongan saka „Rahaju“ lan „Asli“ wis pepak padha ngumpul ing Pasirkodja lan sawisé sarapan²⁵⁹

²³⁸ ndjintel in einer Ecke sitzen (liegen) — ²³⁹ rumah tangga (malaiisch) Haushalt — ²⁴⁰ biasa (malaiisch) gewöhnlich — ²⁴¹ losmèn (niederl.) Gasthaus — ²⁴² kagungan K.I. = *duwé/gadhah* — ²⁴³ resmi offiziell — ²⁴⁴ tanda mata (malaiisch) Andenken — ²⁴⁵ djugar vereitelt — ²⁴⁶ rampung fertig — ²⁴⁷ ruwangan (malaiisch) Raum, Zimmer — ²⁴⁸ kantor (niederl.) Büro — ²⁴⁹ tempat tidur (malaiisch) Bett (djawanisch: *paturon/patileman*) — ²⁵⁰ pepak vollständig — ²⁵¹ bethèké eigentlich doch — ²⁵² ngladèni/ngladosi bedienen — ²⁵³ mirunggan außergewöhnlich — ²⁵⁴ kepara einigermaßen — ²⁵⁵ krasan/kraos sich wohlfühlen, sich wie zu Hause fühlen — ²⁵⁶ katimbang besser als — ²⁵⁷ mapanaké (*papan*) unterbringen, stationieren — ²⁵⁸ wolunan etwa acht — ²⁵⁹ sarapan frühstücken

wédang lan roti²⁶⁰ rong tangkep²⁶¹, kita bandjur wiwit brangkat²⁶² nganggo bis²⁶³ telu menjang objèk-objèk kang wis tinamtokaké²⁶⁴. Kang kawitan dhéwé kita parani, jaiku Madjalaja. Daérah industri tekstil kang produksiné wis kondang²⁶⁵ sarta uga akèh kita tepungi mungguh betjiking kwalitèté.

Manut pangandikané Sdl. R. Ondjo Argadinata — Direktur²⁶⁶ Perusahaan²⁶⁷ Tenun²⁶⁸ „Pusaka“ kang ing ndalem iki wis kasdu²⁶⁹ dadi panuduh dalan sadjroné rombongan kita dadi tamu ing Madjalaja — dipratélakaké²⁷⁰, manawa Madjalaja dinané iki mula klebu daérah industri tèkstil kang gedhé dhéwé sa-Indonesia²⁷¹. Malah bisa uga sa-daérah Asia Tenggara²⁷². Bener lan luputé²⁷³ ngenani pratélan iki kita isih durung wani ngijani²⁷⁴ apadéné²⁷⁵ madoni²⁷⁶. Djalaran pabrik-pabrik tenun kang kita tekani lan kita weruhi ing Madjalaja kéné, jèn katanding²⁷⁷ karo pabrik tenun gedhé kang wis naté kita sumurupi — upamané pabrik tenun duwèké Awab Sangkar ing Solo, pabrik tenun Tjermé, pabrik tenun Kasri (Bangil) — isih durung ana amput-amputé²⁷⁸.

Dadi kang dikarepaké déning Sdl. R. Ondjo iku ora kok ngenani bab gedhéné sidji-sidjiné pabrik, ora. Nanging ngenani bawérané²⁷⁹ daérah. Gunggung²⁸⁰ kepruk²⁸¹, kèhé mesin-mesin²⁸² tenun saindenging Madjalaja, jèn dikumpulaké, ana 3500 kang laku mesin, lan tenun tangan ana 17000-nan²⁸³. Dadi ija ora mokal²⁸⁴, jèn daérah iki diarani daérah industri tèkstil kang gedhé dhéwé. Saploké²⁸⁵ djaman merdika²⁸⁶ iki industri tèkstil ing Madjalaja adjuné²⁸⁷ pantjèn ngédab-édabi²⁸⁸. Manut

²⁶⁰ roti Brot — ²⁶¹ tangkep Scheibe — ²⁶² brangkat (malaiisch) aufbrechen — ²⁶³ bis (niederl.) Autobus — ²⁶⁴ tamtu fest, sicher; namtokaké festlegen — ²⁶⁵ kondang berühmt — ²⁶⁶ direktur (niederl.) Direktor — ²⁶⁷ perusahaan (malaiisch) Werk, Betrieb — ²⁶⁸ tenun (malaiisch) weben — ²⁶⁹ kasdu wollen, wünschen — ²⁷⁰ mratélakaké (*pratéla*) mitteilen, angeben — ²⁷¹ sa-Indonesia von ganz Indonesien — ²⁷² tenggara (malaiisch) Südosten — ²⁷³ bener lan luputé ob es richtig oder falsch ist — ²⁷⁴ ngijani (*ija*)/nginggihi (*inggihi*) bejahan — ²⁷⁵ apadéné geschweige denn — ²⁷⁶ madoni (*adu*)/mabeni (*aben*) bestreiten — ²⁷⁷ nanding (*tanding*) vergleichen — ²⁷⁸ ora ana amput-amputé nicht zu vergleichen — ²⁷⁹ bawéra die eingenommene Fläche — ²⁸⁰ gunggung Gesamtzahl — ²⁸¹ kepruk zerlegt, aufgeschlüsselt — ²⁸² mesin (niederl.) Maschine — ²⁸³ pitulas éwonan etwa 17000 — ²⁸⁴ mokal ungläublich — ²⁸⁵ saploké seit — ²⁸⁶ djaman merdika Unabhängigkeit (d. h. seit 1945) — ²⁸⁷ adju Fortschritt — ²⁸⁸ édab erstaunt; ngédab-édabi erstaunlich

pétungan²⁸⁹ watara²⁹⁰ tikel ping sapuluhé jèn katanding karo djaman wingi-wingi. Kena diarani manawa rakjat Madjalaja saiki wis mudjudaké masarakat industri tèkstil. Bebasan sabèn omah wis kena ditamtokaké, mesthi tinemu piranti tenunan. Panguripané rakjat kéné jèn ora dadi madjikan²⁹¹ tjilik-tjilikan, ija mburuh²⁹² ing pabrik-pabrik tenun. Jèn anaa kang²⁹³ pangupadjiwané²⁹⁴ saka tetanèn²⁹⁵, perséntasiné²⁹⁶ ija mung sathithik banget. Wondéné²⁹⁷ perusahaan-perusahaan tenun kang kèhé saiki wis bisa kaiket²⁹⁸ ing sawidjining organisasi tunggal²⁹⁹, kang bandjur nggabung³⁰⁰ dadi wargané³⁰¹ Koteksi (Koperasi³⁰² Tekstil Seluruh³⁰³ Indonesia) kang pusaté ana ing Djakarta. Kang mangkéné iki sajekti bisa nambah pikukuhé³⁰⁴ adeg-ing³⁰⁵ perusahaan mau saéngga langka³⁰⁶ jèn ta nganti ngalami³⁰⁷ kerendetan³⁰⁸ ing usahané³⁰⁹. Ija ing bab kabutuhan bahan-bahan mentah³¹⁰, alat-alat³¹¹ mesin dalah ngenani kabutuhan-kabutuhan tenaga pisan, kabèh bisa dibudidaja³¹² klawan gotong-rojong³¹³, saijeg³¹⁴ saéka³¹⁵ kapti³¹⁶ antarané madjikan-madjikan kasebut.

Induk³¹⁷ Pentjelupan³¹⁸

Kang kita djudjug ing Madjalaja kang dhisik dhéwé jaiku Perusahaan Induk Pentjelupan lan Induk Penjempurnaan³¹⁹ Tekstil. Sidji-sidjiné perusahaan duwèké pamaréntah daérah kang adegé³²⁰ mligi³²¹ kanggo

²⁸⁹ *pétungan* Berechnung — ²⁹⁰ *watara* hier: etwa — ²⁹¹ *madjikan* Unternehmer — ²⁹² *mburuh* als Arbeiter tätig sein — ²⁹³ *jèn anaa kang* wenn es Leute gäbe, die ... (Suffix *-a* unterstreicht die Unwirklichkeit der Satzaussage) — ²⁹⁴ *upadjiwa* Lebensunterhalt — ²⁹⁵ *tani* Bauer; *tetanèn* Landwirtschaft — ²⁹⁶ *perséntasi* (niederl.) Prozentsatz — ²⁹⁷ *wondéné* aber, indessen — ²⁹⁸ *ngiket* zusammenschließen — ²⁹⁹ *tunggal* einheitlich — ³⁰⁰ *nggabung* angeschlossen sein — ³⁰¹ *warga* Mitglied — ³⁰² *koperasi* (niederl.) Genossenschaft — ³⁰³ *seluruh* (malaiisch) ganz — ³⁰⁴ *pikukuh* Stärke — ³⁰⁵ *adeg* Standfestigkeit — ³⁰⁶ *langka* selten — ³⁰⁷ *ngalami* erleben — ³⁰⁸ *rendet* = *rendhet* stecken bleiben — ³⁰⁹ *usaha* Bemühung — ³¹⁰ *bahan mentah* (malaiisch) Rohstoff — ³¹¹ *alat* (malaiisch) Werkzeug — ³¹² *mbudidaja* regeln — ³¹³ *gotong-rojong* eine Last gemeinsam tragen, hier: Zusammenarbeit — ³¹⁴ *saijeg* einmütig — ³¹⁵ *saéka* einig — ³¹⁶ *kapti* (altdjaw.) Bestreben, Verlangen — ³¹⁷ *induk* (malaiisch) Muttertier, hier: Zentrum — ³¹⁸ *mentjelup* (malaiisch) färben, eintauchen; *pentjelupan* Färberei — ³¹⁹ *penjempurnaan* (malaiisch) Veredelung — ³²⁰ *adeg* hier: errichtet — ³²¹ *mligi* nur, ausschließlich

ngladèni sarta „nampung³²²“ produksiné perusahaan tenun sainde-ning Madjalaja. Kaja arané wis njebutaké, pabrik iki fungsine³²³ ora mung mènter³²⁴ awèh warna³²⁵ (polos³²⁶, kekembangan³²⁷, lorèk³²⁸ lsp.) baé, nanging kang luwih baku manèh: njempurnakaké utawa mbetjikaké kwalitèté, nganti dadi bahan sandang kang adjiné ora kalah karo gawéjan luar negeri. Malah kepara luwih indjo³²⁹, kadjaba bangsané kain-kain³³⁰ wol³³¹.

Kita wani ngarani mangkono, djer jektiné baé, bakal-bakal sandangan kang déning „tuan-tuan toko“³³² disebutaké gawéjan³³³ luar negeri³³⁴ — lan kita umumé ija duwé anggepan³³⁵ mangkono — djalaran kwalitèté mula betjik banget djebulé³³⁶ kok gawéjan kita dhéwé. Sing djeneng kain-kain dril sawernaning dril. Wiwit drilé³³⁷ Angkatan Darat³³⁸ kita, drilé abu-abu³³⁹ Angkatan Laut³⁴⁰ kita kang akèh dipéngini³⁴¹ sabèn wong, dril kuningé Mobil Brigade³⁴² kita, soklaté³⁴³ Auri³⁴⁴ kita kang gawé kemetjer³⁴⁵ sok wonga³⁴⁶, nganti sing djeneng dril CP³⁴⁷ (dril sing lemes gilap kaé), kabèh mau djebul kok dudu gawéjan Amerika, Eropa utawa Tiongkok.

Semono uga kain-kain bangsané spré³⁴⁸ polos utawa kekembangan manéka warna³⁴⁹, slambu³⁵⁰ tempat tidur lan slambu-slambu gordin³⁵¹ kang èdi pèni³⁵², kain-kain damas³⁵³ — kang manut pandugané³⁵⁴ ngakèh mesthi gawéjan ndjaban³⁵⁵ rangkah³⁵⁶ kaé, bakal bisa di-

³²² *tampung* (malaiisch) auffangen — ³²³ *fungsi* (niederl.) Funktion — ³²⁴ *mènter* (*wènter*) farblich aufbereiten — ³²⁵ *awèh warna* Farbgebung — ³²⁶ *polos* einfarbige Stoffe — ³²⁷ *kekembangan* geblünte Stoffe — ³²⁸ *lorèk* gestreifte Stoffe — ³²⁹ *ondjo* gut, prima — ³³⁰ *kain* (malaiisch) Tuch, Stoff — ³³¹ *wol* (niederl.) Wolle — ³³² *tuan toko* (malaiisch) Ladenbesitzer — ³³³ *gawéjan* Fabrikat — ³³⁴ *luar negeri* (malaiisch) ausländisch — ³³⁵ *anggepan* Ansicht — ³³⁶ *djebulé* es stellt sich heraus — ³³⁷ *dril* (niederl.) Drillich — ³³⁸ *angkatan darat* (malaiisch) Landstreitkräfte — ³³⁹ *abu-abu* grau — ³⁴⁰ *angkatan laut* (malaiisch) Seestreitkräfte — ³⁴¹ *méngini* wünschen, haben wollen — ³⁴² *mobil brigade* motorisierte Einheiten — ³⁴³ *soklat* braun — ³⁴⁴ *Auri* = *Angkatan Udara Republik Indonesia* (malaiisch) Luftstreitkräfte der Republik Indonesien — ³⁴⁵ *kemetjer* das Wasser im Munde zusammenlaufen lassen — ³⁴⁶ *sok wonga* aber auch jedem Menschen (das Suffix *-a* dient hier zur Verstärkung der Satzaussage) — ³⁴⁷ *CP* = *Civil Police* — ³⁴⁸ *spré* (niederl.) Überdecke — ³⁴⁹ *manéka warna* vielfältig — ³⁵⁰ *slambu* Vorhang — ³⁵¹ *gordin* (niederl.) Vorhang — ³⁵² *èdi pèni* wunderschön — ³⁵³ *damas* (niederl.) Damast — ³⁵⁴ *panduga* Meinung — ³⁵⁵ *djaban* außerhalb — ³⁵⁶ *rangkah* Stadtmauer

sipati³⁸⁷ dhéwé manawa kain-kain mau djebulé kok „mung“ weton³⁸⁸ Madjalaja baé.

Eman, kita ora bisa suwé mider-mider³⁸⁹ ing pabrik pentjelupan kéné, gandèng isih akèh atjara-atjara kang kudu kita tekani. Sok ngonowa, nadyan bebésan mung sakeplasan³⁹⁰, éwadéné³⁹¹ wis katjonggah³⁹² nuwuhaké³⁹³ tabet³⁹⁴ kang maremaké³⁹⁵ ati.

Pabrik iki dipimpin déning ahli kimia³⁹⁶ Ir³⁹⁷. Benny Munasik. Sawidjining nom-noman kang sympatik, grapjak sumanak, jèn paring³⁹⁸ katerangan tjukup tjetha saéngga gawé maremé kang ngadjokaké pitakon-pitakon³⁹⁹. Manut pangandikané Sdl. Ir. Benny, kapasitasé pabrik pentjelupan kang dipimpin iki tikel pindho katimbang pabrik Ratatex, Balung Bendo — Krian (Surabaja). Kapasitasé pabrik Rata-tex mung 4 ton⁴⁰⁰, dadi mung tiba paro⁴⁰¹ karo pabrik ing Madjalaja kéné kang kekuwatané⁴⁰² ana 8 ton. Kaja diwuningani⁴⁰³ Ir. Benny iki tunggal klas⁴⁰⁴ karo Ir. Nurdjana Rachman Tamin (ahli kimia saka pabrik Ratatex — tjekakan⁴⁰⁵ saka tembung Rachman Tamin Tekstil) rikala padha nerusaké pasinaoné⁴⁰⁶ ing Nderland lan Djerman. Dadi kena diarani Ratatex lan Madjalaja iku: tunggal guru⁴⁰⁷. Gandèng karo bab kasebut, mula ija djeneng ora anèh⁴⁰⁸, manawa kwalitèt lan wantèké⁴⁰⁹ kain-kain weton Madjalaja lan Ratatex ija unda-undi⁴¹⁰ baé.

Pesantrèn⁴¹¹ Balé⁴¹² Kambang

Saka Perusahaan Induk Pentjelupan, kita mampir⁴¹³ sadhéla manèh menjang Balé Kambang. Jaiku sawidjining pesantrèn kang diede-

³⁸⁷ sipat Eigenschaft; *njipati* erkennen — ³⁸⁸ weton/wedalan Erzeugnis — ³⁸⁹ mider (*ider*) einen Rundgang machen — ³⁹⁰ keplas schnell laufen; *sakeplasan* im Vorübergehen — ³⁹¹ éwadéné immerhin, doch — ³⁹² katjonggah (*tjonggah*) imstande sein — ³⁹³ tuwuh zunehmen — ³⁹⁴ tabet Spur, Eindruck — ³⁹⁵ marem zufrieden — ³⁹⁶ ahli kimia Chemiker — ³⁹⁷ Ir. = *insenjur* Ingenieur — ³⁹⁸ paring K.I. = gegeben — ³⁹⁹ ngadjokaké pitakon Fragen stellen — ⁴⁰⁰ ton (niederl.) Tonne (1 000 kg) — ⁴⁰¹ paro/palih halb — ⁴⁰² kekuwatan Kapazität — ⁴⁰³ kaja diwuningani wie man weiß — ⁴⁰⁴ tunggal klas Klassenkamerad — ⁴⁰⁵ tjekakan Abkürzung — ⁴⁰⁶ pasinaon Studium — ⁴⁰⁷ tunggal guru sie hatten den gleichen Lehrer — ⁴⁰⁸ anèh seltsam — ⁴⁰⁹ wantèk solide, fest, haltbar — ⁴¹⁰ undha-undhi nur geringer Unterschied — ⁴¹¹ santri Religionsschüler (Islam); *pasantrèn* Religionschule — ⁴¹² balé Institut — ⁴¹³ mampir einen Besuch abstaten

gaké⁴¹⁴ atas usahané⁴¹⁵ para madjikan-madjikan perusahaan tenun saindenging Madjalaja klawan gotong-rojong. Adegé pesantrèn iki mula laras⁴¹⁶ karo kabutuhané pemilik-pemilik⁴¹⁷ perusahaan-perusahaan kasebut. Kita arani mengkono, djalaran mawas sipat-sipating pasinaon kang diadjaraké⁴¹⁸ marang para siswa⁴¹⁹ kang tjatjahé⁴²⁰ mau, kadjaba wulangan-wulangan⁴²⁰ agama⁴²¹, kawruh umum⁴²², uga sawernaning kawruh tèhnik pertununan. Dadi éntané⁴²³ baé kajadéné mudjudaké sekolahan⁴²⁴ kader⁴²⁵ industri tèkstil tjilik-tjilikan. Pambagéne wektu pasinaon pantjèn runtut⁴²⁷: bubar nampa wulangan umum, bandjur praktèk⁴²⁸ ing pabrik-pabrik kang wis tinamtokaké. Wiwit adjar ngukel⁴²⁹ benang⁴³⁰ lawé⁴³¹, njekir⁴³², nenun⁴³³ lsp. Jèn wis praktèk mangkono mau umumé ija wis bisa nampa opahan dhéwé minangka kanggo „uang saku“⁴³⁴. Djalaran ngenani bab sandhang penganggo dalah pangan sarta kabutuhané piranti-piranti sekolahan, kabèh wis ditjukupi⁴³⁵ ing pasantrèn kono.

Rikala kita nindjo menjang sekolahan (dalah asramané⁴³⁶ pisan iki) ing pekarangan⁴³⁷ sisih mburi katon lagi dibangun gedhong-gedhong anjar manèh. Manut rantjangan pantjèn arep didjembaraké⁴³⁸, laras karo adjuné lapangan⁴³⁹ industri tèkstil ing Madjalaja kang isih akèh mbutuhaké ahli-ahli tenun kang tjukup akèhé.

Sapira tjatjahé perusahaan tenun ing Madjalaja kéné, ora terang. Nanging kang tjetha baé perusahaan-perusahaan mau mula wis ora sathithik djasa-djasané⁴⁴⁰ mungguhing masarakat ing daérah kasebut. Kadjaba bisa awèh lapangan-lapangan kerdja⁴⁴¹ lsp. ing antarané uga mbetjikaké⁴⁴² dalan-dalan kang banget dibutuhaké kanggo lantjar-

⁴¹⁴ ngedegaké gründen — ⁴¹⁵ atas usaha auf Initiative — ⁴¹⁶ laras parallel — ⁴¹⁷ pemilik (malaiisch) Besitzer — ⁴¹⁸ ngadjaraké lehren — ⁴¹⁹ siswa Student — ⁴²⁰ wulangan Unterricht — ⁴²¹ agama Religion — ⁴²² kawruh umum Allgemeinwissen — ⁴²³ énta Plan, Vorstellung — ⁴²⁴ sekolah (niederl.) Schule — ⁴²⁵ kader (niederl.) Fachkraft, Kader — ⁴²⁶ pambagé Einteilung — ⁴²⁷ runtut harmonisch, aufeinander abgestimmt — ⁴²⁸ praktèk (niederl.) Praktikum machen — ⁴²⁹ ngukel aufwickeln — ⁴³⁰ benang Faden — ⁴³¹ lawé Faden — ⁴³² njekir (*sekir*, niederl.) abreißen — ⁴³³ nenun weben — ⁴³⁴ uang saku (mal.) Taschengeld — ⁴³⁵ njukupi/njekapi bestreiten, finanzieren — ⁴³⁶ asrama Internat — ⁴³⁷ pekarangan (malaiisch) Hof — ⁴³⁸ ndjembaraké (*djembar*) erweitern — ⁴³⁹ lapangan (mal.) Gebiet — ⁴⁴⁰ djasa das Verdienst — ⁴⁴¹ lapangan kerdja (mal.) Arbeitsplatz — ⁴⁴² mbetjikaké/njakaken reparieren

ing⁴⁴³ sesambungan ékonomi tumrapping rakjat daérah. Mung éman déné dalan-dalan mau saiki akèh kang wis padha rusak⁴⁴⁴, djalaran manut pratélan kurang olèh kawigatèn mungguh ing bab pami-jarané⁴⁴⁵ saka kang wadajib⁴⁴⁶. Bener lan orané kita mung bisa masrah-aké bab iki marang kang kawogan⁴⁴⁷.
(Panjebar Semangat, 6. Mai 1961)

Pantjuran⁴⁴⁸ banju panas ing Maribaja

Sawisé kita anggep tjukup kempt⁴⁴⁹ lan sadurungé kita ninggalaké⁴⁵⁰ Madjalaja kita diampiraké⁴⁵¹ sadhéla ing dalemé⁴⁵¹ Sdl. R. Ondjo Argadinata, saperlu ngaso sadhéla ngiras olèh djadjan⁴⁵³ njamikan⁴⁵⁴; Kira-kira djam sidji awan rombongan kita wis mbatjutaké laku manèh: menjang Maribaja. Rantjangan menjang Lembang — jaiku papan dunungé teleskop raksasa — sidji-sidjiné teleskop kang didarbèni⁴⁵⁵ déning Djawatan⁴⁵⁶ Meteorologi kita wiwit⁴⁵⁷ djaman pendjadjahan bijèn — kepeksa kita djugaraké. Manut pétungan kita, ora akèh pikolèh⁴⁵⁸. Liré, kadjaba mrononé⁴⁵⁹ kudu ndjaluk inah⁴⁶⁰ luwih dhisik — kamangka⁴⁶¹ kita ora ana wektu kanggo ngurus bab kasebut — jèn wajah awan, kita mung bisa ndheleng-ndheleng piranti-pirantiné thok. Ora bisa ngèker⁴⁶² lintang-lintang kaja jèn ing wajah bengi. Dadi Lembang kepeksa kita liwati⁴⁶³ baé. Kita mung bisa njipati djenggerenging⁴⁶⁴ gedhong teleskop mau saka kadohan, kang wanguné kaja bathok⁴⁶⁵ mengkureb⁴⁶⁶ mawa lantjipan⁴⁶⁷ ing kapener putjuké⁴⁶⁸

⁴⁴³ *lantjar* glatt, reibungslos — ⁴⁴⁴ *rusak* schadhaft — ⁴⁴⁵ *mijara (pijara)/mijanten (pijanten)* pflegen; *pamijara* Wartung und Pflege — ⁴⁴⁶ *kang wadajib* die Behörden — ⁴⁴⁷ *kawogan* verpflichtet sein; *kang kawogan* die Behörden — ⁴⁴⁸ *pantjuran* Quelle — ⁴⁴⁹ *kempt* das Ende erreicht haben — ⁴⁵⁰ *ninggalaké/nilaraken* verlassen — ⁴⁵¹ *ngampiraké* zu einem Besuch einladen — ⁴⁵² *dalem* K.I. = *omah/grija* — ⁴⁵³ *dja-djan* Näscherereien — ⁴⁵⁴ *njamikan* Gebäck (Zugabe zum Tee) — ⁴⁵⁵ *ndarbèni* besitzen — ⁴⁵⁶ *djawatan* (malaisisch) Amt, Behörde — ⁴⁵⁷ *wiwit* hier: seit — ⁴⁵⁸ *pikolèh* Nutzen, Profit — ⁴⁵⁹ *mrono* dort hingehen — ⁴⁶⁰ *inah* Termin — ⁴⁶¹ *kamangka* und dabei, doch — ⁴⁶² *kèker* (niederl.) Fernrohr; *ngèker* durch ein Fernrohr betrachten — ⁴⁶³ *ngliwati* übergehen — ⁴⁶⁴ *djenggereng* eindrucksvolle Silhouette — ⁴⁶⁵ *bathok* halbe Schale einer Kokosnuß (die als Schöpfkelle verwendet wird) — ⁴⁶⁶ *mengkureb* mit der hohlen Seite nach unten liegen — ⁴⁶⁷ *lantjipan* Zacken — ⁴⁶⁸ *putjuk* Spitze; *putjak* Gipfel

—dumunung ing putjaking punthuk⁴⁶⁹ kang dhuwur dhéwé. Sawisé lakon udakara⁴⁷⁰ limang menit engkas⁴⁷¹ ngliwati dalan kang ménggak-ménggok⁴⁷² setengah ndeder⁴⁷³ kita wis tekan objèk kang kita tudju⁴⁷⁴, jaiku Maribaja. Papan dunungé sumber banju panas kang sering dadi papan djudjugané kaum pariwisata saka daérah sakiteré⁴⁷⁵ Bandung. Sadjatiné mono, sumberé kang tenan dunungé ora ana ing Maribaja. Nanging ing daérah satjedhaké⁴⁷⁶ putjaké gunung Tangkubanprau. Diilèkaké⁴⁷⁷ menjang Maribaja mawa pipa-pipa⁴⁷⁸ lèding⁴⁷⁹ kang bandjur diwudjudaké dadi pantjuran-pantjuran kran⁴⁸⁰, dipapanaké ing pakiwan⁴⁸¹ (kamar mandi⁴⁸²) kang mligi kanggo kaperluwan kasebut. Sapa kang kepéngin adus⁴⁸³ banju anget⁴⁸⁴ ing pakiwan-pakiwan mau, jèn diwasa⁴⁸⁵ mbajar limang Rupijah. Déné botjah-botjah mbajar saponé. Rombongan kita ora ana kang bisa ndjadjal⁴⁸⁶ ngrasakaké angeting banju mau. Djalaran rikala rombongan kita tekan kono, sing antri⁴⁸⁷ arep adus wis ora sathithik tjatjahé. Sabagéjan gedhé madeg saka wong-wong Tionghoa lan India kang katoné sadjak wis padha langganan⁴⁸⁸ ing padusan⁴⁸⁹ kono. Kathik pakiwané ija mung telu pisan. Dadi kita ja mung kandeg⁴⁹⁰ njenjawang kaéndahaning alam ing daérah mau kang mula banget ngresepaké, ngiras ndudah⁴⁹¹ bontotan⁴⁹² lan mangan⁴⁹³ awan. Saka Maribaja kéné katon lamat-lamat⁴⁹⁴ putjuké pegunungan Burangrang kang tansah katutupan⁴⁹⁵ ing ampak-ampak⁴⁹⁶. Njut, kita bandjur kèlingan katjilakan⁴⁹⁷ kang ngeres-eresi⁴⁹⁸ kang nembé baé kelakon dhèk sawatara sasi kepungkur,

⁴⁶⁹ *punthuk* Erhebung, Anhöhe — ⁴⁷⁰ *udakara/udakawis* ungefähr — ⁴⁷¹ *engkas* über, mehr (Zeitbestimmung) — ⁴⁷² *ménggak-ménggok* sich schlängeln — ⁴⁷³ *ndeder* steil ansteigen — ⁴⁷⁴ *nudju (tudju)* zustreben (Ziel) — ⁴⁷⁵ *sakiteré* in der Umgebung — ⁴⁷⁶ *satjedhaké* in der Nähe — ⁴⁷⁷ *ngilèkaké (ili)* fließen lassen, ableiten — ⁴⁷⁸ *pipa* (niederl.) Rohr — ⁴⁷⁹ *lèding* (niederl.) Wasserleitung — ⁴⁸⁰ *kran* (niederl.) Wasserhahn — ⁴⁸¹ *pakiwan* Kabine (WC) — ⁴⁸² *kamar mandi* (malaisisch) Badezimmer — ⁴⁸³ *adus* baden — ⁴⁸⁴ *anget* heiß — ⁴⁸⁵ *diwasa* erwachsen — ⁴⁸⁶ *ndjadjal* kosten, probieren, genießen — ⁴⁸⁷ *antri* (niederl.) anstehen; Schlange stehen — ⁴⁸⁸ *langganan* Kunde — ⁴⁸⁹ *padusan* Badeanstalt — ⁴⁹⁰ *kandeg* = *kandheg* stehen bleiben — ⁴⁹¹ *ndudah* = *ndhudhah* auspacken — ⁴⁹² *bontotan* Päckchen (gekochter Reis in Blättern) — ⁴⁹³ *mangan awan* zu Mittag essen — ⁴⁹⁴ *lamat-lamat* nur schwach sichtbar, verschwommen — ⁴⁹⁵ *tutup* bedeckt — ⁴⁹⁶ *ampak-ampak* Nebel — ⁴⁹⁷ *katjilakan* Unfall — ⁴⁹⁸ *ngeres-eresi* herzerreißend

jaiku rikala palwagegana⁴⁹⁹ GIA⁵⁰⁰ lin⁵⁰¹ Djakarta-Bandung nabrak⁵⁰² pèrèngé pegunungan Burangrang iki saéngga gawé tiwasé⁵⁰³ penumpangé⁵⁰⁴ kabèh. Manut udjaring⁵⁰⁵ kanda⁵⁰⁶, jektiné baé ora mung pisan-pindho iki baé pegunungan Burangrang mau ndjaluk wadal⁵⁰⁷ dhèk djaman pendjadjahan bijèn djaréné⁵⁰⁸ ija wis naté kelakon. Uga djamané clash⁵⁰⁹ ndhisik uga ana palwagegana Walanda kang adjur⁵¹⁰ dadi awu⁵¹¹ djalaran nabrak pèrèngé⁵¹² pegunungan iki.

Kira-kira sadjam manèh, kita wis ninggalaké Maribaja. Ana sawatara saka rombongan kita kang njangking⁵¹³ olèh-olèh⁵¹⁴ minangka tanda mata, jaiku wudjud vaas⁵¹⁵ kembang, gawéjané keradjanan⁵¹⁶ tangané rakjat daérah dhéwé — mawa dilapis⁵¹⁷ glazuur kang tjukup ndemenakaké⁵¹⁸. Tur déné regané ija kepara luwih murah banget, katanding karo pèninging gegawéjané.

Setengah djam manèh kita wis tekan objèk kang pungkasan⁵¹⁹ kang ing dina iki kita éndangi⁵²⁰. Jaiku padusan Karangsétra. Padusan duwèké Djawatan Kepolisian⁵²¹ kang dunungé ana ing satengah-tengahing kutha Bandung. Eman rikala kita tekan kono, suwasanané⁵²² wis katon sepi. Djalaran teka kita pantjèn ija wis rada kasèp⁵²³. Wis djam setengah lima. Kathik⁵²⁴ kantor bagéjan sing njéwakaké pakaiian⁵²⁵ renang⁵²⁶ (sandhangan kanggo adus) wis tutup pisan. Dadi kantja-kantja kang saka ngomah pantjèn ora sangu pakaiian renang, ora ana kang bisa ngrasakaké segering banju padusan kang katon bening kintjlong-kintjlong⁵²⁷ ménginaké⁵²⁸ mau. Dadi sapisan manèh, ing

⁴⁹⁹ *palwa* (altdjaw.) Schiff; *gegana* (altdjaw.) Luft; *palwagegana* Flugzeug — ⁵⁰⁰ *GIA* Garuda Indonesian Airlines — ⁵⁰¹ *lin* (niederl.) Linie — ⁵⁰² *nabrak* (*tabrak*) rammen — ⁵⁰³ *tiwas* umkommen — ⁵⁰⁴ *penumpang* (*tumpang*) Fluggast, Fahrgast, Passagier — ⁵⁰⁵ *manut udjar* laut — ⁵⁰⁶ *kandha* Mitteilung — ⁵⁰⁷ *wadal* Opfer — ⁵⁰⁸ *djaréné* man sagt — ⁵⁰⁹ *clash* (engl.) Krach, Weltwirtschaftskrise — ⁵¹⁰ *adjur* zu Pulver zerrieben — ⁵¹¹ *awu* Asche — ⁵¹² *pèrèng* Flanke, Abhang — ⁵¹³ *njangking* (*tjangking*) an der Hand mit sich tragen, mitnehmen — ⁵¹⁴ *olèh-olèh* Andenken, Mitbringsel — ⁵¹⁵ *vaas* (niederl.) Vase — ⁵¹⁶ *keradjanan* Gewerbe, Handwerk — ⁵¹⁷ *lapis* Schicht; *nglapis* überziehen — ⁵¹⁸ *ndemenakaké* hübsch, erfreulich — ⁵¹⁹ *pungkasan* letzte — ⁵²⁰ *ngéndangi* = *ngéndhang*i besichtigen — ⁵²¹ *kepolisian* (malaiisch — niederl.) die Polizei als Ganzes — ⁵²² *suwasana* Atmosphäre, Milieu — ⁵²³ *kasèp* zu spät — ⁵²⁴ *kathik* immerhin — ⁵²⁵ *pakaiian* (malaiisch) Kleidung — ⁵²⁶ *renang* (mal.) schwimmen; *pakaiian renang* Badeanzug — ⁵²⁷ *kintjlong-kintjlong* spiegelklar (Wasserfläche, Augen) — ⁵²⁸ *ménginaké* das Verlangen erwecken

kéné kita ija mung kandeg ndeleng rombongan saka salah sawenèhing pakumpulan kang rikala samana sadjak lagi nganakaké gladèn⁵²⁹ „lontjat⁵³⁰ indah⁵³¹“.

Djaréné jèn ing wajah bengi, Karangsétra kéné malah luwih ramé, luwih-luwih jèn dong⁵³² malem Minggu. Djalaran jektiné baé padusan iki ora mung mligi mudjudaké papan padusan baé, nanging uga mawa patamanan-patamanan⁵³³ asri⁵³⁴ kang kena kanggo ngénggar-énggar⁵³⁵ prana⁵³⁶.

Kira-kira mung saprapat djam kita ana ing Karangsétra. Djalaran kedjaba wis ora ana sing perlu dideleng manèh, kaanané mula ora patia⁵³⁷ adoh asriné — malah kepara luwih ondjo karo padusan ing daérah kita dhéwé — kaja upamané ing Selecta lan Trètès. Mung Karangsétra pantjèn menang⁵³⁸ papan-dunungé ing satengah-tengahing kutha. Déne dunungé Selecta utawa Trètès lakon⁵³⁹ rong djam setengah saka Surabaya. Utawa setengah djam-an⁵⁴⁰ saka Malang.

Djam lima luwih sathithik kita wis tekan ngomah manèh. Nanging jakuwi kira-kira let sadjam manèh, kaanané panginepan wis dadi sepi mamring⁵⁴¹, djalaran wis padha ura⁵⁴² kabèh. Bethèké mumpung⁵⁴³ ana wektu kang longgar, sapa ngerti⁵⁴⁴ jèn sésuk udan — djalaran Bandung mula isih kerep⁵⁴⁵ udan — rak ija sida kapiran⁵⁴⁶ kapirun⁵⁴⁷ tenan. Dadi ija ora anèh manawa kabèh baé ija bandjur padha sumebar⁵⁴⁸ metu. Lan jektiné, ija wiwit djam iku wis mudjudaké atjara bébas tumrapping rombongan kita.

Ana sawatara rombongan kita kang bandjur „thruthukan⁵⁴⁹“ golèk kangsènan⁵⁵⁰ séwan taksi⁵⁵¹ kanggo kaperluwan sésuk éruk. Djalaran

⁵²⁹ *gladi* = *gladhi* sich üben; *gladhèn* Übung — ⁵³⁰ *lontjat* (malaiisch) springen — ⁵³¹ *indah* (malaiisch) schön — ⁵³² *lontjat indah* Kunstspringen — ⁵³³ *dong* = *dhong* gerade — ⁵³⁴ *patamanan* Park — ⁵³⁵ *asri* schön — ⁵³⁶ *ngénggar* (*énggar*) sich zerstreuen, sich erfreuen — ⁵³⁷ *prana* Gemüt — ⁵³⁸ *ora patia* nicht allzusehr — ⁵³⁹ *menang* (*wenang*) übertreffen — ⁵⁴⁰ *lakon* / *lampahan* zu Fuß gehen — ⁵⁴¹ *setengah djam-an* etwa eine halbe Stunde — ⁵⁴² *sepi mamring* einsam, öde, verlassen — ⁵⁴³ *ura* sich verstreuen, verschwinden — ⁵⁴⁴ *mumpung* solange noch — ⁵⁴⁵ *sapa ngerti* . . . wer weiß denn, ob es morgen regnet — ⁵⁴⁶ *kerep* oft — ⁵⁴⁷ *kapiran* / *kapinten* verwahrlost, vernachlässigt — ⁵⁴⁸ *kapiran kapirun* unklar, nicht genau wissen können — ⁵⁴⁹ *sumebar* (*sebar*) sich verlaufen (Menge), sich verstreuen — ⁵⁵⁰ *thruthuk* bummeln — ⁵⁵¹ *kangsèn* verabreden, absprechen — ⁵⁵² *taksi* (niederl.) Taxi

duwé pétungan: mumpung wis tekan Bandung, mesisan⁵⁵² nglèntjèr⁵⁵³ menjang Bogor kang wis kondang bab Kebon Rayané⁵⁵⁴. Nanging sebagéjan gedhé, mung ngiteri kutha baé. Kadjaba ndeleng-ndeleng raméné kutha ngiras blandja⁵⁵⁵ tuku barang-barang kang ing daérahé dhéwé ora ana, utawa jèn anaa⁵⁵⁶ ija larang regané.

Ing ndalem iki, aku kang ndilalah olèh silihan/srobotan⁵⁵⁷ djip⁵⁵⁸ saka keponakan kang ing wektu iku kapener lagi ngajahi tugas beladjar⁵⁵⁹ ing kutha Bandung kéné, ija lumajan⁵⁶⁰ banget. Ing sadjroné sawatara djam baé, kutha Bandung wis kemptu⁵⁶¹. Umumé, kita kang sangkané⁵⁶² saka⁵⁶³ kutha kang kaanané pantjèn luwih ramé (Surabaya) ora patia gumun weruh Bandung. Djalan⁵⁶⁴ Braga — djalan Tundjungané kutha Bandung, raméné sarta djembaré dalam mung tiba paroné Tundjungan Surabaya. Kang saparo dalam⁵⁶⁵ kanggo parkir⁵⁶⁶ (palèrenan) montor-montor⁵⁶⁷, déné saparo lijané manèh mung tjukup kanggo lakuné lalu-lintas⁵⁶⁸. Dadi jèn ana montor parkir kathik arep metu, ateges⁵⁶⁹ ija gawé mandegé lalu-lintas sadhéla. Untungé iku, déné dalam iki digawé sistim⁵⁷⁰ „satu djurusan⁵⁷¹“. Jèn ora mangkono ija klakon ruwet tenan.

(Panjebar Semangat, 13. Mai 1961)

Kutha lan masarakat Bandung sakeplasan

Esuk iku swasanané kutha Bandung sadjak katon sumringah⁵⁷², langité sumilak⁵⁷³ padhang⁵⁷⁴. Gawé legané⁵⁷⁵ rombongan kita kang

⁵⁵² *mesisan* (*wesisan*) gleichzeitig erledigen — ⁵⁵³ *nglèntjèr* ausgehen, sich zeigen, sehen lassen — ⁵⁵⁴ *raya* (altdjaw.) groß — ⁵⁵⁵ *blandja* Einkäufe machen — ⁵⁵⁶ *jèn anaa* wenn sie wirklich einmal zu haben sind (aber das ist nicht sicher; das Suffix -a drückt die Unsicherheit und Unwirklichkeit der Satzaussage aus) — ⁵⁵⁷ *srobotan* unterderhand besorgen — ⁵⁵⁸ *djip* (engl. — niederl.) Jeep — ⁵⁵⁹ *beladjar* (malaiisch) lernen, studieren — ⁵⁶⁰ *lumajan* einigermaßen auskommen — ⁵⁶¹ *kemptu* alle, vorbei, zu Ende — ⁵⁶² *kang sangkané saka kutha* die aus einer Stadt stammen — ⁵⁶³ *sangka* Herkunft — ⁵⁶⁴ *djalan* (malaiisch) Straße, Weg — ⁵⁶⁵ *kang saparo dalam* die eine Hälfte der Straße — ⁵⁶⁶ *parkir* (niederl.) parken, abstellen (Kraftwagen) — ⁵⁶⁷ *montor* (niederl.) Auto, Kraftwagen — ⁵⁶⁸ *lalu-lintas* (malaiisch) Verkehr — ⁵⁶⁹ *ateges* (Präfix a-) so bedeutet das, daß . . . — ⁵⁷⁰ *sistim* (niederl.) System — ⁵⁷¹ *satu djurusan* (malaiisch) Einbahnverkehr — ⁵⁷² *sumringah* frisch, kühl — ⁵⁷³ *sumilak* glänzend — ⁵⁷⁴ *padhang* hell — ⁵⁷⁵ *lega* froh, erleichtert

dina iku mula mudjudaké atjara bébas, bisa nglèntjèr sakatogé⁵⁷⁶. Kantja-kantja kang menjang Bogor⁵⁷⁷ wis padha brangkat mau ésuk umun-umun⁵⁷⁸ djam 5, ing pangangkah⁵⁷⁹ bisa olèh wektu kang ombèr⁵⁸⁰ kanggo ngiteri lan ndedeleng Kebon Raya kang wis kondang lan dunungé blèngkèt⁵⁸¹ karo Istana Bogor⁵⁸². Kadjaba iku dohé Bandung — Bogor pantjèn ija rada lumajan, kira-kira lakon 3 djam-an luwih. Dadi kira-kira tikèl sidji setengahé Surabaya — Malang.

Aku dhéwé ésuk iku rada krinan⁵⁸³, djalaran karipan⁵⁸⁴ ndeleng wajang golèk⁵⁸⁵ — karo sawatara kantja — kang ditanggap⁵⁸⁶ ora adoh karo panginepan kita. Kantja-kantja kang lagi katembèn⁵⁸⁷ weruh tontonan wajang golèk, rada gumun weruh tata-rakiting⁵⁸⁸ pedalangan kasebut. Papané dalang⁵⁸⁹, gamelan dalah wijagané⁵⁹⁰ pisan lan pasindèn-pasindèné⁵⁹¹ kang tjatjahé ana telu, mudjudaké panggungan⁵⁹² kang djembaré mung udakara ana telung mèteran pesagi⁵⁹³. Dadi katoné pèpèt-pèpètan⁵⁹⁴ pating kruwel⁵⁹⁵. Rèhning papané tontonan képara dhuwur, dadi sing nonton bisa kanthi lungguhan kepénak wis bisa ndeleng kanthi tjetha. Tontonan iki manut katrangan wis telung bengi suwéné. Sok ngonowa sing nonton isih panggah⁵⁹⁶ tetep djedjel rijel⁵⁹⁷ nganti tumekaning tantjeb kajon⁵⁹⁸. Aku sakantja⁵⁹⁹ kira-kira djam 3 parak⁶⁰⁰ ésuk lagi mapan mantjal⁶⁰¹ kemul⁶⁰².

⁵⁷⁶ *sakatogé* wohin man will — ⁵⁷⁷ *Bogor* (bis 1945 Buitenzorg), 59 km südlich von Djakarta, Sitz des indonesischen Staatspräsidenten — ⁵⁷⁸ *umun-umun* vor Tagesanbruch, in aller Herrgottsfrühe — ⁵⁷⁹ *angkah Plan* — ⁵⁸⁰ *ombèr* frei, geräumig — ⁵⁸¹ *blèngkèt* angrenzend, benachbart — ⁵⁸² *Istana Bogor* das Präsidentenpalais — ⁵⁸³ *krinan* sich verschlafen — ⁵⁸⁴ *karipan* schläfrig — ⁵⁸⁵ *wajang golèk* eine Art Puppentheater: mit holzgeschnitzten Puppen werden Themen aus der islamischen Literatur dargestellt — ⁵⁸⁶ *nanggap* (*tanggap*) ein Wajang-Spiel aufführen — ⁵⁸⁷ *ketembèn* zum ersten Mal — ⁵⁸⁸ *rakit* Vorbereitung, Zurichtungen — ⁵⁸⁹ *dalang* = *dhalang* der Mann, der die Puppen betätigt und dabei die Handlung mit singender Stimme erläutert und kommentiert — ⁵⁹⁰ *wijaga* Gamelanspieler — ⁵⁹¹ *pasindhèn* Sängerin — ⁵⁹² *panggungan* Tribüne — ⁵⁹³ *mèter pesagi* Quadratmeter — ⁵⁹⁴ *pèpèt* beengt — ⁵⁹⁵ *pating kruwel* (Infix -r-) ineinander verstrickt — ⁵⁹⁶ *panggah* unbeirrbar — ⁵⁹⁷ *djedjel rijel* überfüllt — ⁵⁹⁸ *tantjeb* aufgepflanzt; *kajon/kadjengan* Holzschirm; *tantjeb kajon* der Vorhang fällt — ⁵⁹⁹ *aku sakantja* ich mit meinen Freunden — ⁶⁰⁰ *parak* nahe, bis — ⁶⁰¹ *mantjal* (*pantjal*) mit dem Fuß wegstoßen — ⁶⁰² *kemul* Decke; *mantjal kemul* vor dem Schlafengehen eine Mahlzeit einnehmen

Dina iku kapener dina Minggu. Dadi swasanané kutha rada katon sepi. Liré toko-toko gedhé kaja upamané ing Djalan Braga lsp. né — ora béda karo kutha-kutha gedhé ing ngendi-endi — padha tutup⁶⁰³. Dadi tumrapé kantja-kantja, jèn arep golèk olèh-olèh ora ana lija kang didjudjug : pasar.

Ngrembug bab kuthané Bandung dhéwé — kaja kang wis katur ing andaran ndhisik, rèhning kita saka kutha kang luwih ramé, dadi ora patia nggumun weruh kutha kang kita tekani iki. Sipaté mula ija akèh bédané. Surabaya kadjaba sawidjining kutha plabuhan⁶⁰⁴ uga mudjudaké kutha industri. Déné Bandung satengahé kena diarani sawidjining kutha „pasanggrahan⁶⁰⁵”. Bab pembangunan gedhong-gedhong anjar ija ora akèh katjèké⁶⁰⁶. Mung ana saprakara kang kita ngakoni kalah. Jaiku, kutha Bandung kang kèhé taman-taman⁶⁰⁷ sari tanpa wilangan⁶⁰⁸ tjatjahé, saben ana pembangunan gedhong anjar, apa iku gedhongé pamaréntah apa partikilir⁶⁰⁹ apa perseorangan⁶¹⁰ pisan, mesthi mawa patamanan kang banget asriné. Dadi èmperé⁶¹¹ baé kadjaba jasa⁶¹² bangunan anjar ija ngiras pantes gawé kutha Bandung luwih ngresepaké manèh. Panjaringan⁶¹³ banju baé kedjaba dibangun klawan maksud gawé tambahing kabutuhan banju lèding tumrapping masarakat, èmperé ija diangkah supaja bangunan mau bisa dadi papan djudjugané kaum plesiran⁶¹⁴. Béda manèh karo apa kang kelakon ing kuthaku Surabaya kéné. mBangun panjaringan banju wis tjukup butuhé lan maksud, ija uwis. Sadjak ora duwé anggitan⁶¹⁵ amrih bangunan mau bisa diéndangi kaum pariwisata utawa saphadhané⁶¹⁶. Bab masarakaté pantjèn ana pantesé⁶¹⁷ jèn kutha iki sok katjeluk „Paris of Java”. Kang dikarepaké tetembungan iki bethèké baé bab kemodèrané⁶¹⁸. Lan jèn ing kéné disebut „kemodèran” kang dikarepaké adjuning wanita daérah iki kaja kang tinemu ing kutha Paris

⁶⁰³ tutup geschlossen — ⁶⁰⁴ labuh ankern, plabuhan Hafen — ⁶⁰⁵ pasanggrahan Sanatorium — ⁶⁰⁶ katjèk / kaot Unterschied — ⁶⁰⁷ taman Park — ⁶⁰⁸ tanpa wilangan unzählig — ⁶⁰⁹ partikilir (niederl.) privat — ⁶¹⁰ perseorangan (malaisch) individuell, privat — ⁶¹¹ èm per ebenso, gleich — ⁶¹² jasa (altdjaw.) Gebäude — ⁶¹³ saring Filter; panjaringan Kläranlage (Leitungswasser) — ⁶¹⁴ kaum plesiran Touristen — ⁶¹⁵ anggitan Vorstellung, Gedanke — ⁶¹⁶ saphadhané und dergleichen, und ähnliche Leute — ⁶¹⁷ pantes gebührend — ⁶¹⁸ kemodèran Modernität

kang wis kaloka dadi sumbering mode-mode anjar kanggoné kaum wanita ing bab sandhang pangango lan ngadi⁶¹⁹ sarira⁶²⁰. Apa ija iki surasaning⁶²¹ sebutan⁶²² „Paris of Java“ mau?

Jektiné baé sasuwéné kita mider-mider ing kutha kéné (ing satengahing dalam utawa umum) babarpisan ora mrangguli⁶²³ wanita-wanita⁶²⁴ kang menganggo-anggo kebajak⁶²⁵ lan djarit⁶²⁶. Jèn anaa sidji loro ija mung wanita-wanita kang umur-umurané wis sèketan taun menduwur. Dadi èmperé baé pakéjan daérah Parahijangan kang èdi ngresepaké lan sering dipitontonaké⁶²⁷ ing mode-show kaé, mung dietrapaké⁶²⁸ samangsa dina-dina mirunggan⁶²⁹ baé. Wis ora mudjudaké sandhangan padinan manèh. Dadi putri-putri⁶³⁰ rombongan kita kang sabagéjan gedhé padha ngagem⁶³¹ njamping⁶³², rikala padha ngiteri kutha mau satengahé kaja dadi tontonan. Djer bandjur ngawistarani⁶³³ jèn kita iki klebu wong paran⁶³⁴. „Wong Djawa“ mangkono umumé wong Djawa Kulon ngarani wong Djawa Tengah lan Djawa Wétan.

Kaanan lija kang gawé gawok⁶³⁵, jaiku — ing Bandung kéné saweruhku⁶³⁶ ora ana wong pepréman⁶³⁷ utawa wong glandangan⁶³⁸ babarpisan. Manut udjar mbijèn — ija ora béda karo kutha-kutha ngendi-endi, sing djeneng wong glandangan mula ija ora sathithik wilangané. Nanging wiwit dhèk djamané Konperensi Asia-Afrika kena diarani kutha Bandung nganti sapréné „bersih dari pemandangan jang tidak meresapkan itu⁶³⁹”. Lan razzia kaja mangkono mau mula ditindakaké klawan adjeg⁶⁴⁰. Soréné (djalaran sapisan engkas olèh ”srobotan“ djip sawisé ngambali⁶⁴¹ ngubengi⁶⁴² kutha lan ndeleng panjaringan banju

⁶¹⁹ ngadi (adi) pflegen — ⁶²⁰ sarira (altdjaw.) Körper, sich selbst — ⁶²¹ surasa / suraos Inhalt, Wortlaut — ⁶²² sebutan Bezeichnung — ⁶²³ mrangguli (pranggul) begegnen, treffen — ⁶²⁴ wanita Frau — ⁶²⁵ kebajak Kleidung der Djawanin: eine Art Jacke, die am Hals offen ist — ⁶²⁶ djarit Kleidung der Djawanin: meist gebatikter Sarung, wird um Unterleib und Beine geschlagen — ⁶²⁷ mitontonaké zur Schau stellen — ⁶²⁸ ngetrapaké (atrap) anlegen, anziehen — ⁶²⁹ mirunggan außergewöhnlich — ⁶³⁰ putri K.I. = wadon / èstri — ⁶³¹ ngagem K.I. = anggo / anggé — ⁶³² njamping Sarung — ⁶³³ kawistara sichtbar — ⁶³⁴ wong paran / tijang purug Reisende, Fremde — ⁶³⁵ gawok erstaunt — ⁶³⁶ saweruhku soweit ich weiß — ⁶³⁷ préman (niederl.) hier: Bummelant — ⁶³⁸ glandang = glandhang arbeitsscheu — ⁶³⁹ bersih dari pemandangan jang tidak meresapkan itu (malaiisches Zitat): frei von jedem unerfreulichen Anblick — ⁶⁴⁰ adjeg regelmäßig — ⁶⁴¹ ngambali (ambal) betreten — ⁶⁴² ngubengi (ubeng) durchstreifen

lèding kita terus menjang Dago. Jaiku punthuk⁶⁴³ kang duwur dhéwé, kanggo ndeleng kutha Bandung dalah sakiteré. Entrané ora béda karo Tjandi ing Semarang. Rikala kita mréné⁶⁴⁴, ndilalah swasanané⁶⁴⁵ kurang tjotjog. Djalaran nembé baé mudun saka djip wis dipapagaké udan rimis-rimis⁶⁴⁶. Dadi enggon kita njawang kutha Bandung kang lampuné⁶⁴⁷ pating krelip⁶⁴⁸ ngresepaké mau ija mung bebasan sakeplasan baé. Kang kita gagas⁶⁴⁹ iku mung bab lakuné menjang Dago mau. Dalané bléthok⁶⁵⁰ (bethèké mentas udan), ménggak-ménggok satengah ndeder, pating grondjal⁶⁵¹, sisih djurang⁶⁵² sisih gampèng⁶⁵³, djembaré mung pas⁶⁵⁴ tjukup montor sidji. Dadi jèn liwat dalan kono rasané ati iki èmperé kaja lagi ngambah wot⁶⁵⁵ ogal-agil⁶⁵⁶ kaé. Kurang trengginas utawa kurang pangati-atiné si sopir⁶⁵⁷ sathithik baé, sida kelakon dadi wadalé djurang tenan. Mula batinku rikala samana: sapisan dji iki baé aku wani diadjak mrono. Tenèh⁶⁵⁸ jèn awak lagi kurang begdja⁶⁵⁹, kelakon mung bakal mulih aran⁶⁶⁰ tenan.

Kamangka Dago mono wis tjetha dadi djudjugané wong plesiran kang ora sepi. Luwih-luwih ing wajah bengi, djalaran jèn awan kurang nenarik⁶⁶¹. Katambahan⁶⁶² jèn dong malem Minggu pisan. Pantjèn manut pangrunguku, sapréne mula durung ana kedadéjan katjilakan ing daérah mau. Sok ngonowa saiba⁶⁶³ luwih betjiké jèn dalan kang mbebajani⁶⁶⁴ mau dibetjikaké kanggo ngawékani lelakon-lelakon kang ora kita karepaké. Prajogané⁶⁶⁵: pupur⁶⁶⁶ sadurungé bendjut⁶⁶⁷.

Kira-kira djam 5 soré rombongan sing njang Bogor wis padha teka. Nadyan katoné padha lungkrah⁶⁶⁸, nanging tjritané ngethupjus⁶⁶⁹. „Samungguhna⁶⁷⁰ pandjenengan mau mèlu tindak . . .“

⁶⁴³ *punthuk* Anhöhe — ⁶⁴⁴ *mréné* — hierher kommen — ⁶⁴⁵ *swasana* hier: Wetter — ⁶⁴⁶ *rimis* Nieselregen — ⁶⁴⁷ *lampu* (niederl.) Lampe — ⁶⁴⁸ *pating krelip* (Infix-r-) flackern, funkeln — ⁶⁴⁹ *nggagas* bedenken — ⁶⁵⁰ *bléthok* schlüpfrig — ⁶⁵¹ *pating grondjal* (Infix-r-) schlingern, schleudern — ⁶⁵² *djurang* Schlucht — ⁶⁵³ *gampèng* unterhöhlter Überhang — ⁶⁵⁴ *pas* (niederl.) reichen, passen — ⁶⁵⁵ *wot* Steg (aus Bambus oder einem Baumstamm) — ⁶⁵⁶ *ogal-agil* schwankend — ⁶⁵⁷ *sopir* (niederl.) Kraftfahrer — ⁶⁵⁸ *tenèh* immerhin, doch — ⁶⁵⁹ *begdja* glücklich — ⁶⁶⁰ *mulih aran* umgekehrt — ⁶⁶¹ *nenarik* interessant — ⁶⁶² *katambahan* um so mehr — ⁶⁶³ *saiba* um wieviel (besser usw.) — ⁶⁶⁴ *baja* Gefahr; *mbebajani* gefährlich — ⁶⁶⁵ *prajogané* / *prajoginipun* es wäre gut — ⁶⁶⁶ *pupur* sich pudern — ⁶⁶⁷ *bendjut* sich eine Beule am Kopf stoßen — ⁶⁶⁸ *lungkrah* elend — ⁶⁶⁹ *ngethupjus* immerzu reden — ⁶⁷⁰ *samungguhna* falls, wenn

„Aku wis ping pindho njang⁶⁷¹ Kebon Raya. Ora perlu diumuki⁶⁷²,“ panjelaku⁶⁷³.

„Dudu bab Kebon Rayané kang arep daktjritakaké. Nanging kaanané ing satengahing dalan kang aku rumangsa éram⁶⁷⁴ banget“, wangsulané kanthi „bersemangat⁶⁷⁵“. Bandjur kodjah⁶⁷⁶ bab raméné kendaraan⁶⁷⁷ Bandung — Bogor kang wiwit saka Patjet, jèn disawang kaja lakuné semut⁶⁷⁸, saking akèhé. Kedjaba pemandangan alam kang bisa ngelam-elami⁶⁷⁹ ati, ana manèh kang jekti gawé gawok kita tenan. Jaiku anané gedhong-gedhong bungalow-bungalow, peristirahatan-peristirahatan⁶⁸⁰ mawa blumbangan-blumbangan⁶⁸¹ langèn⁶⁸² kang kèhé sabadjeg ing sauruting⁶⁸³ dalan Patjet nganti tekan Bogor. „Aku wis sering ndjladjahi⁶⁸⁴ Malang sakiteré, Trètès, Selecta lsp.né. Nanging omah-omah peristirahatan kang wis naté daksipaté mau jèn katanding karo kang tinemu ing daérah Prijangan iki: ora ana amput-amputé⁶⁸⁵. Ija wanguné gedhong-gedhongé nadyan kombinasiné⁶⁸⁶ warna-warnané tjèt⁶⁸⁷ pisan sarwa gawé ngungun⁶⁸⁸. Wis ta tjekaké sarwa modèren⁶⁸⁹, hébat⁶⁹⁰.“ Kanda kaja mangkono mau tangané karo srawéjan⁶⁹¹, nduduhaké⁶⁹² jèn enggoné njandra⁶⁹³ bangunan kang disipati bebasan kentèkan tembung⁶⁹⁴ kakèhan kang ditjandra. „Sapa ja sing nduwèni bungalow kang adjiné atusan èwu mau?“ panggrengé⁶⁹⁵. „Ija wong sing mbrèwu⁶⁹⁶ ngono“, wangsulanku⁶⁹⁷ maton⁶⁹⁷. „Ija wis mesthi baé, ning olèhé dhuwit semono akèhé mau lho sing daggagas.“

⁶⁷¹ *njang* = *menjang* — ⁶⁷² *ngumuki* (*umuk*) angeben; übertreiben; bluffen — ⁶⁷³ *njela* (*tjela*) eine Bemerkung machen — ⁶⁷⁴ *éram* verwundert, erstaunt — ⁶⁷⁵ *bersemangat* (malaiisch) begeistert — ⁶⁷⁶ *kodjah* plaudern — ⁶⁷⁷ *kendaraan* (malaiisch) Fahrzeug — ⁶⁷⁸ *semut* Ameise — ⁶⁷⁹ *ngelam-elami* entzücken — ⁶⁸⁰ *peristirahatan* (malaiisch) Erholungsheim, Landhaus — ⁶⁸¹ *blumbangan* Becken, Teich — ⁶⁸² *langèn* schwimmen — ⁶⁸³ *urut* Reihenfolge; *sauruting* längs — ⁶⁸⁴ *ndjladjahi* durchstreifen — ⁶⁸⁵ *ora ana amput-amputé* es gibt keinen Vergleich — ⁶⁸⁶ *kombinasi* (niederl.) Kombination — ⁶⁸⁷ *tjèt* Ölfarbe — ⁶⁸⁸ *ngungun* erstaunt, verblüfft — ⁶⁸⁹ *modèren* (niederl.) modern — ⁶⁹⁰ *hébat* stark, heftig (dient hier zur Verstärkung des vorangehenden Adjektivs) — ⁶⁹¹ *srawéjan* winken — ⁶⁹² *nduduhaké* = *ndhudhukaké* zeigen auf, hinweisen auf — ⁶⁹³ *njandra* (*tjandra*) vergleichen — ⁶⁹⁴ *kentèkan tembung* es fehlen einem die Worte — ⁶⁹⁵ *grengeng* murmeln, murren — ⁶⁹⁶ *brèwu* steinreich, im Gelde schwimmen (vergl. *èwu*) — ⁶⁹⁷ *maton* (*waton*) zuverlässig

„Bethèké ija saka enggoné ulah⁶⁹⁸ dagang⁶⁹⁹. Djer jèn dadi pegawai lumrah⁷⁰⁰ baé, mbok ngantia nungsang-ndjempalik⁷⁰¹ pisan kaja siramu⁷⁰² karo aku iki baé, nadyan pegawai tinggi⁷⁰³ duwur mentjit⁷⁰⁴ pisan, tangèh⁷⁰⁵ lamun⁷⁰⁶. Kadjaba jèn . . .“

Durung tutug⁷⁰⁷ enggoné omong wis dipunggel⁷⁰⁸ :

„Saiba⁷⁰⁹ ja betjiké jèn sethithik édang⁷¹⁰, ragad-ragad⁷¹¹ kanggo bungalow-bungalow mau diamalaké⁷¹² mbijantu⁷¹³ adegung gedhong-gedhong sekolahan kang sapréné isih tansah gawé djibeging⁷¹⁴ anak-anak kita upamané.“

„Lha usula⁷¹⁵ rak ngono menjang wong-wong sing mbrèwu mau, amrih bisa nglarasaké⁷¹⁶ diriné⁷¹⁷ karo semangat⁷¹⁸ Manipol⁷¹⁹-Usdèk⁷²⁰ kita“, wangsulanku karo nglungani. Djalaran jèn diojak⁷²¹ terus, aku dhéwé mesthi ora bisa mangsuli. Paling ora ija mung kandeg⁷²² tekan nggagas, mikir, nggagas, mikir sing tanpa ana pametjahan⁷²³.

Esuké djam wolu ésuk kita wis ninggalaké setasijun Bandung, klawan ing ati iki ngandut „kenang-kenangan“⁷²⁴ kang sarwa éndah ngenani daérah-daérah kang kita tekani mau. Kaja wis kaprah kelakon tumrapé wong lelungan⁷²⁵ bebarengan, swasana budalé karo mulihé wis mesthi béda banget. Kaja mengkono uga rombongan kita. Budalé ndhisik sarwa ramé umjeg⁷²⁶. Ning mulihé saiki sepi njenjet⁷²⁷ kaja

⁶⁹⁸ ulah betreiben, ausüben — ⁶⁹⁹ dagang Handel — ⁷⁰⁰ lumrah / limrah gewöhnlich — ⁷⁰¹ nungsang-ndjempalik sich sehr anstrengen — ⁷⁰² sira Körper; siramu du — ⁷⁰³ tinggi (malaiisch) hoch — ⁷⁰⁴ mentjit aufsteigen; klettern — ⁷⁰⁵ tangèh unmöglich — ⁷⁰⁶ lamun wenn; tangèh lamun unmöglich wenn (es so weit käme) — ⁷⁰⁷ tutug zu Ende — ⁷⁰⁸ munggel (punggel) unterbrechen — ⁷⁰⁹ saiba wie (beim Adjektiv, z. B. wie gut, wie schön!) — ⁷¹⁰ édang = édhang jeder; jèn sethithik édang wenn jeder etwas gibt — ⁷¹¹ ragad Unkosten — ⁷¹² amal gutes Werk — ⁷¹³ mbijantu helfen — ⁷¹⁴ djibeg ratlos — ⁷¹⁵ ngusul vorschlagen — ⁷¹⁶ nglarasaké abstimmen auf — ⁷¹⁷ diri = dhiri sich selbst — ⁷¹⁸ semangat (malaiisch) Geist — ⁷¹⁹ Manipol = Manifesto Politik Politisches Manifest, Rede des Präsidenten Sukarno am 17. August 1959 — ⁷²⁰ Usdèk = Undang-undang dasar 1945, Sosialisme Indonesia, Demokrasi Terpimpin, Ekonomi Terpimpin, Kepribadian Indonesia (malaiisch) die fünf Staatsprinzipien: zurück zur Verfassung von 1945, Indonesischer Sozialismus, Gelenkte Demokratie, Gelenkte Wirtschaft, Indonesische Eigenständigkeit — ⁷²¹ ngojak verfolgen — ⁷²² kandeg = kandheg stillstehen — ⁷²³ pametjahan (malaiisch) Lösung — ⁷²⁴ kenang-kenangan (malaiisch) Erinnerungen — ⁷²⁵ wong lelungan Reisender — ⁷²⁶ umjeg plätschern — ⁷²⁷ njenjet totenstill

orong-orong⁷²⁸ kapidak⁷²⁹. Malah éndahing sesawangan sauruting dalan baé wis ora akèh kang nggatèkaké⁷³⁰ manèh, kagawa wis diweruhi dhèk nalikané mangkaté kaé. Nanging ana saprakara kang ora ana bédané babarpisan ing ndalem mangkat lan mulih kita. Jaiku djedjel rijelé⁷³¹ wong ing sepur.

Bandjur tuwuh pangudarasaku⁷³²: saiba senengé ja jèn pihak⁷³³ Djawatan⁷³⁴ Keréta Api⁷³⁵ rada gelem njedijani⁷³⁶ service kang mirunggan⁷³⁷ sethithik baé marang kaum pariwisata. Liré bisa njedijani gerbong kang mligi kanggo kaperluwan kasebut. Jèn upamané kèhé rombongan pariwisata mau ora nganti bisa ngebaki gerbong sidji — kaja rombongan kita iki — tapel watesing⁷³⁸ rombongan karo umum⁷³⁹, upamané bisa diwatesi⁷⁴⁰ nganggo lawang mirunggan⁷⁴¹ kang ora bisa digrudug⁷⁴² mlebuné penumpang-penumpang lumrah kaé. Liré wis ora kaja wudjud rombongan pariwisata manèh, djalaran ija katut⁷⁴³ mèlu ujel-ujelan⁷⁴⁴. Ija bener kita olèh lungguhan. Anak-anak kita kang tjilik-tjilik ija duwé hak papan lungguhan dhéwé, ing pangadjab bisa kanggo lèjèh-lèjèhan⁷⁴⁵ jèn awak kesel⁷⁴⁶, apadéné kanggo turu. Wong⁷⁴⁷ ja botjah tjilik. Tur déné suwéné laku ija sedina muput. Ing ndalem théoriné anak-anak kita kang tjilik-tjilik mau pantjèn duwé hak, laras karo nomer kartjis lan nomeré bangku.⁷⁴⁸ Nanging ing ndalem praktèké, keprijé bisané kita ngukuhi hak kita mau, jèn ing sanding kita weruh wanita tuwa, utawa wanita kang nggèdong⁷⁴⁹ baji, ngadeg? Ati kita iki kang bandjur ora tawekal⁷⁵⁰, ora mentala⁷⁵¹. Apa manèh jèn papan mau didjaluk kanthi terang-

⁷²⁸ orong-orong Maulwurfsgrille — ⁷²⁹ midak (pidak) mit aller Kraft darauf treten — ⁷³⁰ nggatèkaké (gati) beachten, ernst nehmen — ⁷³¹ djedjel rijel überfüllt — ⁷³² udarasa Meinung — ⁷³³ pihak Seite — ⁷³⁴ djawatan (malaiisch) Amt, Behörde — ⁷³⁵ keréta api (malaiisch) Eisenbahn — ⁷³⁶ njedijani (sedija) bereitstellen — ⁷³⁷ mirunggan zusätzlich, außerplanmäßig, extra — ⁷³⁸ tapel wates Grenze — ⁷³⁹ umum hier: Publikum — ⁷⁴⁰ matesi (wates) abgrenzen — ⁷⁴¹ mirunggan hier: besondere, extra — ⁷⁴² nggrudug passieren, durchschreiten — ⁷⁴³ katut mitgespült, mitgerissen — ⁷⁴⁴ ujel-ujelan sich drängen, stoßen — ⁷⁴⁵ lèjèh-lèjèhan sich zurücklehnen (Stuhl) — ⁷⁴⁶ kesel müde, erschöpft — ⁷⁴⁷ wong = lawong / latijang immerhin, letzten Endes — ⁷⁴⁸ bangku (niederl.) Bank — ⁷⁴⁹ nggèdong auf dem Rücken tragen (Kind) — ⁷⁵⁰ tawekal standhaft, fest — ⁷⁵¹ mentala gleichgültig

-terangan⁷⁵² djalaran sing katon lungguh mung botjah tjilik kang kena dipangku⁷⁵³? Pangrasa kita tumrap pandangan umum bandjur keprijé jèn kita tolak? Djenèh⁷⁵⁴ katon ujel-ujelan, ana papan kang rada longgar baé kok ora gelem sethithik édang. Wong ja padha lungané, padha-padha tuku kartjisé?

Ija kaanan kang kaja mangkéné iki bandjur tuwuh gagasanku, kaja kang dakaturaké ing ngarep mau. Saiba betjiké samungguhna pihak D. K. A. kasdu nggatèkaké bab iki. Luwih-luwih ngenani rombongan pik-nik⁷⁵⁵ „djarak-djauh⁷⁵⁶“.

Wis akèh diandjuraké supaja masarakat kita „picnic minded“⁷⁵⁷. Mula laras⁷⁵⁸ karo andjuran-andjuran⁷⁵⁹ kasebut — lan uga ngélingi ingatasé sepur iku klebu éwoning tetumpakan⁷⁶⁰ kang murah dhéwé tumrapping rakjat kita — kira-kira baé andjuran mau bakal bisa tumama⁷⁶¹ kanthi betjik, samangka pihak D. K. A. kasdu mbijantu. Kaum pariwisata-pariwisata saka ndjaban rangkah⁷⁶² wis kita sedijani service klawan mirunggan, mula ija saiba betjiké manawa kaum pariwisata rakjat kitha dhéwé uga olèh panduman⁷⁶³ „digatèkaké sethithik édang.“ Wasana bab iki mung sumarah⁷⁶⁴ marang kang kawogan. (Panjebar Semangat, 27. Mai 1961)

⁷⁵² *terangan* offen — ⁷⁵³ *pangku* Schoß; *mangku* auf dem Schoß halten — ⁷⁵⁴ *djenèh* immerhin doch — ⁷⁵⁵ *pik-nik* (engl.) Picknick — ⁷⁵⁶ *djarak-djauh* (malaiisch) auf große Entfernungen — ⁷⁵⁷ *picnic minded* (engl.) zu Picknicks neigend — ⁷⁵⁸ *laras* entsprechend — ⁷⁵⁹ *andjuran* (malaiisch) Aufforderung — ⁷⁶⁰ *tetumpakan* Fahrzeug, Verkehrsmittel — ⁷⁶¹ *tumama* (*tama*) wirken, sich durchsetzen — ⁷⁶² *rangkah* Stadtmauer, *saka ndjaban rangkah* aus dem Ausland — ⁷⁶³ *panduman* Anteil; *mandumi* verteilen — ⁷⁶⁴ *sumarah* (*sarah*) überlassen

Mikukuhi Basa Djawa

Isih jutan sing ngertiné mung basa Djawa thok

Tembung mikukuhi ateges¹ ambudi² amrih³ kukuh. Basa Djawa dipikukuhi, tegesé binudi amrih kukuha⁴. Adja rusak adja ojag-ajig⁵, saora-orane⁶ adja nganti ora kopèn⁷. Esthi⁸ kang kaja mangkono mau mesthi diijani déning wong-wong sing padha demen nganggo basa Djawa mau.

Apa saiki isih akèh sing demen basa Djawa, lah wong saiki gèlèh-gèlèh⁹ wong-wong Djawa dhéwé saja akèh kang padinané migunakaké basa Indonesia¹⁰, nadjan ta ngendikan karo padha-padha Djawané. Apa manèh jèn ngendikan ing babagan¹¹ resmi¹², djer basa Indonesia wis dikepjakaké¹³ dadi basaning kabangsan¹⁴ kita.

Pitakon ing nduwur djawabé¹⁵, isih akèh wong sing demen basa Djawa. Katon ing tjatjah¹⁶ djiwa¹⁷, bangsa kita kang basané Djawa orang kurang saka 30 juta. Malah upama ana panaliti¹⁸ kang selisih¹⁹ udara kara²⁰ ana 35 jutané. Mangkono jèn kita ngélingi anané wong Djawa kang wis mblabag²¹ ana ing Lampung lan lija-lijané. Saka tjatjah

¹ *ateges* das heißt, das bedeutet — ² *mbudi* suchen nach, sich bemühen um — ³ *amrih* so daß, damit — ⁴ *kukuh* stark; *pikukuh* Stärke; *mikukuhi* stärken — ⁵ *ojag-ajig* wackelig — ⁶ *saora-orané* auf keinen Fall — ⁷ *ngopèni* pflegen; *kopèn* gepflegt — ⁸ *èsthi* Meinung, Vorschlag — ⁹ *gèlèh-gèlèh* deutlich zu sehen — ¹⁰ *basa Indonesia* (*Bahasa Indonesia*) eine modernisierte Form des klassischen Malaiisch, die seit 1945 in Indonesien als National- und Verkehrssprache dient und augenblicklich in Indonesien, insbesondere dem Djawanischen gegenüber, an Boden gewinnt — ¹¹ *babagan* Ebene — ¹² *resmi* offiziell — ¹³ *ngepjakaké* (*kepjak*) ausrufen, proklamieren — ¹⁴ *basa kabangsan* Nationalsprache — ¹⁵ *djawab* Antwort — ¹⁶ *tjatjah* Zahl — ¹⁷ *djiwa* Seele — ¹⁸ *panaliti* (*taliti*) Untersuchung — ¹⁹ *selisih* umstritten — ²⁰ *udara kara* ungefähr — ²¹ *mblabag* sich ansiedeln

samono mau, sing Djawa totok²² isih jutan. Isih jutan sing ngertiné mung basa Djawa thok²³.

Bandjuring pitakon, apa wong-wong mau ana buktiné duwé pangudi²⁴ amrih kukuhé basa Djawa? Djawabé, ana! Lan akèh. Anané sara-sèhan²⁵ basa Djawa, kang sawenèh nampa andarané²⁶ kadang²⁷ Hadiwidjono (Dosèn²⁸ basa Djawa ing Fakultas Sastra²⁹), iku salah sidjining bukti. Anané pahéman³⁰ Radya³¹ Pustaka³² sarta Sana³³ Budaja, uga salah sidjining bukti basa Djawa isih ana sing mikukuh. Samono uga anané kalawarti³⁴ tuwin penerbitan-penerbitan³⁵ kang basané Djawa, kalebu madjalah³⁶ iki, ija sawidjining tindak mèlu mèlu mikukuh basa Djawa.

Tumrapping basa diarani kukuh iku keprijé ta? Gaduking³⁷ panger-tiku mangkéné. Ora nganti tjures³⁸ kalindih³⁹ déning basa lija. Tembungé bangsa lija kang tekan ing kono padha luh⁴⁰ dadi basa wuwuhan⁴¹. Muwuhi⁴¹ sugihing tembung ing basa kono, dumunung dadi djog⁴³ endi sing durung duwé.

Basa kita Djawa ing babagan iki ketara⁴⁴ isih kuwat. Tandané, kita ketekan basa Arab, akèh tembung-tembung Arab sing kamplung⁴⁵ dadi Djawa. Kajata⁴⁶: asma⁴⁷, pikir⁴⁸, padjar⁴⁹, sedekah⁵⁰, slamet⁵¹, salaman⁵², djisim⁵³, roh⁵⁴, djasmani⁵⁵ lan sapituruté. Basa Tionghoa tekan kéné, tembung-tembungé akèh sing kamplung dadi Djawa. Kajata: anglo⁵⁶, angkin⁵⁷, datjin⁵⁸, bakmi⁵⁹, mihun⁶⁰, lsp.né.

²² totok echt, reinblütig — ²³ thok nur, ausschließlich — ²⁴ ngudi nach etwas streben — ²⁵ sarasèhan = srasèhan Gedankenaustausch, Diskussion — ²⁶ andaran = andharan Beschreibung; Darlegung; ngandharaké darlegen — ²⁷ kadang Bruder — ²⁸ dosèn (niederl.) Dozent — ²⁹ Fakultas Sastra Philosophische Fakultät — ³⁰ pahéman Kollegium, Rat — ³¹ radya Reich, Fürstentum — ³² pustaka Literatur — ³³ sana Gebäude — ³⁴ kalawarti Zeitschrift — ³⁵ penerbitan (malaiisch) Verlag — ³⁶ madjalah Zeitschrift — ³⁷ gaduk Meinung — ³⁸ tjures abgestorben — ³⁹ kalindih = kalindhieh übermannt, überwältigt — ⁴⁰ luh geschmolzen, verzehrt — ⁴¹ wuwuhan Zusatz — ⁴² muwuhi vermehren — ⁴³ djog Zusatz, Beigabe — ⁴⁴ ketara sichtbar — ⁴⁵ kamplung hineingefallen, hineingeraten — ⁴⁶ kajata / kadosta zum Beispiel — ⁴⁷ asma K.I. Name — ⁴⁸ pikir Gedanke — ⁴⁹ padjar Morgenröte — ⁵⁰ sedekah Almosen — ⁵¹ slamet gesund — ⁵² salaman Gruß — ⁵³ djisim Leiche — ⁵⁴ roh Geist — ⁵⁵ djasmani körperlich, materiell — ⁵⁶ anglo Kochgerät, das mit Holzkohle geheizt wird — ⁵⁷ angkin Damengürtel — ⁵⁸ datjin = dhatjin Gewichtseinheit: 61,761 kg — ⁵⁹ bakmi Spaghetti — ⁶⁰ mihun chinesische Fadennudeln

Tembungé wong Portugis sing kamplung Djawa ja ana jaiku: gendéra⁶¹, sepatu⁶², djendela⁶³, sinjo⁶⁴. Tembungé wong Walanda sing kamplung jaiku: amplop⁶⁵, dongkrak⁶⁶, bank⁶⁷, kantor⁶⁸, pit⁶⁹, sepur⁷⁰, trim⁷¹ lan akèh manèh. Tembung Sangsekrit⁷¹, jaiku basané wong Indu (India) tan kotjapa⁷³. Kiraku akèh para kadang kang ora ngira jèn iki saka basa Sangsekrit: karana⁷⁴, upaja⁷⁵, upadi⁷⁶, marga⁷⁷, déwa⁷⁸, bathari⁷⁹, budi⁸⁰, budaja⁸¹ lan akèh manèh. Jèn digathukaké⁸² ana ing titimangsa, tembung-tembung mantja padha kamplung ing basa Djawa mau, rikala basa Djawa dadi basaning nagara. Jaiku rikala wong Djawa bisa adeg nagara Mataram⁸³ sapanduwur⁸⁴. Sawisé nagara Djawa ora bisa mandiri⁸⁵, basa-basa mantja meksa akèh sing isih kamplung dadi Djawa, nanging dhapukané⁸⁶ basané kedajan⁸⁷ mantja. Dadi wis ana gingsiré⁸⁸. Gingsir semu⁸⁹ nglandani⁹⁰: djer tau kawasésa⁹¹ Walanda.

Guneman Djawa tjèngkok⁹² tjara Walanda ora krasa⁹³. Kajata: iki wong rada édan⁹⁴, saka guneman tjara Walanda „deze man is een beetje gek⁹⁵“. Sadurungé kaprébawan⁹⁶ Wlanda unining⁹⁷ gunem „uwong iku rada édan“. Généja⁹⁸ mangkono? Djer paramasastrané⁹⁹ tembung panuduh¹⁰⁰ (ika, iki, iku, kaé, kuwi lsp. né) mapané ana ing

⁶¹ gendéra Flagge — ⁶² sepatu Schuh — ⁶³ djendela Fenster — ⁶⁴ sinjo junger Herr — ⁶⁵ amplop Briefumschlag — ⁶⁶ dongkrak = dhongkrak Hebewinde — ⁶⁷ bank Bank (Geldinstitut) — ⁶⁸ kantor Büro — ⁶⁹ pit Fahrrad — ⁷⁰ sepur Eisenbahn — ⁷¹ trim Straßenbahn — ⁷² Sangsekrit Sanskrit — ⁷³ kotjap (utjap) aufzählen; tan kotjapa unzählig; tan (altdjaw.) nicht (vgl. boten) — ⁷⁴ karana Grund, Ursache — ⁷⁵ upaja List — ⁷⁶ upadi gesucht — ⁷⁷ marga Weg — ⁷⁸ déwa Gottheit — ⁷⁹ bathari oberste Gottheit — ⁸⁰ budi Bemühung — ⁸¹ budaja Kultur — ⁸² nggathukaké vergleichen, in Zusammenhang bringen — ⁸³ Mataram mohammedanischer Separatstaat auf Djawa um Surakarta und Djokjakarta (1405 gegründet) — ⁸⁴ sapanduwur und später — ⁸⁵ mandiri = mandhiri sich festigen, unabhängig sein — ⁸⁶ dhapukan Gefüge, Struktur — ⁸⁷ daja Macht, Einfluß — ⁸⁸ gingsir Abweichung — ⁸⁹ semu Miene, Form — ⁹⁰ nglandani (walanda) niederländische Form annehmen, europäisiert werden — ⁹¹ kawasésa Vormacht — ⁹² tjèngkok Kopie, Variante, Abklatsch, Klischee — ⁹³ ora krasa unerhört — ⁹⁴ édan verrückt — ⁹⁵ deze man is een beetje gek (niederl.) dieser Mann ist etwas verrückt — ⁹⁶ prebawa Einfluß, Macht — ⁹⁷ unining es lautet folgendermaßen — ⁹⁸ généja warum — ⁹⁹ paramasastra Grammatik — ¹⁰⁰ tembung panuduh Demonstrativpronomen

samburining tembung-tembung purusa¹⁰¹ lan tembung aran¹⁰², jaiku tembung-tembung kang dituduhaké¹⁰³.

Ana manèh upama: si Naja Bupati saka Mantingan, djawaning¹⁰⁴ „Naja is de Regent van Mantingan“. Lah jèn tjara Djawa ing dhapukan kang mangkono, tembungé antjer-antjer¹⁰⁵ dudu „saka“ nanging „ing“, utawa tanpa antjer-antjer. Dadi unining gunem „si Naja Bupati ing Mantingan“ utawa „si Naja Bupati Mantingan“. Tembung „van“¹⁰⁶ ora adjeg mathuk¹⁰⁷ didjawakaké „saka“. Tembung antjer-antjer „saka“ mathuké jèn ana bandjurané¹⁰⁸ „menjang“. „Saka Mantingan menjang Paron“ upamané. Dadi ana gepokané¹⁰⁹ karo paran.

Saiki ing kéné kang dadi basaning nagara basa Indonesia, basa Djawa ja ketularan¹¹⁰ tjèngkok Indonesia. Kajata: nalika iku aku wis ninggalaké halte¹¹¹ Palur. Ninggalaké, djawan saka „meninggalkan“. Jèn durung tjèngkok Indonesia muni: nalika iku aku wis mangkat saka halte Palur. Sawidji-widjining basa iku pantjèn duwé dedalan dhéwé. Mula jèn wong mikukuhi basa Djawa sarta ngerti dedalané, ora guneman „sega iki kanggo aku“. Andulu-andulu¹¹² empan papan¹¹³, gunemé muni „sega iki bagéjanku — pandumanku¹¹⁴ — tjadongku¹¹⁵ — segaku“. „Voor mij“¹¹⁶ ora mesthi dadi tjara Djawa „kanggo aku“. Andulu-andulu empan papan „voor mij“ ing basa Djawa dadi „tumrap aku — ing ngatasé aku lsp.“ Sega ora bisa kanggo aku. Bisané kanggo tjengkaruk¹¹⁷ — puli¹¹⁸ — sadjèn¹¹⁹.

(Panjebar Semangat, 15. April 1961)

¹⁰¹ *tembung purusa* Substantiv — ¹⁰² *tembung aran* Eigenname — ¹⁰³ *tembung kang dituduhaké* das Wort, worauf verwiesen wird — ¹⁰⁴ *djawaning* die djawanische Übersetzung — ¹⁰⁵ *tembung antjer-antjer* Präposition — ¹⁰⁶ *van* (niederl.) von, aus, bezeichnet im Niederl. den Genitiv — ¹⁰⁷ *mathuk* schmackhaft, geeignet, passend — ¹⁰⁸ *bandjurané* es geht weiter, es wird fortgesetzt — ¹⁰⁹ *gepokan* Zusammenhang — ¹¹⁰ *tular* angesteckt, infiziert, verseucht — ¹¹¹ *halte* (niederl.) Haltestelle, Station — ¹¹² *andulu* (altdjaw.) schauen, blicken — ¹¹³ *andulu empan-papan* sich vorher gut überlegen, was man sagen will, — ¹¹⁴ *panduman* Anteil — ¹¹⁵ *tjadong* = *tjadhong* Portion, Ration — ¹¹⁶ *voor mij* (niederl.) für mich — ¹¹⁷ *tjengkaruk* an der Sonne getrockneter Reis; *sega kanggo tjengkaruk* aus dem Reis soll „tjengkaruk“ gemacht werden — ¹¹⁸ *puli* Reiskügelchen; *sega kanggo puli* aus dem Reis soll „puli“ gemacht werden — ¹¹⁹ *sadjèn* Speiseopfer für die Geister; *sega kanggo sadjèn* der Reis soll den Geistern geopfert werden

Industri gamelan lan bathik¹ ing Solo

Dadi pusering² panitipriksa³ ilmijah⁴ lan parawisatawan⁵

Kaja kang wus kita uningai ing Solo wus disamektakaké adégé industri gamelan lan bathik. Babagan gamelan dumunung ana kukuban⁶ puri⁷ Mangkunegaran⁸, déné babagan bathik lan kagunan awig⁹ lijané dumunung ana kukuban Kraton Surakarta. Wondéné industri rong rupa mau nembé iki pambukaké wus dikepjakaké pijambak déning Najaka¹¹ Perindustrian Rakjat Dr Suharto ginarubjug¹² déning para pengageng¹³ perindustrian — Lèppin lan sapanunggal-aning sarta para empu¹⁴ lan gegeduging¹⁵ kabudajan/kagunan¹⁶ ing Surakarta.

Apa ta wigatiné déné industri gamelan lan bathik mau déning Pamarintah diedegaké ana Solo? Bab iki kaja kita kabèh wus ora tidhatidha¹⁷ manèh. Awit ing Solo isih tinemu pepak ahli sarta empupuné ing babagan mau. Bab bathik isih dadi pangageman¹⁸ baku ing kalangané¹⁹ bangsa kita isih dadi kanjatan²⁰, mengkono uga isih nglestarèkaké²¹ seneng marang karawitan²² Djawa. Nanging ora sethithik tjatjahé bangsa kita kang ora utawa durung mengerti

¹ *bathik* Stoff batiken (mit Wachs Bildmuster auftragen) — ² *puser* Mittelpunkt — ³ *panitipriksa* Forschung, Untersuchung — ⁴ *ilmijah* wissenschaftlich — ⁵ *parawisatawan* Tourist — ⁶ *kukuban* Oberherrschaft, Aufsicht, Befugnis — ⁷ *puri* Palais, Schloß — ⁸ *mangkunegara* Titel des Sultans von Solo (eigentl. derjenige, der das Land auf dem Schoße hält); *mangkunegaran* Residenz des Mangkunegara — ⁹ *awig* Fachmann — ¹⁰ *bukak* / *bikak* öffnen — ¹¹ *najaka* oberster Schirmherr — ¹² *garubjug* unterstützen — ¹³ *pengageng* Würdenträger; Funktionär — ¹⁴ *empu* Meister — ¹⁵ *gedug* = *gedhug* Köhner — ¹⁶ *kagunan* Kunstfertigkeit, Kunstgewerbe — ¹⁷ *tidha-tidha* düster, unklar, trübe — ¹⁸ *pangageman* K.I. *panganggé* / *panganggé* — ¹⁹ *kalangan* Kreise (Bevölkerung) — ²⁰ *kanjatan* Tatsache — ²¹ *nglestarèkaké* / *neglestantunaken* beibehalten — ²² *karawitan* (*rawit*) Gamelanmusik und Gesang

utawa njipati tjara penggawéné. Apa kang kaja mengkonu mau ora djeneng anèh. Mula ing kéné pantes sinudarsana²³ lekasé²⁴ Pamarintah kita anggoné agé-agé²⁵ tumandang²⁶ karja nenangi²⁷ kawigatèn kita marang tetinggalané leluhur mau kabèh.

Kang mengkonu mau uga dadi pangadjabé²⁸ bapak Najaka pijambak, muga-muga industri sakaroné mau bisa dadi tjonto lan paran²⁹ pitakonon lan awèh panggulawenthah³⁰ marang kaum mudha³¹ kang nganti dinané iki durung kagugah³² kawigatèné ing babagan mau. Pandjenengané kagungan angen-angen³³ lan idam-idaman³⁴ muga ing tembé kita bisa duwé insenjur ing babagan gamelan lan insenjur bathik kang kasdu djegur³⁵ lelumban³⁶ ing babagan mau awèh obor³⁷ lan teken³⁸ kang mbutuhaké.

Wis olèh gamelan 6 pangkon³⁹

Kaja kang wus kita aturaké ing ngarep, industri mau satemené wus wiwit tumindak watara setengah taun kepungkur. Tekan dinané iki industri gamelan mau wis bisa ngasilaké⁴⁰ gamelan 6 pangkon, 3 rantjag⁴¹ pélog⁴² lan 3 rantjag sléndro⁴³. Piranti-piranti kang dienggo nindakaké kabèh isih kuna⁴⁴ lan prasadja⁴⁵, kaja kang kelakon lan dadi naluri⁴⁶ wiwit kuna makuna⁴⁷. Ewadéné⁴⁸ kabèh mau asilé bisa gawé bombongé⁴⁹ ati. Iku mau awit⁵⁰ saka olèh tuntunané⁵¹ empu-empu kang isih sugeng.

²³ sudarsana Beispiel; njudarsana als gutes Beispiel hinstellen — ²⁴ lekas Tatkraft — ²⁵ agé-agé schnell — ²⁶ tumandhang in Angriff nehmen, anpacken (Arbeit) — ²⁷ nenangi (tangi) anregen — ²⁸ pangadjab Meinung — ²⁹ paran pitakonon Ziel der Fragen; das, wonach alle fragen — ³⁰ nggulawenthah erziehen — ³¹ kaum mudha die Jugend — ³² gugah wecken — ³³ angen-angen Vorstellung, Gedanken — ³⁴ idam-idaman Wunsch — ³⁵ djegur ins Wasser fallen — ³⁶ lelumban (lumba) im Wasser plantschen; djegur lelumban hier etwa: sich betätigen, sich tummeln — ³⁷ obor Fackel — ³⁸ teken Halt, Stütze — ³⁹ pangkon Satz (Gamelaninstrumente) — ⁴⁰ ngasilaké herstellen — ⁴¹ rantjag Satz (Gamelaninstrumente) — ⁴² pélog, — ⁴³ sléndro die zwei unterschiedlichen Harmoniesysteme des Gamelan — ⁴⁴ kuna alt, antik — ⁴⁵ prasadja einfach, primitiv — ⁴⁶ naluri Vorbild, Muster — ⁴⁷ wiwit kuna makuna seit grauer Vorzeit — ⁴⁸ ewadéné trotzdem — ⁴⁹ bombong froh, erfreut — ⁵⁰ awit hier: sich ergeben — ⁵¹ tuntunan Anleitung

Industri gamelan kang dunungé ana sakulon pandapa⁵² agung⁵³ Mangkunegaran mau dipandégani⁵⁴ déning Sdl. Sundoro Bebahu kang makardi⁵⁵ kabèh udakara ana 3 losin, kabèh kena diarani ahli-ahli. Olèhé ora ngarani mengkonu keprijé lawong mèh kabèh bisa njakup⁵⁶ kawegigan⁵⁷ telung prekara: 1. bab tèhnik, 2. bab kawruh⁵⁸ bahan baku⁵⁹ (gangsa⁶⁰ lsp.) 3. bab laras⁶¹. Tumindaké industri gamelan mau kagotong rojong déning pihak Lèppin Karya⁶² Yasa⁶³ lan bau⁶⁴ suku⁶⁵ saka Mangkunegaran dhéwé. Wondéné nganti akiré taun kepungkur tjatjahé banda⁶⁶ pawitan kang mubeng⁶⁷ udakara ana Rp. 460 000.—.

Putri-putri Kraton dadi pangobèng⁶⁸

Industri bathik kang dumunung ana kukuban Kraton mau dipandégani déning Drs⁶⁹ Sosrodiningrat pijambak. Ing kéné pantes dadi kawigatèn lan kena sinudarsana lekasé para putri Kraton kang wus kersa tjantjut⁷⁰ taliwanda⁷¹ tumandang kardi⁷² mbijantu Pamarintah in babagan undaké⁷³ industri sandhang. Rèhné ing antarané putri-putri Kraton pantjèn akèh — jèn ora kena diarani kabèh baé⁷⁴ — kang mumpuni lan wegig njerat⁷⁵, dadi dudu barang utawa kedadéjan kang ora didjarag⁷⁶ ditemaha⁷⁷ jèn mèh kabèh pangobèngé dumadi saka putri-putri Kraton. Mula bab bathik seratan⁷⁸ wus dudu barang anjar ing kalangan Kraton.

⁵² pandapa = pandhapa Vorhalle — ⁵³ agung groß, würdig — ⁵⁴ pandéga = pandhéga Meister, Führer; mandhéga führen, leiten — ⁵⁵ makardi = makadi (altdjaw.) leiten, an der Spitze stehen — ⁵⁶ njakup (tjakup) meistern, beherrschen — ⁵⁷ wegig klug, geschickt — ⁵⁸ kawruh Wissen, Kenntnisse — ⁵⁹ bahan baku Rohstoffe — ⁶⁰ gangsa Spezialbronze für Gamelaninstrumente — ⁶¹ laras Harmonielehre — ⁶² karya Arbeit, Handwerk — ⁶³ yasa Gebäude — ⁶⁴ bau Arm, Oberarm — ⁶⁵ suku Fuß; bau suku Hilfskraft — ⁶⁶ banda Geldmittel — ⁶⁷ mubeng (ubeng) ungefähr — ⁶⁸ ngobèngaké Batikarbeit verrichten; pangobèng Batikarbeiter — ⁶⁹ Drs = doctorandus (d. h. Hochschulabsolvent) — ⁷⁰ tjantjut schürzen (Kleid) — ⁷¹ taliwanda Lententuch; tjantjut taliwanda sich an die Arbeit machen — ⁷² kardi (altdjaw.) Arbeit — ⁷³ undhak / indhak zunehmen — ⁷⁴ jèn ora kena diarani kabèh baé wenn nicht gar alle — ⁷⁵ njerat K. batiken — ⁷⁶ ndjarag etwas absichtlich tun — ⁷⁷ nemaha etwas wohlweislich tun — ⁷⁸ bathikan / seratan Batikarbeit

Apa manèh jèn ngèngeti tjakriking⁷⁹ bathik klasik⁸⁰ asli⁸¹ Surakarta. Dinané iki sasasiné lagi bisa ngasilaké 8 kodi⁸² bathik alus. Kaja para maos⁸³ uga ora kekilapan⁸⁴, jèn sawidjiné bathik alus kaja mengkono mau dadiné ora kurang saka 4 sasi. Sakawit pangobèngé katetepaké telungatusan⁸⁵ kono, nanging kagawa saka papané mula tjatjah semono mau kabèh ora bisa njambutgawé dadi sidji. Dadi ija kepeksa ana kang digawa kondur lan digarap⁸⁶ ana dalemé dhéwé-dhéwé.

Wondéné banda pawitan kang lumaku kurang luwih Rp. 800 000.—

Ngenani bab rekasané⁸⁷ wong⁸⁸ ada-ada⁸⁹, kaja dudu barang wadi jèn dinané iki pabrik kaja ngono mau uga ngalami. Ija industri gamelané ija industri tari bathiké kabèh ngalami bab angèlé golèk bahan. Pabriké gamelan ngalami angèlé golèk bau suku. Iki wis samesthiné awit kita kudu nututi⁹⁰ asil produksi bathik tjap⁹¹ kang prosèsé penggawéné ora padha karo bathik seratan⁹².

Muga-muga industri sakaroné mau bisa urip subur⁹³ sapangisor⁹⁴ lan sapanduwur⁹⁵ kalis⁹⁶ ing ama⁹⁷, sawan⁹⁸ lan sambékala⁹⁹. Kosokbaliné¹⁰⁰ kita duwé pangadjab bisaa industri mau mènèhi sembur-sembur¹⁰¹ adas¹⁰² marang tuwuh ngrembakané¹⁰³ kagunan-kagunan lijané ing babagan apa baé kang akèh tinemu ing Surakarta. Ingatasé gamelan lan bathik wus olèh kawigatèn kang semono gedhéné saka Pamaréntah kita. Wus samesthiné jèn babagan-babagan lijané bakal ora kari.

Sing terang baé wiwit dinané iki industri loro mau wus dadi pusing objek pariwisata kang neneka¹⁰⁴ ana Solo lan Djawa Tengah umumé.

(Panjebar Semangat, 5. Mai 1962)

⁷⁹ *tjakrik* das Äußere, Aussehen — ⁸⁰ *klasik* (niederl.) klassisch — ⁸¹ *asli* echt — ⁸² *kodi* = *kodhi* 20 Stück Tuch — ⁸³ *para maos* die verehrten Leser — ⁸⁴ *ora kekilapan* genau wissen — ⁸⁵ *telungatusan* ungefähr dreihundert — ⁸⁶ *nggarap* bearbeiten — ⁸⁷ *rekasa* / *rekaos* Schwierigkeiten — ⁸⁸ *wong* = *lawong* — ⁸⁹ *ada-ada* Anfang, Initiative — ⁹⁰ *nututi* (*tutut*) einholen — ⁹¹ *tjap* Fabrikmarke; *bathik tjap* fabrikmäßig gefertigter Batikstoff — ⁹² *bathik seratan* handgefertigter Batikstoff — ⁹³ *subur* fruchtbar — ⁹⁴ *sapangisor* darunter — ⁹⁵ *sapanduwur* darüber; *sapangisor lan sapanduwur* davor und danach, für immer — ⁹⁶ *kalis* entgehen, verschont bleiben — ⁹⁷ *ama* Plage, Katastrophe — ⁹⁸ *sawan* Krampf — ⁹⁹ *sambékala* Unfall — ¹⁰⁰ *kosokbaliné* im Gegenteil — ¹⁰¹ *sembur* Befruchtung, Segen, Düngung — ¹⁰² *adas* Fenchelöl — ¹⁰³ *ngrembaka* üppig wachsen — ¹⁰⁴ *neneka* (*teka*) immer wieder kommen

Niliki¹ Gunung Kelud

Sumberé bebaja² lan sumberé kemakmuran³

Gunung Kelud dumunung ing daérah Karesidènan⁴ Kediri, ana ing antarané Kabupatèn Kediri lan Kabupatèn⁵ Blitar. Duwuré ana 1731 mèter saka salumahing⁶ segara. Bisa diunggah sarana djip, bisa tekan ing kawahé. Saka Kediri liwat Pesantren terus Wates ngliwati dalam kang tanpa aspal⁷ lan kebak lebu, tekan perkebunan Margomulja kurang luwih 38 km. Saka Margomulja tekan kawahé⁸ dohé kira-kira 8 km. Gunggungé⁹ saka Kediri tekan kawahé 46 km.

Ja kuwi gunung geni¹⁰ kang kaloka aran „gunung Kelud“. Para sadhulur dakdjak niti¹¹ priksa gunung geni iku, djalaran saikiné lagi giat-giaté¹² pakarjan¹³ kang ana gegajutané¹⁴ karo mangsa-mangsa¹⁵ kang bakal teka, luwih-luwih ing bidang¹⁶ kemakmuran kang dadi pangarep-arep¹⁷ kita kabèh.

Wis dikawruhi¹⁸ sadjroning gunung Kelud mbledos ing taun 1901 lan ing taun 1919 ora kurang saka 5500 djiwané manungsa ing daérah Kabupatèn Blitar kang tiwas¹⁹, merga²⁰ saka dadi kurbané²¹ gunung Kelud. Kurban kang semono kèhé iku ora kapétung²² kerugijan²³

¹ *tilik* / *tuwi* besuchen — ² *bebaja* Gefahr — ³ *kemakmuran* Wohlstand — ⁴ *karesidènan* (niederl.) Verwaltungseinheit in Indonesien. Größenverhältnis der indonesischen Verwaltungseinheiten: *ketjamatan*, *kewedanaan*, *kecamatan*, *keresidènan*, *propinsi*; werden jeweils von einem *tjamat*, *wedana*, *bupati*, *residèn*, *gubernur* geleitet; *karesidènan* = djawanische Form für *keresidènan* — ⁵ *Kabupatèn* (*bupati*) djawanische Form für *kecamatan* — ⁶ *lumah* Oberfläche — ⁷ *aspal* (niederl.) Asphalt — ⁸ *kawah* Krater, Trichter — ⁹ *gunggung* Summe, Gesamtzahl — ¹⁰ *gunung geni* / *redi latu* Vulkan, feuerspeiender Berg — ¹¹ *niti* (*titi*) prüfen — ¹² *giat* tätig, stark — ¹³ *pakarjan* Tätigkeit — ¹⁴ *gegajutan* Zusammenhang — ¹⁵ *mangsa* Zeit, Jahreszeit — ¹⁶ *bidang* Gebiet, Bereich — ¹⁷ *pangarep* / *pangadjeng* Hoffnung — ¹⁸ *ngawruhi* wissen, erkennen — ¹⁹ *tiwas* umkommen — ²⁰ *merga* weil — ²¹ *kurban* Opfer — ²² *ora kapétung* nicht einberechnet — ²³ *kerugijan* (malaiisch) Schaden

donja branané²⁴ rakjat kang arupa²⁵ sawah, tegal, balé²⁶ pomahan²⁷, kéwan²⁸ ingon-ingoné²⁹ rakjat lsp. né.

Bledosan³⁰ dhèk tanggal 31 Agustus 1951 ndjaluk kurban djiwa telu kèhé jaiku: petugas³¹ Djawatan Gunung-Gunung Geni, Suwarnatmadja (dimakamaké³² ing Taman Makam Pahlawan³³ Kediri), Nipan lan Diman (karoné pembantuné³⁴ Suwarnatmadja). Kateluné lagi nindakaké tugasé lan gugur³⁵ sadjroné luweng³⁶ pengajoman³⁷ (schuilplaats³⁸), merga saka serangan³⁹ méga⁴⁰ panas.

Kedjaba saka iku uga nukulaké⁴¹ kerugijan-kerugijan kang arupa tanduran-tandurané⁴² rakjat sakiwa⁴³-tengené⁴⁴ 10 km saka puntjaké Gunung Kelud. Lha sepira gunggungé kerugijan kabèh kita ora nju-murupi.

Kang terang akibaté⁴⁵ bledosan taun 1951 iku kawahé Gunung Kelud dadi kothong⁴⁶. Dhasaring⁴⁷ tlagané⁴⁸ sangsaja djero, djeroné luwih kurang 70 mèter, déné debiet⁴⁹ banju ing tлага kawah⁵⁰ saikiné ketjatet⁵¹ kurang luwih 23 500 000 m³.

Nganti dinané iki Gunung Kelud isih tetep mbebajani⁵² luwih-luwih bisa disumurupi ngenani trowongan⁵³ banju panas (fumarola⁵⁴). Suhu⁵⁵ panas dhasaré tлага saikiné iki ketjatet 51 dradjat⁵⁶ celsius, lumahing tлага 28 dradjat celsius, déné getering⁵⁷ vulkanik⁵⁸ ing dalem waktu 24 djam maksimum mung ping pindho.

Sadurungé bledosan taun 1919 tlagané kawah Gunung Kelud isi banju kèhé 45 juta m³ nganti tekan tjangkemé⁵⁹ kawah. Bledosan taun 1919

²⁴ brana Schatz, Reichtum — ²⁵ kang arupa in Form von — ²⁶ balé Haus — ²⁷ pomahan (omah) Behausung — ²⁸ kéwan Tier — ²⁹ ingingu züchten; kéwan ingon Haustier — ³⁰ mbledos explodieren; bledosan Eruption (Vulkan) — ³¹ petugas Beamter — ³² makam Grabmal — ³³ pahlawan Held — ³⁴ pembantu (malaiisch) Helfer — ³⁵ gugur fallen, umkommen — ³⁶ luweng Höhle — ³⁷ ajom beschützt, beschattet — ³⁸ schuilplaats (niederl.) Versteck, Zufluchtsort — ³⁹ njerang (serang) angreifen; serangan Angriff — ⁴⁰ méga Wolke — ⁴¹ thukul aufkeimen, hervorsprießen — ⁴² tanduran / taneman Pflanze — ⁴³ kiwa links — ⁴⁴ tengen rechts; sakiwa-tengené im Umkreis — ⁴⁵ akibat Folge, Konsequenz — ⁴⁶ kothong leer — ⁴⁷ dhasar (malaiisch) Grund, Boden — ⁴⁸ tлага der See — ⁴⁹ debiet (niederl.) Defizit — ⁵⁰ tлага kawah Kratersee — ⁵¹ njathet (tjathet) aufzeichnen, verzeichnen, registrieren — ⁵² mbebajani gefährlich — ⁵³ trowongan Tunnel — ⁵⁴ fumarola (lat.) vulkanische Wasserdampfquelle — ⁵⁵ suhu Temperatur — ⁵⁶ dradjat Grad — ⁵⁷ geter Erschütterung — ⁵⁸ vulkanik vulkanisch — ⁵⁹ tjangkem Schlund, Mund

njigar⁶⁰ puntjaké dadi loro, menjang arah Blitar, nganti kawahé Gunung Kelud diubengi⁶¹ déning Gunung-Gunung Sumbing, Kelud Kembang lan Gadjahmungkur.

Saka tjangkemé kawah iku kita bisa mudun⁶² ngliwati undak-undakan⁶³ djeroné kurang luwih 700 mèter menjang pinggiring kawah karo banjuné kang idjo rojo-rojo⁶⁴ mambu⁶⁵ wlrang⁶⁶. Kita bisa adus ana ing banju tлага iku. Lan jèn wani bisa uga numpak⁶⁷ prau ing tlagané kang djembaré⁶⁸ kurang luwih 50 hektar, garistengahé⁶⁹ 800 mèter lan djeroné kurang luwih ana 93,5 mèter. Kanggo ngawruhi sepira panasé tлага nganggo ukuran⁷⁰ sismograph⁷¹ ana loro, wiechert⁷² vertikal lan sprengether⁷², petugas Djawatan Gunung Geni sarana numpak prau iki ndhokok⁷³ pelampung⁷⁴ (boei⁷⁵) ing lumahé tлага kawah.

Mungghahé⁷⁶ banju ing tлага ing mangsa ketiga⁷⁷ rata-rata⁷⁸ ing dalem 24 djam 3 cm lan ing mangsa rendeng⁷⁹ 4 nganti 5 cm.

Kanggo nggajuh⁸⁰ tjangkemé kawah, kudu ngliwati trowongan „Ganéka“ 3,20 m lan duwuré 2,80 m.

Ing djeroné trowongan kang bisa diliwati djip iku dipasang⁸¹ lampu listrik⁸², nganti djip bisa liwat mlebu metu ing trowongan kang padhang tumrawang⁸³.

Pangeboran⁸⁴ trowongan „Ganéka“ iku kang mèlu njambut gawé ngiras praktèk para siswa Institut Teknologi Bandung, nganti trowongan iku didjenengaké „Ganéka“.

⁶⁰ njigar (sigar) sich in der Mitte spalten, zerfallen — ⁶¹ ngubengi (ubeng) umgeben, umkreisen — ⁶² mudun = mudhun hinabsteigen — ⁶³ undhak-undhakan Stufe, Erhebung, Erhöhung — ⁶⁴ idjo rojo-rojo frisches Grün, Blattgrün — ⁶⁵ mambu / mambet riechen, stinken — ⁶⁶ wlrang Schwefel — ⁶⁷ numpak prau / nunggang baita mit dem Boot fahren — ⁶⁸ djembar breit — ⁶⁹ garistengah (malaiisch) Halbmesser, Radius — ⁷⁰ ukuran Meßgerät — ⁷¹ sismograph (niederl.) Seismograph — ⁷² wiechert, sprengether Seismographentypen — ⁷³ ndhokok / ndhèkèk auslegen — ⁷⁴ melampung (malaiisch) schwimmen; pelampung Schwimmer, Boje — ⁷⁵ boei (niederl.) Boje, Bake — ⁷⁶ mungghah / mungghah ansteigen — ⁷⁷ mangsa ketiga Trockenzeit (August/September) — ⁷⁸ rata-rata (malaiisch) durchschnittlich — ⁷⁹ rendeng = rendheng Westmonsun, Regenzeit (November—Januar/Februar) — ⁸⁰ nggajuh streben nach, erreichen wollen — ⁸¹ masang (pasang) anbringen, montieren — ⁸² listrik (niederl.) elektrisch — ⁸³ tumrawang hell, klar — ⁸⁴ ngebor (niederl.) bohren; pangeboran Bohrung

Wektu iki saka tлага tekan kali Lahar Bladak (niveau 1110) ana trowongan warisané⁸⁵ pamaréntah Hindia Belanda⁸⁶ dawané 908 mèter. Ing dalem kaanan normal saben sekon⁸⁷ bisa diilèkaké banju saka tлага ngliwati trowongan iku, déné ing mangsa ketiga 140 liter saben sekoné. Kira-kira trowongan warisané Walanda iku pengadji⁸⁸ kurang luwih 2 juta guldens.

Samangsa Gunung Kelud mbledos manèh kira-kira antarané let 6 km sakabèhing tanduran bakal rusak babarpisan. Kerugian kang bakal timbul⁸⁹ akibaté bledosan ditaksir⁹⁰ nglimputi⁹¹ Rp. 323 juta.

Kanggo njingkiri⁹² bledosan (muga-muga baé adja nganti klakon manèh. Redaksi Panjebar Semangat) kang bisa gawé krusakan lan kerugian kang luwar bijasa⁹³ iku, wiwit taun 1954 Pamaréntah Djawatan Geologi gawé trowongan anjar. 20 m ing ngisoré lumahing banju tлага klawan sistim drainage tjiptané M. I. Yzendoorn Pegawai⁹⁴ Tinggi⁹⁵ Departemen⁹⁶ Perindustrian Dasar⁹⁷ lan Pertambangan⁹⁸ kang dibantokaké ana ing Djawatan Geologi.

Trowongan gawéjané Walanda bijèn ditindakaké nganggo sistim „hevelsysteem“⁹⁹, jaiku ngilèkaké banju saka panggonan kang duwur ngliwati trowongan menjang papan kang ledok¹⁰⁰ luwih endèk¹⁰¹, déné sistim drainage tjiptané¹⁰² M. I. Yzendoorn ngilèkaké banju saka tлага ngliwati trowongan ing sangisoré lumahing tлага. Sarana sistim hevel¹⁰³ iku samangsa kadadéjan gunungé mbledos, trowongan mau bakalé ketutup¹⁰⁴ lava, déné jèn nganggo sistim drainage iku trowongané ora ketutup djalaran ndelik¹⁰⁵ ana ing ngisoring lumahé tлага lan

⁸⁵ warisan Erbe, geerbt — ⁸⁶ Hindia Belanda (malaiisch) Niederländisch-Indien (offizielle Bezeichnung Indonesiens bis 1942) — ⁸⁷ sekon (niederl.) Sekunde — ⁸⁸ pengadji / pengaos Wert; gulden niederländische Geldeinheit — ⁸⁹ timbul (malaiisch) auftauchen, entstehen — ⁹⁰ naksir (taksir) (niederl.) schätzen, abschätzen — ⁹¹ nglimputi bedecken, hier: ausmachen — ⁹² njingkiri (singkir) entgehen — ⁹³ luwar bijasa (malaiisch) außerordentlich, außergewöhnlich — ⁹⁴ pegawai (malaiisch) Beamter — ⁹⁵ tinggi (malaiisch) hoch; pegawai tinggi hoher Beamter — ⁹⁶ departemen (niederl.) Ministerium — ⁹⁷ perindustrian dasar (malaiisch) Grundstoffindustrie — ⁹⁸ pertambangan (malaiisch) Bergbau — ⁹⁹ hevelsysteem (niederl.) Hebelsystem — ¹⁰⁰ ledok = ledhok in einer Senke liegend — ¹⁰¹ endèk = èndhèk niedrig — ¹⁰² tjipta Schöpfung, Werk — ¹⁰³ hevel (niederl.) Hebel — ¹⁰⁴ ketutup verstopft — ¹⁰⁵ ndelik = ndhelik verstecken, verbergen

bakal tetep bisa nindakaké fungsiné, ngurangi¹⁰⁶ (ngilèkaké) banju kang ana ing tлага tekan wates¹⁰⁷ maksimal kang diperlokaké.

Miturut Pak Wignjosuharto saka Djawatan Geologi kang wiwit taun 1954 nindakaké pagawéjan gawé trowongan anjar kang didjenengaké „Trowongan Pokok“ kang kapimpin M. I. Yzendoorn nganti dinané iki pangeboran trowongan iku wis bisa kasil¹⁰⁸ dawané 50 m lan wis dibeton¹⁰⁹ pisan. Wragadé¹¹⁰ gawé Trowongan Pokok klebu¹¹¹ gawé dalan saka Margomulja — Bambang lan Trowongan „Ganéka“ iku wiwit taun 1954 nganti taun 1960 ana Rp. 2,5 juta saben tauné lan kanggo taun 1961 wragadé malih dadi Rp. 3,5 juta.

Kaja kang wis dikaturaké ing duwur mau dhèk bledosan taun 1901, 1919 lan 1951 kang ndjaluk kurban ora sathithik kèhé kang awudjud¹¹² djiwané manungsa lan donja brana. Gunung Kelud dadi sumberé bebaja kang hébat lan nggegirisi¹¹³. Ananging jèn Trowongan Pokok lan lija-lijané mau bisa énggal¹¹⁴ rampung, Gunung Kelud dadi sumbering kemakmuran, tanah-tanah sawah lan tegal sakiwa-tengené bakal diontjori¹¹⁵ banju saka tlagané Gunung Kelud klawan tumata¹¹⁶ nganti kabèh mau dadi sumber sandhang pangané rakjat lankemakmurané rakjat, apadéné bisa dadi objèk tourisme kaja déné kawah Idjèn ing Besuki, Gunung Bromo ing Pasuruan, kawahé Gunung Tangkuban Prau ing Djawa Kulon, ing Djawa Tengah lsp.

(Panjebar Semangat, 28. Juli 1962)

¹⁰⁶ ngurangi (kurang) vermindern — ¹⁰⁷ wates Grenze — ¹⁰⁸ kasil erreicht, erfolgekrönt — ¹⁰⁹ mbeton betonieren — ¹¹⁰ wragad Unkosten — ¹¹¹ klebu einschließlich — ¹¹² kang awudjud in Form von — ¹¹³ giris Angst bekommen; nggegirisi schrecklich, furchteinflößend — ¹¹⁴ énggal schnell — ¹¹⁵ ngontjori bewässern — ¹¹⁶ tata ordnen, regulieren

Nandur kentjur¹ kang sethithik wragadé

Bener kentjur dudu pangan baku, ning asilé kentjur tulung² banget kanggo njampeti³ butuh rumahtangga⁴. Mula ija ora ana alané jèn bab nandur kentjur perlu olèh kawigatèn déning para sedhulur apa ana ing kutha apadéné ana ing padésan.

Kentjur kena ditandur ing sawah, kena ing tegal apa ing pekarangan⁵. Déné mangsané nandur kudu ing mangsa⁶ tratjap⁷ (labuh⁸) lumrahé bareng lan wajah nandur gaga⁹. Dadi endi papan sing arep dikentjur¹⁰, sadurungé tiba udan wis dadi ladon¹¹. Mungguh asilé¹² kentjur jèn katandur ing sawah bisa tikel¹³ sepuluh saka bibité¹⁴, jèn ing tegal bisa tikel nem, jèn ing pekarangan bisa tikel papat. Sarèhné asil kentjur jèn katandur ing sawah bisa andemenakaké¹⁵, mula ja bab tjarané nandur kentjur ing sawah sing daktulis ing kéné. Kanthi péling¹⁶ angger¹⁷ ora nisihaké¹⁸ tanduran pari. Tegesé: upama sawahé mung 1/2 hektar adja dikentjur kabèh. Tjukup mung sapérangan¹⁹ tjilik baé lan milih kedokan²⁰ sing ora gampang ketrembesan²¹ banju. Awit endi kedokan sing wis ketanduran kentjur kudu tetep garing²² lan mawur²³.

¹ kentjur Galgant, Kampferia galanga, eine Gewürz- und Arzneidroge —
² tulung helfen — ³ njampeti versorgen, den Bedarf decken — ⁴ rumahtangga (malaiisch) Haushalt — ⁵ pekarangan Hof — ⁶ mangsa Termin, Zeitpunkt — ⁷ tratjap dichter Regen zu Beginn der Regenzeit — ⁸ labuh Umschlag der Jahreszeit (September/Oktober), Beginn der Feldbestellung — ⁹ gaga Reis, der auf unbewässerten Feldern angebaut wird — ¹⁰ ngentjur mit Galgant bestellen — ¹¹ ladon = ladhon Schlammland — ¹² asil Ertrag — ¹³ tikel vervielfachen — ¹⁴ bibit Sämling, Samen — ¹⁵ ndemenakaké zufriedensstellend — ¹⁶ péling Hinweis, Ratschlag — ¹⁷ angger wenn nur — ¹⁸ nisihaké (sisih) zurücksetzen, beeinträchtigen — ¹⁹ pérangan Teil — ²⁰ kedokan = kedhokan durch Dämme abgegrenztes Beet auf dem Reisfeld — ²¹ trembes überschwemmt — ²² garing trocken — ²³ mawur körnig, locker (Erde)

Panggawéné ladon

Sawah sawisé panèn kedelé²⁴ lumrahé ing sasi Agustus kudu terus diluku²⁵ utawa dipatjul²⁶ lan dilembutaké²⁷. Bisané dadi lembut utawu mawur terserah²⁸ rékadajané sing arep nandur. Jèn wis lembut kudu didjaga supaya tetep garing.

Bandjur dipétak-pétak²⁹ awudjud gulan³⁰ (prapèn). Ambané prapèn ± 2m, déné dawané manut dawané kedhokan. Perlu diilingi³¹ wates prapèn³² A lan prapèn B kang akiré ing dina mburi bakal dadi kalèn kudu awudjud galeng. Awit ija lemah iki (galeng) jèn kentjur wis miwiti thukul³³ perlu didjupuk disirataké³⁴ kanggo ngurug³⁵ kentjur. Saja prajoga jèn prapèn-prapèn mau disawuri³⁶ rabuk³⁷ kandang³⁸. Bandjur dienengaké³⁹ ngentèni⁴⁰ tekané udan.

Bab pananduré kentjur

Lumrahé jèn ngarepaké⁴¹ tiba udan, wis krungu swarané gludug⁴², kentjur wis miwiti katon tikelé⁴³, saiki wis wajahé kentjur mau diprithili⁴⁴ tjilik-tjilik, dipèk⁴⁵ sing ana matané⁴⁶. Jèn wudjud bungkulan⁴⁷ gedhé kena diirisi⁴⁸ kanggo ngrekahaké⁴⁹ bibit, angger adja rusak matané.

Prapèn ladon kentjur, jèn wis tiba udan (rada teles), dadi adja kabatjut⁵⁰ ketelesan, kudu digedjigi⁵¹ alon-alon, supaya adja kedjeron⁵². Arang kerepé⁵³ gedjigan satebah⁵⁴ (± 7cm²), djeroné saeros⁵⁵ dridji⁵⁶ (11/2 cm). Déné tjarané⁵⁷ nggedjig kudu mlaku mundur. Saiki prithilan

²⁴ kedelé = kedhelé Sojabohne — ²⁵ mluku pflügen — ²⁶ matjul hacken —
²⁷ lembut fein — ²⁸ terserah (malaiisch) überlassen — ²⁹ pétak Fach; métak in Fächer einteilen — ³⁰ gulan Gartenbeet — ³¹ ngilingi genau beachten, untersuchen — ³² prapèn Beet — ³³ thukul keimen — ³⁴ njirataké begießen — ³⁵ ngurug anhäufeln (eine Pflanze) — ³⁶ njawuri (sawur) bestreuen — ³⁷ rabuk Dung, Mist — ³⁸ kandang Stall — ³⁹ ngenengaké / ngèndelaken in Ruhe lassen — ⁴⁰ ngentèni erwarten — ⁴¹ ngarepaké erhoffen — ⁴² gludug = gludhug Donner — ⁴³ tikel Senker — ⁴⁴ mrithili (prithil) abknipsen, beschneiden — ⁴⁵ mèk wegnehmen — ⁴⁶ mata Keim, Auge — ⁴⁷ bungkulan Knolle — ⁴⁸ ngirisi in Scheiben schneiden — ⁴⁹ rekah ausgebreitet — ⁵⁰ mbatjut fortsetzen, weitermachen — ⁵¹ gedjig Pflanzstock; nggedjigi auspflanzen — ⁵² kedjeron zu tief — ⁵³ arang kerepé die Dichte — ⁵⁴ tebah Handbreite — ⁵⁵ eros Fingerglied — ⁵⁶ dridji Finger — ⁵⁷ déné tjarané . . . beim Verpflanzen muß man rückwärts gehen

bibit kentjur disèlèh⁵⁸ kanthi tata⁵⁹ lan tlatèn⁶⁰ ing gedjigan mau. Diarah-araha⁶¹ supaja matané ana ing nduwur adja kuwalik⁶². Jèn pandèlèhé kuwalik, kentjur dadi bungker⁶³. Mengkono saterusé⁶⁴ nganti kabèh prapèn katanduran.

Bandjur kentjur mau diurugi⁶⁵ nganggo lemah lembut disawuraké, nganti kurugan kabèh. Uga ana tjara ngurug lijané manèh, jaiku nganggo sapu sada⁶⁶ disapok-sapokaké⁶⁷, utawa pangé⁶⁸ wit disèrèt⁶⁹ ing prapèn. Mung kudu ati-ati, bibit kentjur adja mentas⁷⁰ saka gedjigan.

Let seminggu tanduran kentjur wis miwiti trubus⁷¹ utawa mradjak⁷². Lah saiki mangsané wis mangsa ngurug. Jaiku galengan kang ing dina mburi bakal dadi kalèn (perbatasan⁷³ kalèn) diketjroh-ketjroh⁷⁴ lan diura⁷⁵ disirataké nganggo patjul menjang tanduran kentjur, dienggo ngurug. Pangurugé kudu rata⁷⁶.

Kandelé⁷⁷ urugan kira-kira satebah miring⁷⁸ (10 cm), iki diarani pangurug kang kapisanan (ping sidji). Prapèn-prapèn mau sawisé ngurug kapisanan kudu ditanduri kaspé⁷⁹ arang-kerepé 3 m. Preluné⁸⁰ kanggo jom-joman⁸¹ kentjur ing mangsa ketiga. Let sesasi kentjur kang diurug mau trubus manèh. Iki perlu diurug manèh kandelé kaja pangurug kapisanan. Iki diarani pangurug kang kapindho. Lemah urugan kudu didjupukaké nunggal⁸² asal kaja kang kapisanan. Mula kanggo ngurug kapisan lan kapindho galeng perbatasan prapèn lumrahé wis ganti sipat wudjud kalèn.

Pangrumaté

Kentjur sawisé diurug kapindhoné mesthi ja trubus manèh lan terus nggodong⁸³. Jèn godongé durung tepung, prapèn wis ketara atos⁸⁴,

⁵⁸ njèlèh (sèlèh) setzen, legen — ⁵⁹ tata sorgfältig — ⁶⁰ tlatèn gewissenhaft — ⁶¹ ngarah sich vorsehen — ⁶² kuwalik umgekehrt, verkehrt — ⁶³ bungker verwachsen, verkrüppelt — ⁶⁴ mengkono saterusé und so fort — ⁶⁵ ngurugi (urug) auffüllen (Loch), anhäufeln (Pflanze) — ⁶⁶ sada Palmenblattrippe — ⁶⁷ njapakaké fegen — ⁶⁸ pang Zweig — ⁶⁹ njèrèt (sèrèt) schleifen, zeren — ⁷⁰ mentas (entas) herausholen — ⁷¹ trubus ausschlagen (Pflanze) — ⁷² mradjak hochschießen (Pflanze) — ⁷³ perbatasan (malaiisch) Abgrenzung — ⁷⁴ ngetjroh hacken — ⁷⁵ ngura (ura) auseinandernehmen — ⁷⁶ rata gleichmäßig — ⁷⁷ kandel dick, stark — ⁷⁸ miring schief, auf der Seite liegen — ⁷⁹ kaspé Kassave — ⁸⁰ prelu = perlu — ⁸¹ jom-joman Schutz, Abschirmung — ⁸² nunggal/nunggil gleich sein — ⁸³ nggodong Blätter bekommen — ⁸⁴ atos hart

suket⁸⁵ wis katon ndjembrung⁸⁶, saiki wis wajahé diwatun⁸⁷. Jaiku suket didjabuti⁸⁸ (dikeringi⁸⁹). Lemah diunggar⁹⁰ nganggo djugil⁹¹, pandjugilé kudu djero, pangunggaré adja nganti ngobahaké⁹² kentjur. Jèn bisa, wajah ndjugil kudu ing mangsa lemah garing (terang).

Let sawatara minggu suket wis katon ketel⁹³ manèh lan lemah wis atos manèh, iki wajahé ndjugil kang kaping pindhoné. Lumrahé let sawatara minggu godong kentjur wis tepung lan wis lemu.

Bab pangrumat wis kena diarani rampung. Mung kari ndjaga adja nganti ketrembesan⁹⁴ banju.

Kentjur katandur ing sasi Nopèmber, lumrahé ing sasi Djuli wis ripah⁹⁵. Wis kena diduduk⁹⁶. Lan kaspé jom-joman ja wis gedhé wis kena dibedol⁹⁷.

Bab nandur kentjur kena diarani mburu⁹⁸ asil gedhé, nanging sathithik wragadé, mula prajoga padha ditjoba.

(Panjebar Semangat, 16. Juni 1962)

⁸⁵ suket Gras, Kraut — ⁸⁶ ndjembrung im vollen Wachstum stehen — ⁸⁷ watun (watun) krauten, jäten — ⁸⁸ ndjabut herausreißen, abreißen — ⁸⁹ kering ausgetrocknet — ⁹⁰ ngunggar locker machen — ⁹¹ djugil Grabstock; ndjugil umgraben — ⁹² ngobahaké verschieben — ⁹³ ketel dicht bewachsen — ⁹⁴ ketrembesan durchnäßt — ⁹⁵ ripah in voller Kraft — ⁹⁶ nduduk = ndhudhuk graben — ⁹⁷ mbedol = mbedhol ausziehen (Pflanze), ausreißen — ⁹⁸ mburu/mbudjeng (hier:) erreichen

Ngingu¹ iwak loh² ing sawah bebarengan nandur pari

Ing saindenging tanah Indonesia wis andjrah³ bapa tani padha nandur iwak loh ana ing sawah, ing sela-selané⁴ tanduran pari, minangka⁵ kanggo wuwuhing⁶ pangupadjiwa⁷ lan pengasilan⁸, lan ija kanggo kebutuhané bebrajan⁹ kabèh. Ngingu iwak ana ing sawah iku jèn ditimbang karo nandur palawidja¹⁰ isih begdja lan untung nandur iwak loh, djalaran sepisan ora gawé ruginé tanduran pari, kapindhoné ora kangèlan¹¹ kaja jèn wong nandur palawidja.

Djinisé¹² iwak loh kang tinandur ing sawah, werna-werna rupané, kajata: iwak emas¹³, tawes¹⁴, mudjair¹⁵, tambra¹⁶ lsp. né. Utamané¹⁷ njuwun sesuluh¹⁸ marang Djawatan Perikanan¹⁹ Darat²⁰ ing daérah kono.

Mungguh tjarané ngingu iwak loh ing sawah iku ana telung rupa:

1. Kajadéné palawidja,
2. Nganggo elet²¹,
3. Bebarengan²² karo pari.

Palawidja

Ing wiwit diingu sawisé tanduran pari ing mangsa rendeng dienèni²³. Ngingu iwak kaja mengkono iku mau, mung katindakaké ing sawah

¹ *ngingu* züchten — ² *iwak loh* Fisch — ³ *andjrah* weit verbreitet — ⁴ *sela* Zwischenraum — ⁵ *minangka* für — ⁶ *wuwuh* erhöhen — ⁷ *pangupadjiwa* Lebensunterhalt — ⁸ *pengasilan* Erträge — ⁹ *bebrajan* Familie, Verwandtschaft — ¹⁰ *palawidja* Zweitfrucht (Naßreisfeld) — ¹¹ *kangèlan* zu schwer — ¹² *djinis* Art, Sorte — ¹³ *iwak emas* Goldfisch — ¹⁴ *tawes* karpfenartiger Süßwasserfisch — ¹⁵ *mudjair* Süßwasserfisch — ¹⁶ *tambra* Karpfen — ¹⁷ *utamané* vor allem — ¹⁸ *sesuluh* Aufklärung — ¹⁹ *perikanan* (malaiisch) Fischerei — ²⁰ *darat* (malaiisch) Festland; *perikanan darat* Binnenfischerei — ²¹ *elet* Zwischenraum — ²² *bebarengan/sesarengan* gleichzeitig mit — ²³ *ngenèni* ernten

kang setaun mung sepisan ditanduri pari. Gandèng²⁴ karo rupa-rupa kaanan, lawasé ngingu iwak kaja palawidja iku 2–3 sasi, lan pangnguné bisa kaping²⁵ 1–3.

Ngingu iwak nganggo elet

Nalikané sawah bakal ditanduri pari, iwaké ija bandjur diingu ing sawah iku. Ngingu iwak kaja mengkono katindakaké ing sawah-sawah kang pametuné²⁶ pari luwih saka sepisan ing ndalem²⁷ setauné. Lawasé enggoné ngingu iwak kira-kira 1–2 sasi. Pametuné saben ngingu iwak kena kaunduh²⁸ kaping sapisan.

Ngingu iwak babarengan karo pari

Wektu panjebaré²⁹ iwak iku ana werna loro, jaiku 3–7 dina sawisé tandur lan sawisé matun kang wekasan. Lawasé ngingu gandèng karo kaanan rupa-rupa, jaiku kira-kira 30–90 dina. Ngingu iwak kaja mengkono iku kang betjik dhéwé ana ing sawah kang tandurané pari djero (pari kang ditandur ing mangsa rendeng).

Ngingu iwak bebarengan karo pari iku kudu diadjokaké³⁰, awit:

1. Bab banju, pangrembugé luwih gampang tinimbang karo ngingu iwak kajadéné palawidja utawa minangka elet. Utawa wis tjetha manawa ngingu iwak ing sawah diadjokaké iku undaké pametuné sawah ija bandjur akèh banget.
2. Ing ndalem samangsa sawah saenggon bisa ngasilaké pametu rong rupa³¹, jaiku pari karo iwak, iwak loh. Déné pametuné pari djalaran diingoni iwak mau ora bakal ngurangi pametuné, malah ing sawenèhing panggonan, sawah-sawah kang diingoni iwak loh pametuné sangsaja wuwuh sawatara kwintal³² ing ndalem sahèktaré.
3. Ditanding karo ngingu iwak loh kaja palawidja utawa minangka elet, ngingu iwak bebarengan karo nandur pari iku gampang dhéwé.

²⁴ *gandèng* = *gandhèng* in Zusammenhang (mit) — ²⁵ *kaping* mal; *kaping telu* dreimal — ²⁶ *pametu/pamedal* Ertrag, Ernte — ²⁷ *ing ndalem* binnen, innerhalb — ²⁸ *ngunduh* = *ngundhuh* pflücken, ernten; hier: einfangen (Fische) — ²⁹ *njebat (sebat)* ausstreuen, säen, hier: aussetzen (Fische) — ³⁰ *ngadjokaké* vorziehen, voransetzen — ³¹ *ing ndalem* ... innerhalb einer Saison kann ein Reisfeld an einem Ort zwei Arten von Erträgen hervorbringen — ³² *kwintal* (engl.) Gewichtseinheit : 100 kg

4. Djalaran saka anané ngingu iwak loh bebarengan karo nandur pari, pangalaman³³ wis mbuktèkaké, rerungkudan³⁴ ing sawah kurang ndadiné^{34a}. Bab iki ateges ngènthèngaké³⁵ matun sawah.

Mula saiki bapa tani prajoga banget ngadjokaké ngingu iwak loh bebarengan karo tanduran pari iku. Bapa tani kang padha ndarbèni³⁶ sawah, mesthiné wis ora sumelang³⁷ manèh sarta bakal énggal tumuli tata-tata³⁸ nganakaké sadijan³⁹ kanggo ngingu iwak loh.

Sadurungé ngingu iwak iku diwiwiti, kang perlu dhisik jaiku: kudu milih panggonan kang betjik kanggo kaperluwan iku. Pamilihing panggonan, kudu kalarasaké karo papan pernahé⁴⁰ lan ija kudu dilarasaké karo sjarat-sjarat⁴¹ kang kasebut ing ngisor iki:

1) Panggonan ing kono ora kekurangan banju sarta pametuné pari ora kurang saka 20 kwintal sahèktaré.

2) Saben-saben kang kanggo ngingu iwak loh iku betjiké kang rada miring⁴² utawa majat⁴³, adja nganti rata⁴⁴ banget-banget. Bab iku gegandèngan karo bab prakara banju lan pangunduhé iwak lan kawarasan tanduran pari.

3) Uga perlu kawigatèkaké, jaiku; ing panggonan kang lagi baé nganakaké ada-ada ngingu iwak loh bebarengan karo pari, déné sawah kang kita anggo, luwih prajoga banget sawah-sawah kang tjedak désa. Perluné nggampangaké enggoné ngawat-awati⁴⁵ banju, bab pamunasika⁴⁶ lan maling.

4) Kedokané sawah kang bakal diingoni iwak⁴⁷ iku adja nganti kesed⁴⁸, malah nggampangaké enggoné ngawat-awati bab banju, lan adja nganti kurang saka 200 m² (manawa kedokan tjilik-tjilik kang dienggo, wragading ngupakara⁴⁹ galengan luwih akèh); sawah-sawah kang papané miring banget, adja dipilih.

³³ pangalaman Erfahrung; mbuktèkaké beweisen — ³⁴ rerungkudan Unkraut — ^{34a} ndadi/ndados gedeihen — ³⁵ ngènthèngaké erleichtern — ³⁶ ndarbèni besitzen — ³⁷ sumelang besorgt, unruhig — ³⁸ tata regeln, ordnen — ³⁹ sadijan Zubehör — ⁴⁰ pernah Lage — ⁴¹ sjarat Voraussetzung — ⁴² miring schief — ⁴³ majat abschüssig — ⁴⁴ rata eben, flach — ⁴⁵ ngawat-awati beaufsichtigen, überwachen — ⁴⁶ munasika belästigen — ⁴⁷ sawah kang diingoni iwak ein Reisfeld, worauf Fischzucht betrieben wird — ⁴⁸ kesed trocken, verkrustet — ⁴⁹ ngupakara instandhalten

5) Sabisa-bisa sarèhné ing kedokan tansah ana banjuné tur duwur, adja nganti ngingu iwak iku ana ing sawah kang pariné gampang rubuhé⁵⁰. Mungguh duwuring banju iku perlu kanggo ngingu iwak lawuh⁵¹ (iwak kang wis tjukup gedhéné samangsa dipangan), sawisé matun kang wekasan. Gegajutan karo bab iki, pari kang katandur ing sawah-sawah kang wis lumrah diingoni iwak lawuh, kapilihaké pari kang akèh pametuné, sarta ora rubuh manawa dielebi⁵² banju nganti djero.

Tumrapé ngingu bibit iwak lan ngingu iwak lawuh kang kapratéla-kaké ing bab B2 (mriksanana bab „wektu lan kandelung panjebar“), kang kasebut ing nduwur iku ora tumindak⁵³. Kanggo njuda⁵⁴ kèhé iwak kang ilang, sawah kang ditanduri iku grombolané⁵⁵ adja nganti ketjiliken. Sagrombolané tjilik-tjilik kudu 5 hèktar djembaré.

Manawa pamilihé papan mau wis katindakaké miturut aturan-aturan⁵⁶ kang kasebut ing nduwur, nuli kagalih⁵⁷ bab prekara bibit⁵⁸ lan pangedolé⁵⁹ iwak.

Maksudé ngingu iwak

Ngingu iwak loh bebarengan karo pari duwé maksud rong prekara, jaiku:

A. Ngingu bibit iwak tjilik nganti dadi bibit iwak gedhé.

B. Ngingu bibit iwak nganti dadi iwak lawuh (iwak kang tjukup gedhéné manawa dipangan).

Tjara ngingu iwak kang maksudé ing bab A ana telung rupa:

1. Ngingu bibit iwak (iwak kang umuré kira-kira ana 2 minggu) nganti dadi iwak kang dawané kira-kira 3—5 cm. Bab iki kang bisa nindakaké mung bapa tani kang ngerti temenan prakara ngingu iwak ing sawah. Dunungé sawah sabisa-bisa adja nganti luwih saka 5 km dohé saka sumbering panggonan nganakaké bibit iwak.

⁵⁰ rubuh/rebah einstürzen, zusammenbrechen — ⁵¹ lawuh Zuspeise, Zulage zu Reisgerichten — ⁵² leb unter Wasser — ngelebi unter Wasser setzen (Bewässerungsanlagen) — ⁵³ tumindak gelten, zutreffen — ⁵⁴ njuda (suda) vermindern, herabsetzen — ⁵⁵ grombolan Gruppe, hier: Zuchtschwarm — ⁵⁶ aturan (malaiisch) Anweisung, Instruktion — ⁵⁷ galih — K.I. = mikir — ⁵⁸ bibit Keimling, Sämling, hier: Zuchttier — ⁵⁹ pangedol Verkauf

2. Ngingu bibit iwak wiwit matun wiwitan⁶⁰ (kira-kira 4 minggu sawisé pari ditandur) tumekan matun kang kaping pindho (kira-kira 7 minggu sawisé nandur pari). Lawasé dadi 3 minggu.

Dadi iwak kang dienggo umuré kurang luwih 2 minggu. Bibit iku bandjur dadi bibit iwak kang dawané 3–5 cm.

3. Ngingu bibit iwak 3-5 cm nganti bibit mau dadi 8–11 cm.

Tjara-tjara kang dikarepaké ing Bab B ana 4 warna:

1. Ngingu iwak lawuh saka 3–5 cm nganti dadi iwak kang dawané 11–14 cm, kang boboté⁶¹ kira-kira 50 gram.

2. Ngingu iwak lawuh 5–8 cm nganti dadi iwak kang dawané 11–14 cm, kang boboté kira-kira 30 gram.

3. Ngingu iwak lawuh saka 8–11 cm, nganti dadi 14–16 cm, boboté kira-kira 50 gram.

4. Tjarané njambutgawé kaja kang kasebut ing bab A 3 kena digandèngaké karo panginguné iwak lawuh. Sawisé bibit iwak 8–11 cm ditjekeli, tumuli disimpen⁶², nganti akèhé bisa njukupi manawa kanging miturut tjara kang kasebut ing bab B3.

Panggawéné galengan⁶³

Galengan sawah kang bakal dienggo ngingu iwak kudu kuwat temenan adja nganti ing tembéne banju bisa rembes⁶⁴. Panggawéné kudu luwih ngati-ati tinimbang panggawéné galengan sawah kang mligi kanggo nandur pari. Kuwat lan orané galengan iku gumantung marang⁶⁵ betjike lemah kang dienggo, jaiku betjike kang ora ana daminé⁶⁶ lan pasuketané⁶⁷. Jèn gelem kangèlan⁶⁸, betjike ija dibongkar⁶⁹ dhisik, dianjari⁷⁰ galengané lan duwuré kira-kira 35 cm. Déné jèn galengan mau wis garing, duwuré kira-kira dadi 25 cm, déné ambané dasar galengan apes-apesé⁷¹ 50 cm. Manawa wong duwé karep ngingu iwak sawisé pari katandur (tjara B3), kang mangka⁷² galengan kang njukupi sarat-saraté kanggo ngingu iwak durung sumadija⁷³, betjike mengkéné:

⁶⁰ *wiwitan* anfänglich — ⁶¹ *bobot/awrat* Gewicht — ⁶² *njimpen (simpen)* lagern, aufbewahren — ⁶³ *galengan* Damm — ⁶⁴ *rembes* durchsickern — ⁶⁵ *gumantung marang* abhängen von — ⁶⁶ *dami* Stoppeln; Stroh — ⁶⁷ *pasuketan* Wiese — ⁶⁸ *kangèlan* zu schwierig — ⁶⁹ *mbongkar* abreißen (Bauwerk) — ⁷⁰ *nganjari* erneuern — ⁷¹ *apes-apesé* mindestens — ⁷² *mangka* dienen als — ⁷³ *sumadija/sumaos* vorhanden sein

Nalika matun kang kawitan, pari kang ana pinggir⁷⁴ kapindah⁷⁵ katandura ing tengah sasela-selané tanduran pari lijané. Ing sauruting⁷⁶ pinggiré galengan bandjur suwung⁷⁷. Lemah ing sauruté galengan kang ora ana tandurané mau kanggo ngurangi galengan. Mula ing sauruté galengan mau bandjur ana kalènané kang djero banjuné. Bab iki pantjèn dibutuhaké sasuwéné ngingu iwak. Bab iku mau bisa diambali⁷⁸ manèh jèn matun kang kapindho perluné galengan sangsaja duwur, kuwat lan njukupi kanggo nando⁷⁹ banju ing tengah sawah miturut kabutuhané. Galengan mau bisa ditanduri téla⁸⁰ rambat⁸¹ utawa tanduran lijané kena kanggo imbuh-imbuh⁸² pangupadjiwa.

Kalènan⁸³

Ing satengahé kedokan diduduk kalènan malang⁸⁴ utawa kalènan tradjangan⁸⁵. Bab iki gumantung marang ambané kedokan. Kalènan mau ambané kira 50 cm, djeroné nganti 30 cm.

Miturut pangalaman ilangé tanduran pari selarik rong larik⁸⁶, merga kaduduk kanggo kalènan mau, ora ndajani⁸⁷ marang pametuné pari. Gunané⁸⁸ kalènan-kalènan mau supaja iwak-iwak bisa mlaju mrana-mréné⁸⁹, manawa kabener hawa⁹⁰ panas, utawa manawa ana manuk⁹¹ utawa ula⁹² kang arep mangan iwak. Kadajaba saka iku kalènan mau ija gedhé gunané nalikané jèn pinudju⁹³ ngunduh.

Manawa nganggo kalènan tradjangan, kalènan malang lan mudjur kang sapatemon⁹⁴ ana ing tengah-tengah, kagawéja rada majat lan kaprenah ing prapatané⁹⁵, kagawéja blumbangan⁹⁶ tjilik, 1 m² wis tjukup, gunané kanggo njingkiri hawa panas utawa mungsuh lijané.

(Panjebar Semangat, 19. Mai 1962)

⁷⁴ *pinggir* Rand — ⁷⁵ *mimindhah/ngalih* versetzen — ⁷⁶ *ing sauruté* längs, der Länge nach — ⁷⁷ *suwung* leer, un bebaut — ⁷⁸ *ambal* betreten; *ngambali* wieder beschreiten; ebenso machen wie vorher; wiederholen — ⁷⁹ *nando* = *nandho (tandho)* anhäufen, ansammeln, einen Vorrat anlegen; stauen (Wasser) — ⁸⁰ *téla* Batate — ⁸¹ *rambat* ranken, sich winden — ⁸² *imbuh-imbuh* Zuschlag, Vergrößerung, Erhöhung — ⁸³ *kalènan* Kanal, Bewässerungsgraben — ⁸⁴ *malang* quer — ⁸⁵ *tradjangan* sich kreuzend, kreuzweise — ⁸⁶ *larik* Reihe — ⁸⁷ *ndajani* beeinflussen — ⁸⁸ *guna* Nutzen — ⁸⁹ *mrana-mréné* hin und her — ⁹⁰ *hawa* Luft, Wetter — ⁹¹ *manuk* Vogel — ⁹² *ula* Schlange — ⁹³ *pinudju* gerade — ⁹⁴ *sapatemon* sich schneiden (zwei Linien) — ⁹⁵ *prapatan* Kreuzweg, hier: Schnittpunkt — ⁹⁶ *blumbangan* Becken

Gunung Merapi kanggonan¹ sipat papat kang njlenèh²

Pandjeblugé gunung Merapi kang ngetokaké lahar dhèk tanggal 8 Mei bengi kepungkur, nganti sapréné pawartané³ isih tansah kumandang lan narik kawigatèn saka ngendi-endi. Nganti titimangsané iki tekané sumbangan-sumbangan⁴ kanggo para korbané lahar⁵ Merapi isih tansah ndlidir⁶ baé. Ija kang saka pamaréntah lan rakjat kita dhéwé, nadyan uga saka sawatara nagara-nagara mantja kang wudjud bantuwan sandhangan, duwit, obat-obatan⁷ lsp. né.

Sipaté gunung Merapi iki pantjèn rada njlenèh. Béda banget jèn katanding karo gunung-gunung geni umumé ing donja iki. Mula ora anèh jèn akèh narik kawigatèné ahli-ahli gunung geni. Ing antarané jaiku ahli-ahli gunung geni saka Amerika, Inggris, Swedia lan Australia kang nembé-nembé iki wis padha merlokaké ngéndangi⁸ puntjaké gunung Merapi. Kang dianggep rada njlenèh iku ing antarané jaiku, déné Merapi iki jèn dong ndjeblug⁹ ora mawa swara kaja adaté gunung-gunung geni lumrah kaé. Jèn ta ana keprungu swara pating gleger¹⁰ nggegirisi, iku djalaran saka gumlundungé¹¹ watu-watu¹² mengangah¹³ sagadjah-gadjah¹⁴ kang tatap-tatapan¹⁵ padha watu lan gumlundung ing djurang-djurang¹⁶ kang djeroné nganti pirang-pirang atus mèter.

Kadjaba iku gunung Merapi kang dadi tapel-watesing¹⁷ karésidènan Kedu, Ngajogjakarta lan Surakarta iki kanggonan sipat papat kang

¹ kanggonan enthalten, in sich haben — ² njlenèh abweichend, anomal — ³ pawarta Nachrichten — ⁴ sumbangan Spende — ⁵ lahar Lava — ⁶ ndlidir unaufhörlich weitergehen — ⁷ obat-obatan Medikamente — ⁸ ngéndangi besichtigen — ⁹ ndjeblug ausbrechen (Vulkan) — ¹⁰ pating gleger dröhnen — ¹¹ glundung = glundhung rollen — ¹² watu Stein — ¹³ mengangah rotglühend — ¹⁴ gadjah Elefant — ¹⁵ tatapan zusammenstoßen — ¹⁶ djurang Schlucht — ¹⁷ tapel-wates Grenze

ora ana tandingé. Liré ora didarbèni déning gunung-gunung geni umumé.

Jaiku sipat-sipat kang disebut:

Type A: ndjeblug tjilik-tjilikan, sawisé iku sirep¹⁸ karepé dhéwé.

Type B: ndjeblug sarana ngetokaké watu tjilik terus-terusan, saja suwé sangsaja gedhé lan sabandjuré tanpa sabawa¹⁹ nguntahaké²⁰ lahar lan hawa (awan) kang panasé nganti 1000–2000 dradjat celsius kang katjonggah²¹ gawé antjuré²² sadéngah²³ kang katradjang²⁴ lan gawé gesengé sabarang²⁵ kalir²⁶ kang dunungé sawatara kilomèter dohé.

Type C: ndjeblug kanthi dadakan²⁷. Type iku naté kedadéjan ing sasi Désèmber 1930 (ngantjik taun 1931), saéngga 1300 djiwa manungsa kang bebaskan²⁸ ora ngerti sangkan²⁹ parané bebaja, dadi korban. Lan 1400 wuwungan³⁰ omah kang klakon adjur³¹ mumur³² dadi awu³³.

Type D: Sipat iki kena diarani minangka batjuté³⁴ type B. Jaiku ndjeblug mawa kekuwatan kang ngédab-édabi saéngga katjonggah gawé „protholé“³⁵ putjaking gunung lan nuwuhaké³⁶ kaldera³⁷ (kawah kang garistengahé sok nganti 1 km dawané). Type D iki naté kelakon ing taun-taun 1006, 1822 lan 1872. Kang hébat dhéwé jaiku rikala ing taun 1006 kang laharé nganti ngurug³⁸ tjandi Borobudur, Ngajogja, Kalasan lan Prambanan. Tandhi bukti kaja mengkono mau bisa kita kawuningani, déné bisané kita njipati wutuhing³⁹ tjandi Borobudur kaja saiki iki, mbijéné kudu dikeduk⁴⁰ luwih dhisik. Uga watu-watu sagadjah-gadjah kang pating djenggeleg⁴¹ ing kali Progo lan Gadjag Wong ing Ngajogja, wis sawidjining paseksèn⁴² kang

¹⁸ sirep zur Ruhe kommen — ¹⁹ sabawa Geräusch — ²⁰ nguntahaké (untah) speien, sich erbrechen — ²¹ katjonggah imstande sein — ²² antjur zerstört; zerschmettert — ²³ sadhéngah alles Beliebige — ²⁴ nradjang (tradjang) angreifen, überfallen — ²⁵ sabarang alles — ²⁶ kalir alles — ²⁷ dadakan plötzlich — ²⁸ bebaskan sprichwörtlich — ²⁹ sangkan Herkunft — ³⁰ wuwungan Dachfirst; hier als Hilfszählwort für Haus — ³¹ adjur zerrieben — ³² mumur zu Staub zerfallen — ³³ awu Asche — ³⁴ batjut Fortsetzung — ³⁵ prothol die Spitze abbrechen — ³⁶ nuwuhaké (tuwuh) entstehen lassen — ³⁷ kaldera trichterförmiger Vulkankrater — ³⁸ ngurug überschütten — ³⁹ wutuh unbeschädigt; erhalten — ⁴⁰ ngeduk = ngedhuk ausgraben; ausschöpfen — ⁴¹ pating djenggeleg aufragen, emporragen — ⁴² paseksèn (seksi) Zeugniss

langgeng⁴³, jèn daérah iki wis naté ngalami katradjang kurdané⁴⁴ gunung Merapi.

Nitik⁴⁵ saka sedjarahé⁴⁶ gunung Merapi kang tinemu ing Djawatan Vulkanologie, mèh saben 50 taun sepisan gunung iki ndjeblog mawa type D. Mauné sawisé taun 1872, jaiku ing taun 1922 pantjèn dikuwatiraké Merapi iki bakal ngenggoni sipat type D manèh. Nanging rahajuné⁴⁷ déné ing taun kasebut, ora ana tanda-tanda kang ng-tiraké. Mung bareng ing taun 1931 ndjeblog mawa type C. Jaiku kanthi dadakan, saéngga⁴⁸ para penduduk⁴⁹ kang deduning ing sakiwa-tengené gunung mau wis ora bisa ngontjati⁵⁰ bebaja pati manèh. Lan kaja wis kasebutaké ngarep, 1300 djiwa kang ora kaweruhan alang⁵¹-udjuré⁵², dadi tumbalé⁵³ Kjai⁵⁴ Pétruk. Jaiku panjebuté penduduk daérah sakiteré Merapi marang gunung geni iki. Djalaran gunung iki jèn kasawang saka kadohan lan ngetokaké keluk⁵⁵ katon kaja kupluké⁵⁶ Pétruk kang mawa kutjir⁵⁷.

Sipat kang dienggoni gunung Merapi rikala ndjeblog ing tanggal 8 Mei mau jaiku type B. Kamangka manut adat sing wis, bakal kasusul⁵⁸ nglandjak⁵⁹ marang type D. Apa type kang ngédab-édabi iki bakal kelakon tenan? Jektiné baé, ija anané gegambaran-gegambaran kaja mangkono mau nganti sapréne banget dikuwatiraké déning kang wadjib. Djalaran manut pétungan kang ndjlimet⁶⁰ déning pihak Djawatan Vulkanologie, kedadéjan mau ora langka⁶¹ bakal maudjud⁶² tenan. Mula jèn ora wiwit saiki iki dianakaké rékadaja-rékadaja kang sarwa mirunggan, penduduk telung daérah Karésidénan (Kedu, Ngajogja lan Surakarta) bakal nandang bentjana⁶³ alam kang ngédab-édabi.

⁴³ langgeng ewig — ⁴⁴ kurda Zorn, Wut — ⁴⁵ nitik untersuchen — ⁴⁶ sedjarah Geschichte — ⁴⁷ rahaju sehr gut — ⁴⁸ saéngga so daß — ⁴⁹ penduduk (malaiisch) Bewohner, Einwohner — ⁵⁰ ngontjati entkommen — ⁵¹ alang längs — ⁵² udjur quer; alang-udjuré der Ort, wo jemand begraben liegt — ⁵³ tumbal Unheil; Beschwörungsmittel — ⁵⁴ kjai Lehrer der Geheimwissenschaften und der Religion (alter djawanischer Titel) — ⁵⁵ keluk Dampf; Rauch — ⁵⁶ kupluk Kappe; Haube — ⁵⁷ kutjir Zopf — ⁵⁸ njusul (susul) schnell folgen — ⁵⁹ nglandjak überspringen; umschlagen in — ⁶⁰ djlimet genau, gewissenhaft — ⁶¹ langka fast nicht, nie, selten — ⁶² maudjud existieren, vorkommen, Gestalt annehmen — ⁶³ bentjana Katastrophe

Nadyan wektuné samengko gunung iki katon anteng⁶⁴. Nanging mangkono mau mung katoné tata⁶⁵ lahir⁶⁶ baé. Djer gunung Merapi manut udjaring⁶⁷ sedjarah ora naté sirep. Kaanané isih tansah mbebajani tumrapping penduduk ing daérah sakiwa-tengené. Malah jèn kita gelem njatitèkaké⁶⁸ lakuné djarum⁶⁹ seismograph kang déning Djawatan Vulkanologie dipapanaké⁷⁰ ing pos-pos⁷¹ pandjagan⁷² ing sakiwa-tengené gunung iki, bakal bisa dikaweruhi jèn djarum-djarum mau nggijataké⁷³ marang angka-angka⁷³ 400–500, malah sok nudingaké⁷⁴ marang angka-angka 1000 getaran⁷⁵ mungguh. Iki mbuktèkaké, jèn kaanané gunung geni iki isih adjeg⁷⁶ nguwatiraké. Jèn ora kena diarani malah rada gawé kumesaring⁷⁷ ati tenan.

Mauné Merapi iki dhék djaman kolonial ora patija digatèkaké déning pamaréntah djadjahan. Nanging bareng ing taun 1931 gunung iki ndjeblog kanthi dadakan lan nuwuhaké korban kang ora sethithik, lagi olèh kawigatèn. Sawisé iku bandjur dianakaké pos-pos pandjagan tetap. Sawisa kita mardika⁷⁸, sarana mindeng sedjarahé gunung Merapi kang dianggep ora ana sirepé mau, anané pos-pos pandjagan luwih digijataké⁷⁹ lan ditambah⁸⁰ manèh.

Sepira mungguh gedhéning kawigatèné kang mirunggan saka kang wadjib marang gunung Merapi iki, bisa kita tilik, déné pos-pos pandjagan gunung geni saindenging Indonesia kang tjatjahé ana 37, kang dipapanaké kanggo ngamat-amati Merapi kéné ana sanga. Gunung Krakatau⁸¹ baé kang rikala dhèk ndjeblogé taun 1883 gawé patiné 36.000 djiwa lan awuné nganti sumebar⁸² tekan Madagaskar, mung nduwèni pos pandjagan sidji thil⁸³. Jaiku kang dipapanaké ing pesisir⁸⁴ Banten.

⁶⁴ anteng ruhig, friedlich — ⁶⁵ tata hier: Erscheinung, Phänomen — ⁶⁶ lahir hier: äußerlich — ⁶⁷ udjar Wort, Ausspruch — ⁶⁸ njatitèkaké (satiti) genau untersuchen — ⁶⁹ djarum (malaiisch) Nadel, Zeiger (eines Meßgerätes) — ⁷⁰ mapanaké unterbringen, aufstellen — ⁷¹ pos (niederl.) Posten — ⁷² pandjagan Wache — ⁷³ angka Ziffer, Zahl — ⁷⁴ nudingaké (tuding) anzeigen (Meßgerät) — ⁷⁵ getaran Erschütterung, Erdstoß — ⁷⁶ adjeg regelmäßig — ⁷⁷ kumesar (kesar) ängstlich — ⁷⁸ mardika unabhängig — ⁷⁹ nggijataké aktivieren — ⁸⁰ nambah (tambah) verstärken, vermehren — ⁸¹ Krakatau Insel in der Sunda-Straße, die aus einem Vulkan (800 m) besteht — ⁸² sumebar (sebar) sich verstreuen — ⁸³ thil nur (nach Zahlwörtern) — ⁸⁴ pesisir Ufer, Küste

Saka ketegasané⁸⁵ pihak Komando Gunung Merapi kang dipimpin pijambak déning Résidèn⁸⁶ Kedu — Mochammad Salèh, pandjeblugé gunung Merapi dhèk tanggal 8 Mei kepungkur — pisan iki — bebasan ora nganti nuwuhaké korban pati manungsa babarpisan. Ana sidji thil, jaiku pahlawan pemuda⁸⁷ PKD aran Paidjo kang rikala wis kasil njingkiraké kaum pengungsi-pengungsi⁸⁸, dhèwèké dhéwé dadi wadal kakurag⁸⁹ déning awan panas, saéngga nemahi⁹⁰ patiné. Nganti sapréne alang-udjuré isih durung kinawruhan lan isih terus dilari⁹¹. Jèn nalika samana diwartakaké ana korban 5 djiwa manèh, iki ora djalaran saka katradjang ing lahar rikala arep ngungsiné⁹², ora. Nanging sebab saka kaluputané dhéwé. Liré, rikala putjaking gunung dikira wis sirep, tanpa olèh palilahé⁹³ pos pandjagan, sumedya^{93a} ngéndangi omahé lan ngungsèkaké barang-barang darbèké kang isih kari. Nanging ndilalah⁹⁴, rikala samana Merapi ngutahaké lahar lan awan panasé manèh, éngga⁹⁵ wong-wong mau nambahi kèhing wadalé Kjai Pétruk.

Ija kanggo ngawékani anané lelakon kaja mangkono mau saiki pandjagan-pandjagan ing daérah terlarang⁹⁶ mau, ija sapaa baé, nadyan pangkat⁹⁷ lan kalungguhan⁹⁸ duwur mentjit⁹⁹ pisan (kadjaba mung petugas-petugas saka Komando Gunung Merapi dhéwé), jèn ta ora nggawa surat lulusan¹⁰⁰ saka pihak Komando Gunung Merapi, „tanpa ampun¹⁰¹“ bakal dibalèkaké.

(Panjebar Semangat, 2. September 1961)

⁸⁵ *ketegasan* (malaiisch) Erklärung — ⁸⁶ *résidèn* (niederl.) Resident, Verwaltungsbeamter, der eine Kerésidènan (Residentschaft) leitet — ⁸⁷ *pemuda* (malaiisch) junger Mann — ⁸⁸ *pengungsi* Flüchtling — ⁸⁹ *kurag* eingehüllt — ⁹⁰ *temah* unabwendbares Schicksal; *nemahi* unvermeidlich zur Folge haben — ⁹¹ *lari* Spur; *nglari* aufspüren, nachspüren — ⁹² *ngungsi* sich flüchten — ⁹³ *palilah* Erlaubnis — ^{93a} *sumedya* wollen, mögen — ⁹⁴ *dilalah* gerade dann — ⁹⁵ *éngga* = *saéngga* — ⁹⁶ *terlarang* (malaiisch) verboten — ⁹⁷ *pangkat* Rang — ⁹⁸ *kalungguhan* Stellung — ⁹⁹ *mentjit* schwindelerregend, turmhoch — ¹⁰⁰ *lulusan* Genehmigung — ¹⁰¹ *ampun* (malaiisch) Pardon, Nachsicht

Angka kramat¹, pitulas kaping pitulas

(Aus der Rede des Präsidenten der Republik Indonesien, Dr. Sukarno, zum 16. Jahrestag der indonesischen Revolution am 17. August 1945, gehalten am 17. August 1961. Aus „Panjebar Semangat“, 9. September 1961)

Sedhulur-sedhulur kabèh !

Ing dina iki kita rumangsa begdja² banget. Ing dina iki kita mahargya dina ulang taun⁴ Proklamasi⁵ Kamardikan⁶ kita kang kaping 17. Ing dina iki Republik kita ganep⁷ umur rong windu⁸. Ing dina iki kita kena njebutaké angka kramat 17 kaping pindho. Kang kaping pindho ! Djalaran ing dina iki kita ngalami 17 kaping 17 Agustus ! Dadi ing dina iki, kita ngalami 17 Agustus, dina kang maha⁹ kramat ! Ija ing kéné iki istimewa dina proklamasi saiki iki ; rong windu umuré Républik lan 17 iki maha kramat. Nanging ora mung¹⁰ kuwi thok. Kadjaba kita miwiti ngantjik¹¹ ing windu kang kateluné Républik, uga ngantjik taun kang wekasan saka Tri Program¹² Kabinèt Kerdja¹³. Marga saka iku kita kudu bebarengan gawé balans¹⁴, gawé nratja/tetimbangan¹⁵ kang njata objektip¹⁶, jaiku kepriyé asilé perdjuwangan¹⁷ kita kabèh lan ija kepriyé asil panindaké¹⁸ Tri Program Pamaréntah. Dudu kaja tjarané boekhouder¹⁹ kang nganakaké „dubbel boek-

¹ *kramat* heilig, geweiht — ² *begdja* glücklich — ³ *mahargya* huldigen, feiern, begehen (Festtag) — ⁴ *dina ulang taun* Jahrestag — ⁵ *proklamasi* Ausrufung — ⁶ *kamardikan* Unabhängigkeit — ⁷ *ganep* hier: vollenden — ⁸ *windu* zyklischer Zeitraum von 8 Jahren in der altdjawanischen Zeitrechnung — ⁹ *maha* sehr, außerordentlich — ¹⁰ *nanging ora mung*... doch nicht nur das allein — ¹¹ *ngantjik* eintreten in — ¹² *tri program* dreifaches Programm — ¹³ *kabinèt kerdja* Geschäftskabinett (ein Kabinett aus Fachministern im Gegensatz zu einem Kabinett, das sich auf eine Mehrheitspartei stützt) — ¹⁴ *balans* (niederl.) Bilanz — ¹⁵ *nratja* Bilanz; *tetimbangan* Bilanz — ¹⁶ *objektip* (niederl.) objektiv — ¹⁷ *perdjuwangan* (malaiisch) Kampf — ¹⁸ *pa ninda* Ausführung, Erfüllung — ¹⁹ *boekhouder* (niederl.) Buchhalter

houding²⁰, ananging kanthi ati djudjur²¹, terus terang, ati kang ngeblak²², nuduhaké aktiva-aktifané²³, lan ija ngakoni passiva-passivané²⁴. Ngertija perdjuwangan sangsaja nglandjak²⁵ manduwur²⁶, sangsaja hébat²⁷, sangsaja sengit²⁸, sangsaja abot tugas kuwadajiban kita, anggegunung²⁹, lan iki mung bisa ditanggulangi³⁰ sarana semangat kang kritis³¹, malahan semangat³² kang selfkritis³³.

Pangajoman³⁴ Proklamasi

Proklamasi 17 Agustus 1945!

Rong windu lawasé kita wis urip ana ing pangajomané Proklamasi, rong windu lawasé kita urip ana ing sorot³⁵ sinar³⁶ surjané³⁷ Proklamasi. Ija, dadi pangajoman! Djalaran proklamasi iki arupa mble-dosing tékad³⁸, tékad nasional, mbludaging³⁹ sakabèhé kekuwatan nasional kang total, lan merga saka totalé iku kita bisa nanggulangi nganti saiki iki. Lan insja Allah⁴⁰ kita bakal nanggulangi nganti tumekané akir djaman⁴¹.

Naté sedhulur, luwih saka 15 taun kang kepungkur, péhak Walanda tjuluk⁴², jèn Républik Indonesia ora bakal ngalami 17 Agustus kang kapindho, djalaran bakal antjur lebur⁴³ brantakan⁴⁴ saka dajané⁴⁵ „innerlijke conflicten“. Nanging buktiné Républik Indonesia kang kramat iku, bisa tangguh⁴⁶ tanggon⁴⁷ tumekané samengko⁴⁸, ngalami 17 kaping 17 Agustus kang kramat!

Lan sinar surjané! Nalikané kita djumangkah⁴⁹, Proklamasi nuduhaké enering⁵⁰ dalan. Nalikané kita wis djumangkah, Proklamasi

²⁰ *dubbel boekhouding* (niederl.) doppelte Buchführung — ²¹ *djudjur* ehrlich — ²² *ngeblak* offenherzig — ²³ *aktiva* (niederl.) Guthaben — ²⁴ *passiva* (niederl.) Schulden — ²⁵ *nglandjak* übergreifen — ²⁶ *manduwur* nach oben — ²⁷ *hébat* heftig — ²⁸ *sengit* erbittert — ²⁹ *anggegunung* sich bergehoch türmen (Verantwortung) — ³⁰ *nanggulangi* bezwingen — ³¹ *kritis* (niederl.) kritisch — ³² *semangat* (malaiisch) Geist — ³³ *selfkritis* (niederl.) selbstkritisch — ³⁴ *pangajoman* Schutz — ³⁵ *sorot* Glanz — ³⁶ *sinar* Strahl — ³⁷ *surja* (Sskr./altdjaw.) Sonne — ³⁸ *tékad* Wille — ³⁹ *mbludag* überkochen — ⁴⁰ *insja Allah* (arabisch) wenn Allah will — ⁴¹ *akir djaman* Ende der Zeiten, Weltgericht — ⁴² *tjululuk* mitteilen, melden — ⁴³ *antjur lebur* zerschmettert — ⁴⁴ *brantakan* in Unordnung — ⁴⁵ *daja* Einfluß, Kraft; *innerlijke conflicten* (niederl.) innere Streitigkeiten — ⁴⁶ *tangguh* zuverlässig — ⁴⁷ *tanggon/tanggon* zuverlässig — ⁴⁸ *samengko* jetzt — ⁴⁹ *djumangkah* (*djangkah*) abweichen — ⁵⁰ *ener* Richtung

asung⁵¹ tenaga anjar marang kita. Nalika kita padha nglokro⁵², Proklamasi nangèkaké semangat kita manèh. Nalikané kita ana kang njlèwèng⁵³, Proklamasi maringi⁵⁴ alat⁵⁵ ampuh⁵⁶ marang kita, kanggo ngélingaké si njlèwèng, jèn dhèwèké iku wis njlèwèng. Nalikané kita menang, Proklamasi ngadjak-adjak marang kita supaja kita terus madju, mlaku terus, djalaran tudjuwan kita kang pungkasan pantjèn durung maudjud⁵⁷. Rahaju tumrapping Rakjat Indonesia kang nduwèni Proklamasi iku; begdja kemajangan⁵⁸, djalaran dhèwèké nduwèni pangajoman, lan ing sanduwuring mustakané ana sinaring surja kang mentjorong⁶⁰. Rakjat Indonesia rumangsa begdja, djalaran saka anané Proklamasi iku, Proklamasi kang tembung-tembungé prasadja banget iku, hakékaté⁶¹ mahjakaké⁶² pambaludagé⁶³ sakabèhing rasa kang tumanem⁶⁴ djero banget ing sanubariné⁶⁵ Rakjat Indonesia kang sedjatiné nglairaké⁶⁶ Pandoming⁶⁷ Urip, Tudjuwaning Urip, Falsafah⁶⁸ Urip, Wewadining⁶⁹ Urip. Lansabandjuré klawan anané proklamasi iku dalasan⁷⁰ putra tunggal kandungan⁷¹ kang awudjud Bebukané⁷² Undang-Undang Dasar⁷³ 1945 iku, Rakjat Indonesia ndarbèni Gondèlaning⁷⁴ Urip kang bisa diwatja lan dirasakaké saben djam lan saben menit. Pandoming Urip kang tjetha wéla-wéla⁷⁵ èdi éndah iku, dadi gondèlaning bangsa kita kabèh. Malah bangsa-bangsa ing donja ija akèh kang ora nduwèni pandoming urip. Para sedhulur djadjal⁷⁶ gatèkna⁷⁷ sepisan manèh uniné Naskah⁷⁸ Proklamasi iku: „Aku Bangsa Indonesia klawan iki njatakaké Kamardikané Indonesia. Bab-bab kang ngenani pindhahing panguwasa lan lija-lijané, ditindak-

⁵¹ *asung* (altdjaw.) geben — ⁵² *nglokro* schwanken, sich nicht entscheiden können — ⁵³ *njlèwèng* vom rechten Weg abweichen — ⁵⁴ *maringi*, K.I. darreichen — ⁵⁵ *alat* Instrument — ⁵⁶ *ampuh* zauberkräftig — ⁵⁷ *maudjud* hier: verwirklicht — ⁵⁸ *majangi* rasen; *begdja kemajangan* welch ein Glück! — ⁶⁰ *mentjorong* leuchten — ⁶¹ *hakékat* Wahrheit, Wirklichkeit — ⁶² *wahja* offenbar; *mahjakaké* offenbaren — ⁶³ *baludag* = *bludag* — ⁶⁴ *tumanem* (*tanem*) innewohnen — ⁶⁵ *sanubari* das Innere — ⁶⁶ *nglairaké* gebären — ⁶⁷ *dom* Nadel, Zeiger — *pandom* Kompaß — ⁶⁸ *falsafah* Philosophie — ⁶⁹ *wewadi* Geheimnis — ⁷⁰ *dalasan* mit, durch — ⁷¹ *kandungan* (malaiisch) Gebärmutter, (hier:) leiblich (Kind) — ⁷² *bebuka* Vorspann, Präambel — ⁷³ *undang-undang dasar* (malaiisch) Verfassung — ⁷⁴ *nggondheli* sich an etwas festhalten; *gondhèlan* Halt — ⁷⁵ *wéla-wéla* sehr klar — ⁷⁶ *djadjal* versuchen — ⁷⁷ *nggatèkaké* sich interessieren — ⁷⁸ *naskah* Manuskript

aké klawan saksama⁷⁹ lan ing ndalem wektu kang satjepet-tjepeté⁸⁰. Lan uga djadjal rungokna sepisan manèh Mukadimah⁸¹ Undang-Undang Dasar 1945 :

„Mungguh sedjatiné kamardikan iku dadi haké sakabèhé bangsa, lan merga⁸² saka iku pendjadjahan ing donja kudu disirnakaké⁸³, djalaran wis ora tjotjog⁸⁴ karo kamanungsan⁸⁵ lan kadilan⁸⁶“.

Déné perdjuwangané pagerakan⁸⁷ kamardikan Indonesia wis tekan ing mangsa kang begdja, kanthi slamet santosa⁸⁸, nglantaraké⁸⁹ Rakjat Indonesia marang gapurané⁹⁰ Kamardikaning Nagara Indonesia kang mardika, bersatu⁹¹, berdaulat⁹², adil lan makmur⁹³.

Atas rachmating⁹⁴ Allah Kang Maha Kuwasa⁹⁵, lan merga saka ke-surung⁹⁶ ing dajané pepénginan⁹⁷ kang luhur⁹⁸, supaja nduwèni panguripan kabangsan kang bébas Rakjat Indonesia sarana iki bandjur njatakaké Kamardikané.

Sawisé iku, kanggo mbangun sawidjining Pamaréntahan⁹⁹ Indonesia kang ngajomi¹⁰⁰ sakabèhé bangsa Indonesia lan sakabèhing tanah wutah getih¹⁰¹ Indonesia, lan kanggo ngadjokaké panguripané bangsa, lan mèlu nindakaké tata tentreming¹⁰² donja, kang adedasar¹⁰³ kamardikan katentreman kang langgeng, sarta kadilan sosial, mula bandjur kasungsun¹⁰⁴ Kamardikan Kebangsan Indonesia iku ing ndalem Undang-Undang Dasar Nagara Indonesia ; jaiku susunaning¹⁰⁵ Nagara Republik Indonesia kang berkedaulatan¹⁰⁶ Rakjat adedasar : Ketuhanan¹⁰⁷ Kang Maha Tunggal¹⁰⁸, Kamamungsan kang adil lan susila¹⁰⁹,

⁷⁹ *saksama* genau — ⁸⁰ *tjepet* schnell — ⁸¹ *mukadimah* Vorwort, Präambel — ⁸² *merga* infolge — ⁸³ *njirnakaké (sirna)* ausrotten — ⁸⁴ *tjotjog* übereinstimmen — ⁸⁵ *kamanungsan* Humanität — ⁸⁶ *kadilan* Gerechtigkeit — ⁸⁷ *pagerakan* (malaiisch) Bewegung — ⁸⁸ *santosa* sicher — ⁸⁹ *nglantaraké* geleiten — ⁹⁰ *gapura* Pforte, Portal — ⁹¹ *bersatu* (malaiisch) geeinigt — ⁹² *berdaulat* (malaiisch) souverän — ⁹³ *makmur* im Wohlstand leben — ⁹⁴ *rachmat* Güte (Allahs) — ⁹⁵ *maha kuwasa* allmächtig — ⁹⁶ *njurung (surung)* antreiben, drängen — ⁹⁷ *pepénginan* Wunsch — ⁹⁸ *luhur* erhaben — ⁹⁹ *pamaréntahan* Verwaltung — ¹⁰⁰ *ngajomi* schützen — ¹⁰¹ *wutah* vergießen, verschütten; *tanah wutah getih/tanah wutah rah* Vaterland, Heimatland, Geburtsland — ¹⁰² *tata tentrem* Frieden — ¹⁰³ *adhedhasar* zur Grundlage haben — ¹⁰⁴ *njungsun* aufbauen; aufstapeln — ¹⁰⁵ *susunan* (malaiisch) Gefüge — ¹⁰⁶ *berkedaulatan* (malaiisch) souverän — ¹⁰⁷ *ketuhanan* (malaiisch) Gottesherrschaft — ¹⁰⁸ *Kang Maha Tunggal* der allein lebendige Gott (Allah) — ¹⁰⁹ *susila* moralisch

Persatuan Indonesia, lan Kerakjatan¹¹⁰ kang kapimpin déning hikmah¹¹¹ kawitjaksanaan¹¹² lan permusjawaratan¹¹³/perwakilan¹¹⁴, sarta mudjudaké¹¹⁵ sawidjining kadilan sosial kanggo sakabèhé Rakjat Indonesia. Kaja mengkononé Proklamasi lan putra tunggal kandungan kang arupa Mukadimah Undang-Undang Dasar 1945. Tjetha wéla-wéla, terang tumrawang¹¹⁶! Katon sempurna¹¹⁷ gambaraning Pandomé Urip kita, Falsafahé Urip kita, Wewadining Urip kita, lan Uger-Uger¹¹⁸ ing Urip kita.

¹¹⁰ *kerakjatan* Demokratie, Volksherrschaft — ¹¹¹ *hikmah* Weisheit, Umsicht — ¹¹² *witjaksana* weise — ¹¹³ *permusjawaratan* (arabisch/malaiisch) Beratung — ¹¹⁴ *perwakilan* (arabisch/malaiisch) Vertretung — ¹¹⁵ *mudjudaké* sein, darstellen — ¹¹⁶ *terang tumrawang* strahlend hell — ¹¹⁷ *sempurna* vollständig — ¹¹⁸ *uger-uger* Grundpfeiler

Djawanische Schriftkunde

Silbenschrift und diakritische Zeichen

Die djawanische Schrift ist ein Silbenalphabet, das aus 20 Silbenzeichen besteht, die man „*Aksara legena*“ (nackte Buchstaben) nennt:

𑄂	𑄃	𑄄	𑄅	𑄆	𑄇	𑄈	𑄉	𑄊	𑄋
ha	na	tja	ra	ka	da	ta	sa	wa	la
𑄌	𑄍	𑄎	𑄏	𑄐	𑄑	𑄒	𑄓	𑄔	𑄕
pa	dha	dja	ja	nja	ma	ga	ba	tha	nga ¹

Um die übrigen Vokale und anderen Verbindungen auszudrücken, verwendet das Djawanische die sogenannten „*Sandangan*“ (Bekleidung):









𑄖 (*hulu*), bezeichnet den Vokal i; steht über dem Aksara, also z. B. 𑄃^𑄖 ki.

𑄗 (*suku*), bezeichnet den Vokal u; wird dem Aksara unten angehängt und über die Schreiblinie hinausgezogen, also z. B. 𑄃^𑄗 ku.





















𑄘 (*taling*), bezeichnet die Vokale é und è; wird dem Aksara vorangestellt, also z. B. 𑄘𑄃 ké, kè.

𑄘...𑄚 (*taling-tarung*), bezeichnet den Vokal o; schließt den Aksara ein, also z. B. 𑄘𑄃𑄚 ko.

¹ Die *Aksara legena* ergeben hintereinander gelesen in altdjawanischer Sprache den Merksatz: *Hana tjaraka, data sawala, padha djajanja, maga bathanga* (es waren Abgesandte, sie bekamen Streit, ihre Kräfte waren gleich, sie töteten sich gegenseitig).

- ⌒ (*pepet*), bezeichnet den Vokal e; wird über den Aksara gesetzt, also z. B.  ke.
- (*tjetjak*), bezeichnet das Schluß-ng; wird über den Aksara gesetzt, also z. B.  kang.
- 3 (*wignjan*), bezeichnet das Schluß-h; wird dem Aksara nachgestellt, also z. B.  kah.
- / (*lajar*), bezeichnet das Schluß-r; wird über den Aksara gesetzt, also z. B.  kar.
- ⌒ (*tjakra*), bezeichnet das Verbindungs-r, das einen Aksara legena spaltet, wenn der folgende Vokal kein e ist; wird unter den Aksara gesetzt, also z. B.  kra.
- 2 (*keret*), bezeichnet das Verbindungs-r, das einen Aksara legena spaltet, wenn der folgende Vokal ein e ist; wird unter den Aksara gesetzt, also z. B.  kre.
- ⌒ (*pengkal*), bezeichnet das Verbindungs-j, das einen Aksara legena spaltet, wird hinter den Aksara gesetzt, also z. B.  kja.
- ⌒ (*patèn, pangkon*), gibt an, daß ein Aksara entvokalisiert wird, wird dem Aksara nachgestellt, also z. B.  k.

Die *Aksara legena* werden nur verwendet, wenn vokalhaltige Silben bezeichnet werden sollen. Stoßen im Text Konsonanten aufeinander, so verwendet man eine zweite Form des Alphabets, ebenfalls aus 20 Zeichen bestehend, das sogenannte „*Pasangan*“ (Schmuck), das den Aksara legena nachgestellt oder darunter gesetzt wird:











									
ha	na	tja	ra	ka	da	ta	sa	wa	la
									
pa	dha	dja	ja	nja	ma	ga	ba	tha	nga

Der Strich steht als Symbol für den *Aksara legena*.






Die Verbindungen *re* und *le* werden durch zwei gesonderte Silbenzeichen dargestellt:

 re  le

Zahlen werden folgendermaßen dargestellt:




									
0	1	2	3	4	5	6	7	8	9

Alleinstehende Vokale werden folgendermaßen dargestellt:

 a  e  i  o  u

Die djawanische Schrift teilt die Wortgrenzen nicht ab, sondern setzt die Silbenzeichen ohne Unterbrechung hintereinander.

Die Interpunktionszeichen

- I (*pada lingsa*) trennt vollständige Sätze voneinander;
- II (*uger-uger*) setzt man zu Beginn einer ganzen Abhandlung oder eines Schriftstücks;
-  (*pada luhur*) setzt man zu Beginn von Briefen, deren Empfänger eine hochstehende Persönlichkeit ist;
-  (*pada madya*) setzt man zu Beginn von Briefen, deren Empfänger den gleichen Rang wie der Absender hat;
-  (*pada andap*) setzt ein sozial Niedrigstehender zu Beginn eines Briefes, der an einen sozial Höhergestellten gerichtet ist.

Es folgt ein moderner djawanischer Text in djawanischer Silbenschrift und in djawanischem Lateinalphabet.

Pepanggihan ingkang boten kanjana-njana

Katjarijos ing salèripun peken Pédan, bawah Kabupatèn ing Klatèn, Surakarta, wonten setunggaling grija alit katingalipun nengsemaken, awit saking besus saha sagedipun ingkang ngenggèni, ing plataran tuwin pakebonan kanan-kéringipun grija dipun saponi resik gumrin-ing, adamel resepipun ingkang ningali — Grija wau madjeng mangidul mangku margi alit, ing sawétanipun grija wonten witipun tandjung ngrembung, ing sangandapipun dipun tatani médja saha kursi taman kanggé lelelgahan ing wantji sonten. Déné ingkang manggèn ing grija wau salah setunggaling punggawa pabrik gendis ingriku, nama Radèn Wandawijata.

Kinten-kinten wantji djam 5 sonten ing sangandapipun wit tandjung wau katingal wonten nènèman djaler umur-umuran 25 taun linggih ing kursi madjeng mangidul kalijan maos serat kabar. Manawi nitik panganggé saha polatanipun, katingal manawi mentas sakit. Dedeg-pangadegipun dépah, pakulitan djené, rambut tjemeng ngandan-andan, irung mbangir, ing pipi sisih kiwa wonten andeng-andengipun, ndjalari indaking bagusipun. Panganggènipun: sarung batik lèrèng wedalan Sala, pijama lorèk biru tuwin nganggé ubel-ubel gulu, djalaran mentas sakit mila guwajanipun taksih katingal putjet.

Nènèman wau nama Radèn Sudjadi, wedalan Pamulangan Tjalon Prijantun, keleres kepénakanipun Radèn Wandawijata, ing kala punika sampun dados Mantri Kawedanan ugi ing kiya ngriku. Déné anggènipun wonten ing Pédan dèrèng dangu, saweg wetawis kawan wulanan.

Ing wekdal punika Radèn Sudjadi saweg linggih kalijan manah-manah bab wigatos, ketitik saking linggihipun boten djendjem, sekedap-sekedap njèlèhaken serat kabar ing médja ladjeng ngadeg, mlampah-mlampah sekedap, ladjeng wangsul linggih malih, wongsal-wangsul tansah makaten kémawon.

Pantjèn inggih leres ing wekdal punika R. Sudjadi nudju prihatos saha peteng manahipun, inggih bab punika ingkang ndjalari sakit bentèr, sampun gangsal dinten, ngantos boten saged njambut-damel. Nanging ing dinten wau rumaos radi suda sakitipun.

Sedjatosipun ingkang ndjalari damel ruweting manahipun, ing batos R. Sudjadi kepéngin abalé-grija kados limrahing ngagesang, nijatipun

badé ngangkah salah setunggaling wanita ugi ing panggènan ngriku, nanging kepeksa kandeg, djalaran wanita ingkang dipun kadjengaken punika anakipun sudagar tjekap, utawi malih miturut wartos ingkang dipun mirengi saking tangga-tepalih, tijang-sepuhipun laré èstri wau boten badé ngémah-émahaken anakipun manawi boten angsal anaking sudagar ingkang ketjekapanipun sami kalijan pijambakipun. Boten kadosa R. Sudjadi anggèning ambudidaja supados saged tetepangan kalijan wanita wau, ananging dumugi ing wekdal wau dèrèng kalek sanan.

(Aus dem Roman „O, anaku“ von TH. SUBOTO, Djakarta 1952)

GERHARD KAHLO

Grundriß der indonesischen Sprache

131 Seiten · Format: 14,7 × 21,5 cm · Broschur 16,— MDN

Dieses für den einführenden Unterricht an Hochschulen und Volkshochschulen sowie zum Selbstunterricht bestimmte Lehrbuch erscheint als eine wesentlich erweiterte Fassung an Stelle des bisherigen Grundrisses der malayischen und indonesischen Sprache des gleichen Verfassers.

Der Grundriß enthält eine Spachlehre mit indonesischen und deutschen Übungsstücken sowie 20 Lesestücke mit indonesisch-deutschem Glossar.

GERHARD KAHLO UND ROSEMARIE BÄRWINKEL

Indonesisch-deutsches Wörterbuch

510 Seiten · Format: 12 × 19 cm · Lederin 38,— MDN

Das Wörterbuch enthält etwa 27000 Stichwörter, die allen Bereichen des täglichen Lebens, der Wirtschaft, Wissenschaft und Technik entnommen sind. Um die Benutzung zu erleichtern, sind präfigierte Formen unabhängig von den unter dem Stamm gebrachten Stichwörtern in alphabetischer Folge als besondere Stichwörter aufgeführt.

VEB VERLAG ENZYKLOPÄDIE · LEIPZIG